**Қ. ПАХРАТДИНОВ, Д. ЕРЖАНОВА**

# ҚАРАҚАЛПАҚ АДАМ АТЛАРЫНЫҢ ТҮСИНДИРМЕ СӨЗЛИГИ

НӨКИС
«QARAQALPAQSTAN»
2022

УДК: 81′373.231(=512.121)
ББК: 81.2 Қар
П 45

**Пахратдинов Қ., Ержанова Д.**
Қарақалпақ адам атларының түсиндирме сөзлиги. [Текст] — Нөкис, «Qaraqalpaqstan», 2022. 108 бет.

Бул китапта  қарақалпақ адам атларының қойылыў себеплерине (мәнилерине) түсиник берилген. Китап ата-аналарға перзентлери ушын өзлерине мақул болған исмлерди таңлап алыўға, сондай-ақ хәр бир адам өз исминиң қойылыў себебин (мәнисин) билип алыў ушын да жәрдем береди.

ISBN 978-9943-8609-2-6

**© «Qaraqalpaqstan» баспасы, 2022.**
**© Пахратдинов Қ., Ержанова Д, 2022.**

# АЛҒЫ СӨЗ

Адам атлары – халық тарийхының бир бөлеги. Адам атларында халықтың турмысы, әрман-тилеклери, арзыў-қыяллары, исенимлери, көркем дөретпелери, басқа халықлар менен тарийхый қатнасықлары сәўлеленеди. Сол себепли көп ғана адам атларында белгили бир дәўирдиң излери сақланған. Ҳәр бир дәўирдиң исм қойыў дәстүрлери ҳәм түсиниклери бар. Соған көре ҳәр бир дәўирге сәйкес исмлер пайда болады. Бундай исмлердиң көпшилиги кейинги әўладлар ушын меншикли атама сыпатында хызмет етеди.

Бул китаптың тийкарғы мақсети – қарақалпақ адам атларының қойылыў себеплерин (мәнисин) түсиндирип бериў.[1] Қарақалпақ адам атларының қойылыў себеплери (мәнилери) сөзликти дүзиўшилерге белгили болған мағлыўматлар бойынша түсиндирилди. Қойылыў себеби, яғный мәниси ҳәзирше белгисиз айырым исмлер дизимге киргизилмеди.

Еркек ҳәм ҳаял адамлардың исмлери бөлек ажыратылмай, бир дизимде алфавит тәртибинде орналастырылды.

Китап авторларының берген мағлыўматларында айырым кемшиликлер, жетиспеўшиликлер болыўы мүмкин. Сонлықтан, бул сөзликти дүзиўшилер сөзликтиң сапасын және де жақсылаў ҳәм толықтырыў ушын жәрдем беретуғын пикир ҳәм усынысларды миннетдаршылық пенен қабыл алады.

---

[1] Қарақалпақ адам атлары ҳаққында және қараңыз: Список мужских и женских имён. // Каракалпакско-русский словарь. М., 1958, 772–779-бетлер; Жеке адам атлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1973; Адам атларының қысқаша сөзлиги. // Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлиги. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 355–385-бетлер; *Доспанов О., Қәлендеров М., Доспанова Е., Қәлендерова Г.* Қарақалпақ исимлери. Нөкис, «Билим», 1994; *Шәмшетов Ж.* Исмиңиздиң мәнисин билесиз бе? Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997; *Сайымбетов О.* Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары. Нөкис, «Билим», 2000; *Әлниязова Г.* Қарақалпақ исмлери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2003; *Доспанов О., Доспанова Д.* Исмиңиздиң сыры неде? Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009; *Сайымбетов О., Доспанов О., Сайымбетова Н.* Қарақалпақ әдебияты классик шайырлары шығармалары тилиндеги антропонимлер сөзлиги. Нөкис, «Билим», 2013; *Әбдиназимов Ш., Даниярова З.* Қарақалпақ фольклорындағы адам атлары. Нөкис, 2016; Қарақалпақша адам атлары (қысқаша сөзлиги). Нөкис, «Билим», 2019; *Пахратдинов Қ., Өтемисов А.* Қарақалпақ адам атлары сөзлиги. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2021.

## A

**Абадан** — 1) узақ ҳәм абадан өмир кеширсин деп қойылған исм; 2) елимиз тыныш ҳәм абадан болсын деп қойылған исм.

**Абат, Абатбай** — 1) узақ ҳәм абат өмир көрсин деп қойылған исмлер; 2) елимиз абат ҳәм бай болсын деп қойылған исмлер; 3) 2013 - жыл — Абат турмыс жылы туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Абатбек** — өмири узақ болсын, аман жүрсин деп қойылған исм.

**Абатгүл** — 1) өмири абат болсын, узақ жасасын деп қойылған исм; 2) ата-анасы Абатжаптың бойында жасаған, соған байланыслы қойылған исм.

**Абатжан, Абатнияз** – өмири узақ ҳәм абат болсын деп қойылған исмлер.

**Аббаз** — 1) дәўжүрек, мәрт жигит болсын деп қойылған исм; 2) Қарақалпақстан халық шайыры, Өзбекстан халық жыршысы Аббаз Дабыловтай (1898 — 1970) атақлы инсан болсын деп қойылған исм; 3) қабағын үйип туўылғаны ушын қойылған исм.

**Августа** – августта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Ағабек** — адамларға ағалық етип жүрсин, абырайлы, ҳүрметли инсан болсын деп қойылған исм.

**Ағзаматдин** – мәртебели, абырайлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Ажарбийке, Ажаргүл, Ажархан** — сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Азада, Азадахан** – кеўили ҳақ, әдепли, тазалықлы ҳәм гөззал қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Азамат** — 1) мәрт ҳәм батыр жигит болсын деп қойылған исм; 2) ел-халық ушын хызмет ететуғын ҳақыйқый жигит болсын деп қойылған исм; 3) үйимиздиң азаматы болып жүрсин деп қойылған исм.

**Азат** – 1) азат ҳәм еркин адам болып жүрсин деп қойылған исм; 2) 9 - Май – Жеңис күни байрамында туўылғаны ушын қойылған исм; 3) 1991 - жылы Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлик алған жылы туўылғаны ушын қойылған исм.

**Азатбай** — 1) еркин ҳәм бахытлы инсан болсын деп қойылған исм; 2) әжағасы тюрьмадан тезирек қутылып келсин, азат болсын деп қойылған исм.

**Азатбек** — 1) азат ҳәм еркин турмыс кеширсин деп қойылған исм; 2) 1965 - жылғы холерадан азат болып, саў-саламат туўылғаны ушын қойылған исм.

**Азатгүл** — еркин ҳәм бахытлы турмыс кеширсин деп қойылған исм.

**Азима** – қыста (рус тилинде *зима*) туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айарыў** – айдай сулыў, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айбадан** – сулыў, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айбазар** — базар күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айбану** — сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Айбат, Айбатбай, Айбатбек** — ғайратлы, айбатлы, мәрт ҳәм батыр жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Айбәҳәр** — бәҳәрде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айбек** — 1) беклердей саўлатлы, абырайлы, мәртебели инсан болсын деп қойылған исм; 2) Өзбекстан халық жазыўшысы Айбектей (Муса Ташмухаммедов, 1905 — 1968) атақлы инсан болсын деп қойылған исм; 3) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айберген** − 1) «жақсы, сулыў етип берди» деген мәниде қойылған исм; 2) түнде ай шыққан пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) көп қыздан кейин туўылған балаға қойылған исм.

**Айбийби** — сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Айбийке** — сулыў ҳәм жақсы үй бийкеси болсын деп қойылған исм.

**Айбосын, Айболсын** — сулыў жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Айгөззал** − айдай шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айгүл** — 1) айдай сәўлели, гүлдей гөззал қыз болсын деп қойылған исм; 2) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, шайыр ҳәм драматург Жолмырза Аймырзаевтың (1910 — 1996) «Айгүл — Абат» пьесасындағы Айгүлдей қыз болсын деп қойылған исм; 3) усы қыздан кейингиси ул бала болсын, Абат болсын деп қойылған исм; 4) ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айгүлжан** − айдай сулыў ҳәм жандай әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Айгүмис** — айдай шырайлы ҳәм гүмистей қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Айдагүл** − айдай ҳәм гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айдай, Айдайгүл, Айдайхан** — айдай сулыў, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Айдана** — 1) шырайлы ҳәм ақыллы, дана қыз болсын деп қойылған исм; 2) шаңарақта жалғыз (бир дана) қыз болғаны ушын қойылған исм.

**Айдангүл** — 1) айдан да жарық ҳәм сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) түнде ай шығып турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айдарбек** − «айдар қояман» деп атасы нийет етип қойған исм.

**Айдәўлет** — шырайлы ҳәм дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм.

**Айдос** − 1) ата-анасына жолдас, ес болып жүрсин деп қойылған исм; 2) өмири айдай жақты болсын деп қойылған исм; 3) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм; 4) Айдос бийге (1754 — 1827) уқсаған ўатан сүйгиш, елге хызмет ететуғын инсан болсын деп қойылған исм; 5) дослары, жолдаслары көп болсын деп қойылған исм; 6) айдың досты болсын, космонавт болсын деп қойылған исм.

**Айдосбай, Айдосбек** — 1) ата-анасына жолдас, ес болып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) Айдос бийдей (1754 — 1827) елине, халқына хызмет ететуғын инсан болсын деп қойылған исмлер; 3) дослары, жолдаслары көп болсын деп қойылған исмлер.

**Айдосбий** – Айдос бийдей (1754 – 1827) елге, халыққа хызметететуғын үлкен адам болсын деп қойылған исм.

**Айдынай, Айдынгүл** — 1) түнде ай шығып турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) келешек өмири ай сыяқлы жарқын, нурлы болсын деп қойылған исмлер; 3) жолы айдын, нурлы болсын деп қойылған исмлер.

**Айдынбай, Айдынбек** – келешеги айдын, жарқын болсын деп қойылған исмлер.

**Айжамал** — 1) ай сыяқлы жүзи жарқырап жүрсин, шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айжан, Айжана** — 1) сулыў ҳәм жандай әзийз, қәдирли қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Айжарқын** – жүзи айдай жарқын, сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Айжарық** – түнде ай шығып турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айжәмийла** — айдай шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айжәҳән** – жәҳәнге белгили гөззал қыз болсын деп қойылған исм.

**Айжулдыз** – ай ҳәм жулдызлардай жарқырап жүрсин деп қойылған исм.

**Айзада** — 1) шырайлы ҳәм азада қыз болсын деп қойылған исм; 2) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм; 3) маңлайында айға уқсаған шандығы менен туўылғаны ушын қойылған исм; 4) айдан да зияда болсын деп қойылған исм.

**Айзере** – айдай сулыў, алтындай (зердей) қәдирли ҳәм мәртебели қыз болсын деп қойылған исм.

**Айзийба** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айзийра** – 1) ай шыққан күни туўылғаны ушын қойылған исм; 2) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айзия** – 1) айдан да зыят сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) зыялы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айқумар** – қыз балаға интизар, қумар болып жүргенде туўылған қызға қойылған исм.

**Айқуўат** – ата-анасының күш-қуўаты болып жүрсин деп қойылған исм.

**Айқыз** – айдай сулыў, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айқымбат** – қәдирли, қымбатлы, ардақлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айларгүл** – айлары жетпей туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айлуна** – ай (рус тилинде *луна*) шыққан пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айман, Айманг**ү**л** — кеўили таза, пәк, аймандай қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Аймарал** – маралдай гөззал, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Аймәлийка** – айдай шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Аймекен** – айдай сулыў, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Аймереке** — 1) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм; 2) үйинде той болған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Аймурат** — 1) айдай жигит болсын, келешекте мурат-мақсетине жетип жүрсин деп қойылған исм; 2) өмири ай сыяқлы жақты болсын деп қойылған исм; 3) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм; 4) 12-Апрель – космонавтлар күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Аймырза** — 1) мырзалық етип жүрсин, ел басқарсын деп қойылған исм; 2) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, шайыр ҳәм драматург Жолмырза Аймырзаевтай (1910 — 1996) белгили инсан болсын деп қойылған исм.

**Айна, Айнагүл, Айнажамал, Айнахан** — 1) айнадай жарқырап жүрсин, шырайлы ҳәм ҳадал, пәк, таза қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) түнде ай шығып турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Айназар** – 1) айдың нуры түсип турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 2) айдың нәзери жаўсын деп қойылған исм; 3) сулыў жигит болсын деп қойылған исм.

**Айнияз** – айдың нуры түсип турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айнур** – 1) айдың нурындай жүзи жарқын болып жүрсин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) айдың нуры түсип турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) свет өшип қалып, айдың жақтысында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айнура** — 1) жүзи айдың нурындай жарқын болып жүрсин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) айдың нуры түсип турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айпара** — ай сыяқлы сулыў ҳәм айрықша қыз болсын деп қойылған исм.

**Айпарша** — 1) айдай сулыў ҳәм мүлайым қыз болсын деп қойылған исм; 2) айдың нуры түсип турған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айпаршын** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айпатша, Айпашша** – шырайлы, мәртебели, абырайлы ҳәм қәдирли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Айперде** – пердели болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айпери** — перилердей сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Айполат** – полаттай беккем, мықлы, қарыўлы ҳәм шыдамлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Айсапар** – сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айсара** — 1) шырайлы қыз болсын, қызлардың жақсысы, ағласы болып жүрсин деп қойылған исм; 2) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм; 3) сары қыз болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айсәнем** – 1) айдай шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айсәўле** — 1) айдың сәўлеси түсип турған пайытта туўылғаны ушын

қойылған исм; 2) жүзи айдың сәўлесиндей жарқын, сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 3) өмири айдың сәўлесиндей тынық, бахытлы болсын деп қойылған исм; 4) айдың сәўлесиндей нур шашып жүрсин деп қойылған исм.

**Айсен** – айдай сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Айсултан** — 1) усы қыздан кейингиси ул бала болсын деген нийет пенен қойылған исм; 2) қызлардың ағласы, ханым болып жүрсин деп қойылған исм; 3) айдай шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айсулыў** — 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) айдың нуры түсип турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айтбай** — 1) ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм; 2) айтеке урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм.

**Айтбек** — 1) ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм; 2) айтқан сөзин орынлата алатуғын басшы болсын деп қойылған исм.

**Айтбийке, Айтгүл** — ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Айтенбай** – ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айтжан** — ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айтилеў** – ул балаға мүтәж болып жүргенде көрген балаға қойылған исм.

**Айтилла** – айдай сулыў, алтындай қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Айтмәмбет** – ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айтмурат** — ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айтназар** — ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айтнияз** — ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айтолған** — ай толысып турған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айтөре** — төрелик етип жүрсин, ҳүрметли, абырайлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Айтумар** – ата-анасының тумары болып жүрсин деп қойылған исм.

**Айтуўар, Айтуўған** – ай шыққан пайытта туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Айтымбет** – 1) ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм; 2) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айхан, Айханша, Айханым** — 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Айша, Айшабийби, Айшабийке, Айшагүл, Айшахан** – 1) Мухаммед пайғамбардың ҳаялындай мәртебели қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) айдай сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Айшекер** – айдай сулыў, шекердей шийрин, сүйкимли, қәдирли қыз болсын деп қойылған исм.

**Айшолпан** — 1) ай ҳәм Шолпан жулдызындай жарқырап, нурлы болсын деп қойылған исм; 2) ай шығып, таң жулдызы көринип турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айшынар** – шынар теректей көп жасасын, узын бойлы, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айым, Айымбийби, Айымбийке** — айдай сулыў қыз болсын қойылған исмлер.

**Айымбет** — айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айымгүл** — айдай сулыў, гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Айымжамал, Айымсулыў** – айдай шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Айымжан** – 1) айдай сулыў, жандай әзийз қыз болсын деп қойылған исм; 2) айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Айымпатша, Айымпашша** – шырайлы ҳәм мәртебели қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Айымхан** — 1) ай жүзли шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) СССР халық артисти, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Айымхан Шамуратовадай (1917 — 1993) атақлы инсан болсын деген нийетте қойылған исм.

**Ақбийби, Ақбийке, Ақгүл, Аққыз** — ақ жүзли шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Ақгүмис** – шырайлы ҳәм гүмистей қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Ақдәўлет** – шырайлы ҳәм ырысқы-несийбели, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм.

**Ақжан** – ақ кеўил, ҳадал, таза инсан болсын деп қойылған исм.

**Ақзийра** – аппақ шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ақлыйма** – ақыллы, если, зейинли қыз болсын деп қойылған исм.

**Ақмарал** – маралдай сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Ақмаржан** – маржандай қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Ақназар** – 1) Алланың нәзери, меҳири түсип, бизге перзент берди деп қойылған исм; 2) Алланың (Ҳақтың) нәзери, меҳири түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Ақполат** – полаттай беккем, мықлы, қарыўлы, шыдамлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Ақсәўле** – жүзи айдың нуры сияқлы жарқын болып жүрсин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ақсулыў** – ақ жүзли шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ақсыңгүл** — 1) кеўили ҳақ, гүлдей сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) өмир жолы ақ, суўдай тынық болсын деп қойылған исм; 3) қарақалпақ халық шайыры Жаңабай Қаратай улының (1890 — 1926) «Ақсүңгүл» атлы қосығына байланыслы қойылған исм; 4) қазаяқлы урыўының қызы болғаны ушын қойылған исм; 5) урыўы қазаяқлы дайылары тәрепинен қойылған исм.

**Ақшабийке** — 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) ақшасы көп, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм; 3) ақша қар жаўған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Ақшагүл** — 1) аппақ шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) ақша

қар жаўып турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) қалтасы бәрқулла ақшаға толы болып жүрсин, бай, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм; 4) усы қыз туўылған күни биреў айнаның алдына гүл менен ақша қойып кеткени ушын қойылған исм; 5) кемпир апасы ақшагүлди жақсы көргени ушын қойылған исм.

**Ақшолпан** — шырайлы қыз болсын, таң жулдызы Шолпандай жарқырап жүрсин деп қойылған исм.

**Ақылай, Ақылбийке** — ақыллы, если, саналы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Ақылбай, Ақылбек, Ақылберген, Ақылжан** — ақыллы, билимли, зейинли бала болсын деп қойылған исмлер.

**Аллабай, Аллабек, Алламбай, Алламбек** — «Алла бизге ул перзент берди» деп қойылған исмлер.

**Аллаберген, Аллаберди, Алламберген, Алламберди** — «Алла бизге перзент берди» деп қойылған исмлер.

**Аллақуўат** – Алла бизге перзент инам етти, қуўат берди деп қойылған исм.

**Алламатдин** – Алла бизге перзент берди, инам етти деп қойылған исм.

**Алламжар** — «Алла жарылқап, бизге перзент берди» деп қойылған исм.

**Алламурат** – 1) «Алланың өзи мурат-мақсетимизге жеткерди» деп қойылған исм; 2) Алланың өзи баланы мурат-мақсетине жеткерсин деп қойылған исм.

**Алланазар** — 1) «Алланың нәзери, меҳири түсип, бизге перзент берди» деп қойылған исм; 2) «Алланың нәзери, меҳири түсип, қоллап жүрсин» деген тилек пенен қойылған исм.

**Алланияз** – 1) «Алладан тиленип, соранып алған бала» деген мәниде қойылған исм; 2) Алла яр болсын деп қойылған исм; 3) Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан халық муғаллими Алланияз Өтениязовтай (1937 – 2006) мийнеткеш адам болсын деп қойылған исм.

**Аллашүкир** – усы баланы бергени, инам еткени ушын Аллаға шүкирлик етемиз деп қойылған исм.

**Аллаяр** — 1) Алла қоллап, яр болып жүрсин деген тилек пенен қойылған исм; 2) мәмлекетлик ғайраткер Аллаяр Досназаровтай (1896 – 1937) елге белгили инсан болсын деген тилекте қойылған исм; 3) «Алла яр болды, аман жаным қалды», — деп анасы қойған исм.

**Аллаяркелди** – Алла яр болып, ул бала туўылды деп қойылған исм.

**Алмабийке** — 1) алма тереклери гүллеп атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 2) алманың гүлиндей сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 3) алмалар писken ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм; 4) алмадай сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Алмагүл** — 1) алманың гүлиндей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) алма тереклери гүллеген пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) алмалар пискен ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм; 4) «қызымды алма, тийме, өлмесин, жасасын» деп қойылған исм; 5) анасы усы қызға еки

қабат ўақтында алмаға жерик болғаны ушын қойылған исм; 6) Алма - Ата қаласында туўылғаны ушын қойылған исм; 7) атасы Алма – Атада сапарда жүргенде туўылған қызға қойылған исм.

**Алмағанбет** – Аллам маған перзент берди, инам етти деп қойылған исм.

**Алмаз** – алмаздай беккем ҳәм қымбатлы болсын деп қойылған исм.

**Алмасбай, Алмасбек** – сөзлери алмастай кескир, өткир ҳәм беккем жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Алмахан** — 1) алма тереклери гүллеген пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 2) анасы усы қызға еки қабат ўақтында алмаға жерик болғаны ушын қойылған исм; 3) атасының алма бағы болғаны ушын қойылған исм; 4) алмаға уқсаған жумалақ сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 5) алмахандай (тыйындай) сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 6) алмаханның (тыйынның) тисиндей өткир ҳәм беккем қыз болсын деп қойылған исм.

**Алпамыс** — 1) «Алпамыс» дәстанындағы Алпамыстай батыр, дәўжүрек, елге белгили жигит болсын деп қойылған исм; 2) ири болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Алпысбай** — 1) әкеси алпыс жасқа шыққанда туўылған балаға қойылған исм; 2) атасы алпыс жасқа шыққанда туўылған балаға қойылған исм; 3) кемпир апасы алпыс жасқа шыққанда туўылған балаға қойылған исм; 4) жасы алпыстан өтсин деген тилек пенен қойылған исм; 5) 1960-жылы туўылғаны ушын қойылған исм.

**Алтыбай** — қолы ямаса аяғындағы бармақлары алтаў болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Алтын** – алтындай қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Алтынай** — 1) алтындай қәдирли, әзийз ҳәм айдай сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) бай-дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм; 3) сары қыз болып туўылғаны ушын қойылған исм; 4) гүзде туўылғаны ушын қойылған исм; 5) алтындай салмақлы ҳәм сымбатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Алтынбай, Алтынбек** — алтындай қәдирли, әзийз адам болсын деп қойылған исмлер.

**Алтынбийби, Алтынбийке** — алтындай қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Алтынгүл** — 1) алтындай қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм; 2) гүзде туўылғаны ушын қойылған исм; 3) гүзде пахта планы орынланып атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 4) анасы алтын жүзик, алтын сырға сыяқлы затларға ҳәўес болғаны ушын қойылған исм; 5) Қанлыкөл районындағы Алтынкөл деген жерде туўылғаны ушын қойылған исм; 6) өмири алтындай жалтырап, жарқырап жүрсин деп қойылған исм; 7) сары қыз болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Алтыншаш** – шашлары сары болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Алфия** – 1) өмири узақ болсын деп қойылған исм; 2) Альп таўларындай мәртебеси бийик қыз болсын деп қойылған исм.

**Алымбай, Алымбек, Алымжан** – илимпаз, билимли адам болсын деп қойылған исмлер.

**Альберт** – физик Альберт Эйнштейндей (1879 – 1955) атақлы адам болсын деп қойылған исм.

**Аман, Аманбай** — 1) аман жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исмлер; 2) «ошақ басымызда аманлық болғай» деген тилек пенен қойылған исмлер; 3) «бала аман-есен туўылды» деп қойылған исмлер; 4) әжағасы армиядан аман-есен келсин деп қойылған исмлер; 5) әжағасы тюрьмадан аман келсин деген нийет пенен қойылған исмлер.

**Аманбек** — аман жүрсин, узақ өмир көрсин деп қойылған исм.

**Аманбийби, Аманбийке** — аман жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исмлер.

**Амангелди** — 1) «бала аман-есен туўылды» деп қойылған исм; 2) «денлери саў болсын, аман жүрсин» деген тилек пенен қойылған исм; 3) әкеси сапардан аман-есен қайтсын деп қойылған исм; 4) әкеси сапардан келген күнлери туўылған балаға қойылған исм; 5) әжағасы армиядан келген күнлери туўылған балаға қойылған исм; 6) әжағасы армияға аман барып келсин деп қойылған исм; 7) қарақалпақ әдебиятының классиги Бердақтың (1827 – 1900) «Амангелди» шығармасындағы Амангелдидей мәрт, батыр болсын деп қойылған исм; 8) анасы қыдырып барған жерине аман-есен жетип босанғаны ушын қойылған исм; 9) әкеси тюрьмадан аман келсин деп қойылған исм; 10) әкеси армияға кеткенде туўылған, «аман келсин» деп қойылған исм.

**Амангүл** — 1) аман жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исм; 2) «усы қыз шаңарағымызға аманлық алып келгей» деп қойылған исм; 3) алдынғы перзентлери қайтыс бола бергени ушын, «мына қызым аман қалсын» деп қойылған исм; 4) әкеси армиядан аман келсин деп қойылған исм; 5) әжағасы армиядан аман-есен келсин деп қойылған исм; 6) Социалистлик мийнеттиң қаҳарманы Амангүл Сапарбаевадай (1925 – 1992) мийнеткеш инсан болсын деп қойылған исм.

**Аманжан, Аманқул, Аманлепес** – жаны аман болсын, узақ өмир көрсин деп қойылған исмлер.

**Аманжол** – 1) жолы ашық ҳәм таза болсын, аман жүрсин деген тилек пенен қойылған исм; 2) анасы жолда баратырып босанғаны ушын қойылған исм.

**Аманлық** — 1) аман жүрсин, өмир жасы узақ болсын деп қойылған исм; 2) ендиги жағы аманлық болғай, қыйыншылық көрмегеймиз деп қойылған исм; 3) шаңарағымызға аманлық алып келсин деп қойылған исм.

**Аманнияз** — аман жүрсин, узақ өмир көрсин деп қойылған исм.

**Амантай** – 1) аман жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исм; 2) аман-есен туўылғаны ушын қойылған исм.

**Амантур** – турсын, жасасын деп қойылған исм.

**Анар** – 1) денесинде қызыл қал болғаны ушын қойылған исм; 2) жүзи қызарып туўылғаны ушын қойылған исм; 3) өмири анардың суўындай мазалы болсын, анардың дәнесиндей өнип-өссин деп қойылған исм.

**Анара** – 1) денесиниң бир жеринде қызыл қал болғаны ушын қойылған исм; 2) анардың миййўесиндей өзинен көбейсин деп қойылған исм.

**Анарбиийби, Анарбиийке, Анаржан** – 1) денесинде қызыл қал болғаны ушын қойылған исмлер; 2) анардың дәнелериндей өнип-өссин деп қойылған исмлер.

**Анаргүл** — 1) анардың гүлиндей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) анарға уқсаған сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 3) анар тереклери гүллеп атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 4) денесинде қызыл қал менен туўылғаны ушын қойылған исм; 5) анасы усы қызға еки қабат ўақтында анардың суўына жерик болғаны ушын қойылған исм; 6) анасы анарды жақсы көретуғын болғаны ушын қойылған исм.

**Анарсулыў** – анарға уқсаған шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Анархан** — 1) анардың гүлиндей сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) денесиниң бир жеринде қызыл қал менен туўылғаны ушын қойылған исм.

**Андыбай** – Ан-2 (русша *Ан-два*) самолётында баратырып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Анна** – анна урыўының қызы болғаны ушын қойылған исм.

**Аннабай** – анна урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм.

**Аннақул** – жума күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Аңсатбай, Аңсатбек** — 1) қыйыншылықсыз аңсат ғана туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) өмиринде өз орнын аңсат таўып жүрсин, өмир жолы аңсат болсын деп қойылған исмлер; 3) биринши перзент болғаны ушын, «өмир жолымыз аңсат болсын» деп қойылған исмлер; 4) бала қыйыншылық пенен туўылғаны ушын, «кейинги өмири енди аңсат болсын» деп қойылған исмлер; 5) мүшкили аңсат, миййнети жеңил болсын деп қойылған исмлер; 6) өмири аңсат кешсин, қыйыншылық көрмесин деп қойылған исмлер.

**Аралбай** — 1) Мойнақта туўылғаны ушын қойылған исм; 2) Арал теңизиндей тасып, дәўлетли адам болсын деп қойылған исм; 3) кеўили теңиздей кең болсын деп қойылған исм; 4) аралбай урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм; 5) Мойнақ районындағы Арал аўылында туўылғаны ушын қойылған исм; 6) Арал теңизи толсын деген нийет пенен қойылған исм.

**Арапат, Арапатдин** – Арапат таўындай бийик мәртебели жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Арзайым** — 1) арзыйтуғын, мүнәсип, ылайық қыз болсын деп қойылған исм; 2) қыз баланың туўылыўын көп жыл аңсап күткени ушын қойылған исм; 3) ар-намыслы, ҳүжданлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Арзыбай, Арзыбек** — 1) ул баланы арзыў-әрман етип жүргенде туўылған балаға қойылған исмлер; 2) арзыйтуғын, мүнәсип, ылайық адам болсын деп қойылған исмлер.

**Арзыбиййби, Арзыбиййке** — 1) қызды қатты аңсап, арзыў етип жүргенде

туўылған қызға қойылған исмлер; 2) арзыў-үмитлери әмелге асып жүргей деп қойылған исмлер; 3) арзыйтуғын, мүнәсип, ылайық қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Арзыгүл** — 1) қызды арзыў (үмит) етип жүргенде туўылған қызға қойылған исм; 2) арзыў-үмитлери орынланып жүрсин деп қойылған исм; 3) арзыйтуғын, мүнәсип, ылайық қыз болсын деп қойылған исм; 4) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Арзыгүл Атамуратовадай (1923 – 2016) атақлы қосықшы болсын деп қойылған исм.

**Арзымәмбет, Арзымбет** – ул баланы арзыў-әрман етип жүргенде туўылған балаға қойылған исмлер.

**Арзымурат** – арзыў-әрманымыз орынланды деп қойылған исм.

**Арзыўайым** – арзыў-әрман етип жүргенде туўылған қызға қойылған исм.

**Арзыўбай, Арзыўбек** — 1) арзыўымызға жеттик деп қойылған исмлер; 2) ойлаған арзыў-әрманларына ерисип жүрсин деп қойылған исмлер.

**Арзыўхан** – 1) қызды арзыў-әрман етип жүргенде туўылған қызға қойылған исм; 2) усы қыздан кейингиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Арзыхан** – 1) узақ жылдан кейин перзентли болғаны ушын қойылған исм; 2) арзыйтуғын перзент болсын деп қойылған исм.

**Артықбай** — 1) ҳәмме нәрсеси артық болып жүрсин, қатарынан кем болмасын деп қойылған исм; 2) денесинде қандай да бир артықша белги менен туўылғаны ушын қойылған исм; 3) усы баладан кейин қыз туўылсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Артықбийке, Артықгүл** – 1) несийбеси кем болмасын деп қойылған исмлер; 2) денесиниң бир жеринде қандай да артықша белги менен туўылғаны ушын қойылған исмлер; 3) қызлар жетерли болды, ендигиси ул бала болсын деген тилек пенен қойылған исмлер.

**Арыслан, Арысланбай, Арысланбек** — 1) арыслandай айбатлы, жүрекли, күшли жигит болсын деп қойылған исмлер; 2) Барыс жылы туўылғаны ушын қойылған исмлер; 3) «Қырық қыз» дәстанындағы Арысландай жигит болсын деп қойылған исмлер; 4) Қарақалпақстан халық шайыры, Өзбекстан халық жыршысы Аббаз Дабыловтың (1898 — 1970) «Баҳадыр» дәстанындағы Арысландай жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Арыў, Арыўбийке** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Арыўжан** – өзи де, жан дүньясы да сулыў болсын деп қойылған исм.

**Арыўхан** — 1) гөззал қыз болсын деп қойылған исм; 2) қызлардың ханы болып жүрсин деп қойылған исм; 3) қыят урыўының *Арыўхан* деген уранның атына қойылған исм; 4) қыят урыўының сулыў қызы болып жүрсин деп қойылған исм.

**Асал** – палдай шийрин, жағымлы, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исм.

**Асан, Асанбай** – сулыў жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Асқар, Асқарбай, Асқарбек** — 1) өмир жолы, мәртебеси таўдай бийик

жигит болсын деп қойылған исмлер; 2) әкесиниң асқар таўы болсын деп қойылған исмлер; 3) үйимиздиң асқар таўдай тиреги, сүйениши болсын деп қойылған исмлер; 4) перзентимиз көбейсин, ассын деп қойылған исмлер.

**Атабай —** 1) атасындай үлкен адам болсын деп қойылған исм; 2) атасы қайтыс болған жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 3) Жылқы жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 4) атақлы, дәўлетли адам болсын деп қойылған исм.

**Атабек** — 1) атасындай үлкен адам болсын, жолын берсин деп қойылған исм; 2) бек болсын, атақлы, абырайлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Атағулла** — 1) атасындай ҳүрмет-иззетке, мәртебеге ийе инсан болсын деп қойылған исм; 2) елге танылсын, атақлы адам болсын деп қойылған исм.

**Атажан** − 1) атасындай үлкен адам болсын деп қойылған исм; 2) жаны беккем, шыдамлы адам болсын деп қойылған исм.

**Атамурат** — 1) атасының исми жолдас болып, ойлаған нийетине жетисип жүрсин деп қойылған исм; 2) «мурат-мақсетиме жеттим» деп атасының қойған исми; 3) атасының жолын берсин, даўамшысы болсын деп қойылған исм.

**Атаназар** − 1) атасының исми жолдас болып жүрсин, жолын берсин деп қойылған исм; 2) атасындай көп өмир көрсин деп қойылған исм.

**Аталияз** − 1) «ата-бабалардан тилеп, сорап алған бала» деген мәниде қойылған исм; 2) атасының жолын берсин деп қойылған исм.

**Атаўбай** — Мойнақта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Ахмет, Ахметбай, Ахметбек, Ахметжан, Ахметяр** − 1) даңқы шыққан, атақлы инсан болсын деп қойылған исмлер; 2) Хожа Ахмед Яссаўийдей (1103 − 1166) мәртебели, атақлы инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Ахунбек, Ахунжан** − оқымыслы, билимли адам болсын деп қойылған исмлер.

**Ашылбай** − «перзентли болдық, бахтымыз ашылды» деп қойылған исм.

**Ашылбек** − туўылғанда қулағының үстинги қабаты ашылмай қалған, «ашылсын» деп қойылған исм.

**Аяған** − «Алла бизди аяп, ул бала берди» деп қойылған исм.

**Аяпбай, Аяпбек, Аяпберген** — «Алла аяп, бизге перзент берди» деп қойылған исмлер.

## Ә

**Әбдиәзийз** − қәдирли, әзийз инсан болып жүрсин деп қойылған исм.

**Әбдиәлий** − 1) Әлий пайғамбардай мәртебели инсан болсын деп қойылған исм; 2) Әлий пайғамбар яр болып, қоллап жүрсин деп қойылған исм.

**Әбдибай, Әбдибек** − узақ өмир көрсин, күшли, мықлы, беккем жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Әбдиғаный** – бай, дәўлетли жигит болсын деп қойылған исм.
**Әбдижамал** – шырайлы жигит болсын деп қойылған исм.
**Әбдижәббар** – қүдиретли, күшли жигит болсын деп қойылған исм.
**Әбдижәлил** – елге белгили, даңқлы, ҳүрметке ылайық инсан болсын деп қойылған исм.
**Әбдижәмил** – мүриўбетли, сақый инсан болсын деп қойылған исм.
**Әбдикамал** – камалына жетип жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исм.
**Әбдикәрим** – аққеўил, кең пейил, сақый инсан болсын деп қойылған исм.
**Әбдиқабыл** – тилегимиз қабыл болып, перзентли болдық деп қойылған исм.
**Әбдиқәдир** – 1) Қәдир түни туўылғаны ушын қойылған исм; 2) қәдирли, абырайлы инсан болсын деп қойылған исм.
**Әбдиқыяс** – ата-анасына жәрдемши, сүйениш болып жүрсин деп қойылған исм.
**Әбдимәжит** – атақлы, абырайлы инсан болсын деп қойылған исм.
**Әбдимәлик** – абырайлы, мәртебели жигит болсын деп қойылған исм.
**Әбдимурат** – Алла бизди мурат-мақсетимизге жеткерди, перзент берди деп қойылған исм.
**Әбдинайым** – бахытлы, әўметли жигит болсын деп қойылған исм.
**Әбдинияз** – «Алла бизге перзент инам етти» деп қойылған исм.
**Әбдиразақ** – «Алла бизге перзент берди» деп қойылған исм.
**Әбдирасул** – «Алла бизге перзент берди» деп қойылған исм.
**Әбдирахман, Әбдираман** – 1) «Алла бизге перзент берди» деп қойылған исмлер; 2) кишипейил, мийримли, қайырқом адам болсын деп қойылған исмлер.
**Әбдирашид** – саналы, ақыллы, если жигит болсын деп қойылған исм.
**Әбдирейим** – мийрим-шәпәәтли, мүриўбетли, қайырқом адам болсын деп қойылған исм.
**Әбдисадық** – 1) ел-халыққа садық инсан болсын деп қойылған исм; 2) ата-анасына садық дос, ҳадал бала болсын деп қойылған исм.
**Әбдисайыт** – бахытлы, ырысқы-несийбели жигит болсын деп қойылған исм.
**Әбдисалам, Әбдисәлим** – саў-саламат жүрсин, узақ жасасын деп қойылған исмлер.
**Әбдисамат, Әбдисәмет** – узақ өмир көрсин деп қойылған исмлер.
**Әбдиўәлий** – 1) әўлийелер, пайғамбарлар яр болсын деп қойылған исм; 2) билгир, ақыллы адам болсын деп қойылған исм.
**Әбдихалық** – елге, халыққа хызмет ететуғын инсан болсын деп қойылған исм.
**Әбилқасым** – шырайлы, сулыў жигит болсын деп қойылған исм.
**Әбиўбәкир** – пәк, ҳадал, таза адам болсын деп қойылған исм.
**Әдалат** – 1) судья болсын деп қойылған исм; 2) әкеси юрист болғаны ушын қойылған исм.

**Әденбай** – 1) қазақ тилиндеги *әдемі* «сулыў, көркем, жақсы» сөзинен жасалған исм, яғный сын-сымбаты келискен, саўлатлы, жақсы жигит болсын деп қойылған исм; 2) русша *один* «биреў» сөзинен жасалған исм; жалғыз бала болғаны ушын қойылған исм.

**Әдила, Әдилия** – әдил, ҳадал, ҳақыйқатшыл қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Әдилбай** – 1) инсаплы, туўры сөзли, адамгершиликли инсан болсын деп қойылған исм; 2) 9-Апрель – Қарақалпақстан Конституциясы күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Әдилбек** – 1) ҳадал, әдил инсан болып жүрсин деп қойылған исм; 2) судья болсын деп қойылған исм; 3) үлкен адвокат болсын деп қойылған исм.

**Әдилбийке** – ҳадал, ҳақыйқатшыл, туўры сөзли қыз болсын деп қойылған исм.

**Әдилжан, Әдилхан** — 1) ҳақыйқатшыл, инсаплы, туўры сөзли адам болсын деп қойылған исмлер; 2) 9-Апрель – Қарақалпақстан Конституциясы күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Әдилмурат** – әдил, ҳадал инсан болсын деп қойылған исм.

**Әдиўбай** – әдиўли, қәдирли инсан болсын деп қойылған исм.

**Әжинияз** – 1) «ҳажының бизге инам еткен перзенти» деп қойылған исм; 2) қарақалпақ әдебиятының классиги Әжинияздай (1824 – 1878) шайыр, сөзге шешен, атақлы инсан болсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Әзербай** – 1) батыр, ержүрек, күшли жигит болсын деп қойылған исм; 2) билгир, қәбилетли, түсимпаз болсын деп қойылған исм.

**Әзийз, Әзийзбай, Әзийзбек, Әзийзжан, Әзийзмурат** — 1) ата-анасына қәдирли, әзийз бала болсын деп қойылған исмлер; 2) адамлардың арасында қәдирли, керекли инсан болып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Әзийза** — ҳәмме ушын қәдирдан, әзийз, сүйикли қыз болып жүрсин деп қойылған исм.

**Әзийзберген, Әзийзберди** – «Алла бизге перзент берди, инам етти» деп қойылған исмлер.

**Әзийзбийби, Әзийзбийке** – ата-анасының қәдирли, әзийз, ерке қызы болсын деп қойылған исмлер.

**Әзийзулла** – «Алла бизге перзент инам етти» деп қойылған исм.

**Әзийма** — абырайлы, қәдирли, мәртебели қыз болсын деп қойылған исм.

**Әзийра** – 1) қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм; 2) жазда ыссы ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Әлеўатдин** – қәдирли, мәртебели инсан болсын деп қойылған исм.

**Әлий, Әлийакбар, Әлийбек** – 1) Әлий пайғамбар бизге перзент берди деп қойылған исмлер; 2) Әлий пайғамбардай мәртебели инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Әлийма** — билимли, илимли, ақыллы, дана қыз болсын деп қойылған исм.

**Əliймурат** – 1) «Əлий пайғамбар бизди мурат-мақсетимизге жеткерди» деп қойылған исм; 2) Əлий пайғамбар қоллап, мурат-мақсетине жетип жүрсин деп қойылған исм.

**Əлийназар** – 1) «Əлий пайғамбардың нәзери түсип, бизге перзент берди» деп қойылған исм; 2) «Əлий пайғамбардың нәзери, меҳири түсип, қоллап жүрсин» деп қойылған исм.

**Əлийнияз** – «Əлий пайғамбар бизге перзент инам етти» деп қойылған исм.

**Əлийшер** — 1) Əлийшер Наўайыдай (1441 – 1501) атақлы инсан болсын деп қойылған исм; 2) Барыс жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 3) арыслaндай айбатлы, күшли жигит болсын деп қойылған исм; 4) Əлий пайғамбардай мәртебели, үлкен адам болсын деп қойылған исм.

**Əлийяр** – Əлий пайғамбар яр болып жүрсин, жолдасы болсын деп қойылған исм.

**Əлмурат** – Алла бизди мурат-мақсетимизге жеткерди деп қойылған исм.

**Əлнияз** – Алла бизге бала инам етти деп қойылған исм.

**Əмийна** — 1) Мухаммед пайғамбардың анасындай (Амина) мәртебели қыз болсын деп қойылған исм; 2) аман жүрсин, өмири узақ болсын деген нийет пенен қойылған исм; 3) әдалатлы, ҳадал қыз болсын деп қойылған исм.

**Əмийнбек, Əмийнулла** – әдалатлы, ҳадал инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Əмир** – 1) ҳәким, баслық, жолбасшы болсын деп қойылған исм; 2) жағдайы аўыр болып туўылған, «Алланың әмири менен аман қалды» деп қойылған исм; 3) русша *мир* «тынышлық» сөзинен жасалған исм.

**Əмиратдин** – Алланың әмири менен туўылған бала деп қойылған исм.

**Əмирбай, Əмирхан** — ҳәким, баслық болсын деп қойылған исмлер.

**Əмирбек** – 1) ҳәким, баслық болсын деп қойылған исм; 2) өз шаңарағына әмир, бек болсын деп қойылған исм.

**Əмирнияз** – «Алланың әмири менен туўылған бала» деп қойылған исм.

**Əмиўбай, Əмиўбек** – өмири Əмиўдәрьядай толып-тасып турсын, узақ жасасын деп қойылған исмлер.

**Əнжим, Əнжимхан** — «Шарьяр» дәстанындағы Əнжимдей қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Əнийпа** – ата-анасына ғамхор, меҳрийбан, иззетли болсын деп қойылған исм.

**Əнийса** – адамларға қәдирдан, дос, кеўилге жақын қыз болсын деп қойылған исм.

**Əнўар, Əнўарбек** – келешеги айдын, жарқын, нурлы болсын деп қойылған исмлер.

**Əпиўзахан** – кеширимли (әпиў етиў) қыз болсын деп қойылған исм.

**Əрепбай, Əрепбек** — қәбилетли, билимли, дана жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Әрманай, Әрмангүл** – әрманымызға жеттик, қызлы болдық деп қойылған исмлер.

**Әрманбай, Әрманбек** — 1) ул баланы әрман етип жүргенде туўылған балаға қойылған исмлер; 2) усы бала туўылғаннан кейин, анасы қайтыс болған, «әрман болып қалды» деп қойылған исмлер; 3) усы баланы әкеси көре алмай қайтыс болып қалған, «әрман болды» деп қойылған исмлер; 4) әрманына жетип жүрсин деп қойылған исмлер.

**Әсел, Әселина** – палдай шийрин, жағымлы, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Әсенбай** – ата-анасына сүйениш, ҳаса болсын деп қойылған исм.

**Әсирбай, Әсирбек, Әсирберген, Әсирхан** — 2001-жылы жаңа әсирде туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Әскербай, Әскербек** — 1) әкеси 1941–1945-жыллардағы Ўатандарлық урысқа кеткен пайытта туўылған балаға қойылған исмлер; 2) ағайинлериниң бири 1941–1945-жыллардағы Ўатандарлық урысқа кеткен ямаса урыстан келген пайытта туўылған балаға қойылған исмлер; 3) 23-Февраль – бурынғы Совет Армиясы ҳәм Әскерий - Теңиз Флоты күни туўылған балаға қойылған исмлер; 4) әжағасы армиядан келген күнлери туўылған балаға қойылған исмлер; 5) 14-Январь – Ўатан қорғаўшылары күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Әтиргүл** – қызыл әтиргүлдей сулыў, жағымлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Әўез** – 1) қайтыс болған алдынғы балаларының орнына берилген бала деп қойылған исм; 2) мәмлекетлик ғайраткер, шайыр ҳәм драматург Қасым Әўезовтың (1897 – 1938) ҳүрметине қойылған исм; 3) жазыўшы ҳәм драматург Сапар Хожаниязовтың (1910 – 1983) «Сүймегенге сүйкенбе» пьесасындағы Әўездей жигит болсын деп қойылған исм.

**Әўезбай, Әўезбек, Әўезберген, Әўезимбет, Әўезмурат, Әўезнияз, Әўезхан** – 1) қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнына берилген бала деп қойылған исмлер; 2) ул балалы болыўды ҳәўес еткени ушын қойылған исмлер.

**Әўезбийби, Әўезбийке, Әўезгүл** – қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнына берилген қыз деп қойылған исм.

**Әшийра** – ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Әширбай, Әширбек, Әширжан, Әширмурат, Әширнияз** – ораза айында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

## Б

**Бабамурат** – бабалар, әўлийелер мурат-мақсетимизге жеткерди, перзентли болдық деп қойылған исм.

**Бабаназар** — 1) бабаларының нәзери, меҳири түсип жүрсин деген тилек пенен қойылған исм; 2) арғы атасындай көп өмир көрсин деп қойылған исм.

**Бабанияз** — «бабалар, әўлийелер бизге перзент инам етти» деп қойылған исм.

**Бабаяр** — бабалары яр болсын, қоллап жүрсин деп қойылған исм.

**Бағдагүл** – 1) жүзи бағдағы гүллердей ашылып жүрсин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) әкеси бағман болғаны ушын қойылған исм.

**Бағдат** – Қудайдың бизге инам еткен баласы, сыйы деп қойылған исм.

**Бағдахан, Бағзада, Бағчеҳра, Бағшагүл** — бағдағы гүллердей шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Бағыдәўлет, Бақдәўлет** – бахытлы, дәўлетли инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Базарбай, Базарбек** — 1) базар күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) үйимиз балаға толы болсын деген тилек пенен қойылған исмлер; 3) несийбеси мол, дәўлетли адам болсын деп қойылған исмлер; 4) өмири қуўанышқа бай болсын деп қойылған исмлер; 5) анасының базарда жүргенде толғағы тутып қалған, соған байланыслы қойылған исмлер.

**Базарбийби, Базарбийке** — базар күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Базаргүл** — 1) базар күни туўылғаны ушын қойылған исм; 2) үйимиз балаға толсын деген тилек пенен қойылған исм; 3) анасы базарда жүргенде толғағы тутып, босанғаны ушын қойылған исм; 4) Өзбекстанға хызмет көрсеткен артист ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Базаргүл Каримовадай жақсы қосықшы болсын деп қойылған исм; 5) анасы базардан келген пайытта босанғаны ушын қойылған исм; 6) базардай толып-тасып жүрсин деп қойылған исм.

**Базархан** — 1) базар күни туўылғаны ушын қойылған исм; 2) үйимиз балаға толсын деп қойылған исм; 3) атасының *Базарбай* ҳәм кемпир апасының *Гүлхан* деген исмлерине уқсатып қойылған исм.

**Базарымбет** — базар күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Байберди** – «Алла таала бизге ул бала берди» деп қойылған исм.

**Байбосын, Байболсын** — 1) несийбели, бақ-дәўлетли, мал-дүньясы көп адам болсын деп қойылған исмлер; 2) үйимиз балаға толсын деп қойылған исмлер.

**Байдәўлет** – мал-дүньясы көп, дәўлетли адам болсын деп қойылған исм.

**Байдос** – досты, жолдасы көп болсын деп қойылған исм.

**Байжан** — үйимизде адам саны көбейсин деген нийет пенен қойылған исм.

**Байжигит** – дәўлетли, мәртебели жигит болсын деп қойылған исм.

**Байқабыл** – тилегимиз қабыл болып, перзент көрдик деп қойылған исм.

**Байқанат** – ата-анасына қол-қанат, көмекши болып жүрсин деп қойылған исм.

**Байлепес** – Алланың көмеги, нәпеси менен туўылған бала деп қойылған исм.

**Байман** — бай, дәўлетли адам болсын деп қойылған исм.

**Баймурат** — бай, дәўлетли адам болсын, мурат-мақсетине жетисип жүрсин деген тилек пенен қойылған исм.

**Баймырза** — бай-дәўлетли, мәртебели жигит болсын деп қойылған исм.

**Байназар** — мал-дүньясы көп дәўлетли адам болсын деп қойылған исм.

**Байнияз** – дәўлетли, мәртебели жигит болсын деп қойылған исм.

**Байполат** – бай-дәўлетли ҳәм полаттай беккем, шыдамлы, қарыўлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Байраматдин** – қурбан ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Байрам, Байрамбай, Байрамбек** – 1) өмири қуўанышқа, шадлыққа толы болсын деп қойылған исмлер; 2) Жаңа жыл байрамында туўылғаны ушын қойылған исмлер; 3) 1-Май – бурынғы Халық аралық мийнеткешлер күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 4) 9-Май – Жеңис күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 5) 7-Ноябрь – бурынғы Октябрь революциясы күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 6) 8-Март – Халық аралық ҳаял-қызлар күни байрамында туўылғаны ушын қойылған исмлер; 7) 23-Февраль – бурынғы Совет Армиясы ҳәм Әскерий-Теңиз Флоты күни байрамында туўылғаны ушын қойылған исмлер; 8) 1- Сентябрь – Билимлер күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 9) 1- Июнь – Халық аралық балаларды қорғаў күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 10) 21-Март – Наўрыз байрамы күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 11) 1-Сентябрь – Өзбекстан Республикасының Ғәрезсизлиги күни байрамында туўылғаны ушын қойылған исмлер; 12) 14-Январь – Ўатан қорғаўшылары күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 13) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Байрам Матчановтай (1940 – 2020) елге белгили инсан болсын деп қойылған исмлер; 14) Қурбан ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исмлер; 15) 8-Декабрь – Өзбекстан Республикасы конституциясы күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 16) 8-Июнь – Балықшылар күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Байрамгелди** — 1) шаңарағымызға қуўаныш, бахыт, байрам алып келди деп қойылған исм; 2) Жаңа жыл байрамында туўылғаны ушын қойылған исм; 3) 21 - Март – Наўрыз байрамы күни туўылғаны ушын қойылған исм; 4) 1 - Сентябрь – Өзбекстан Республикасының Ғәрезсизлиги күни байрамында туўылғаны ушын қойылған исм; 5) 14 - Январь – Ўатан қорғаўшылары күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Байрамгүл** — 1) өмири қуўанышқа, шадлыққа толы болсын деп қойылған исм; 2) Жаңа жыл байрамында туўылғаны ушын қойылған исм; 3) 1-Май – бурынғы Халық аралық мийнеткешлер күни туўылғаны ушын қойылған исм; 4) 9-Май – Жеңис күни туўылғаны ушын қойылған исм; 5) 8-Март – Халық аралық ҳаял-қызлар күни туўылғаны ушын қойылған исм; 6) 23-Февраль – бурынғы Совет Армиясы ҳәм Әскерий-Теңиз Флоты күни туўылғаны ушын қойылған исм; 7) 1-Апрель – Күлки күни туўылғаны ушын қойылған исм; 8) 1-Июнь – Халық аралық балаларды қорғаў күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Байрон** – англиялы шайыр-романтик Джордж Байрондай (1788 – 1824) атақлы адам болсын деп қойылған исм.

**Байсултан** – бай-дәўлетли ҳәм мәртебеси бийик инсан болсын деп қойылған исм.

**Байтемир** – дәўлетли ҳәм темирдей беккем, күшли жигит болсын деп қойылған исм.

**Байтилеў** – тилегимиз қабыл болды, ул перзент көрдик деп қойылған исм.

**Байтурсын** — 1) перзентлери қайтыс бола бергени ушын, «мына балам турсын, жасасын» деп қойылған исм; 2) бахытлы, дәўлетли адам болсын деп қойылған исм.

**Байхожа** – бай ҳәм хожайын болсын деп қойылған исм.

**Байымбет** — мал-дүньялы, дәўлетли инсан болсын деп қойылған исм.

**Байытқан** – бай, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм.

**Бақберген** — 1) бизге бақ-дәўлет берди, перзент берди деп қойылған исм; 2) бахытлы, дәўлетли жигит болсын деп қойылған исм; 3) «буннан былай бахытымыз жансын» деп қойылған исм; 4) атасының бағы көп мийўе берген жылы туўылғаны ушын қойылған исм.

**Бақберди** – бизге бахыт, дәўлет берди, перзент берди деп қойылған исм.

**Бақый** – өмири узақ болсын, мәңги жасасын деген тилек пенен қойылған исм.

**Балғабай** — балғадай беккем, мықлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Балтабай** — 1) балтадай мықлы, беккем, қайтпайтуғын адам болсын деп қойылған исм; 2) тили өткир, бир сөзли адам болсын деп қойылған исм; 3) киндиги балта менен кесилгени ушын қойылған исм; 4) анасы усы баланы босанардың алдында, түсинде балта көргени ушын қойылған исм; 5) ата-бабалары балта соғатуғын адамлар болғаны ушын қойылған исм.

**Балтабек** – 1) балтадай мықлы, беккем адам болсын деп қойылған исм; 2) киндиги балта менен кесилгени ушын қойылған исм.

**Балтабийке, Балтагүл** — 1) балтадай беккем, гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) усы қыздан кейин ул бала туўылсын деген нийет пенен қойылған исмлер.

**Балтамурат** — 1) балтадай беккем, мықлы, өткир жигит болсын деп қойылған исм; 2) киндиги балта менен кесилгени ушын қойылған исм.

**Балтаназар** — балтадай беккем, мықлы, қарыўлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Балтанияз** – балтадай беккем ҳәм қарыўлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Бану** – сулыў, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исм.

**Барбосын, Барболсын** – аман жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исмлер.

**Барзу** – узын бойлы, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Барлықбай** — бай-дәўлетли адам болсын, шаңарағымыздағы дүньяға ийелик етип жүрсин деп қойылған исм.

**Барно, Барнохан** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Баршынай, Баршынхан** – «Алпамыс» дәстанындағы Баршындай ақыллы, мәрт, батыр қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Батый** – Алтын Орда ханы Батыйдай (1208 – 1255) атақлы адам болсын деп қойылған исм.

**Батыр** — 1) ғайратлы, мәрт, батыр жигит болсын деп қойылған исм; 2) Өзбекстанда эстрада өнериниң тийкарын салған, Өзбекстан халық артисти Ботир Закировтай (1936 – 1985) атақлы инсан болсын деп қойылған исм; 3) 9 - Май – Жеңис күни байрамында туўылған, 1941 – 1945 - жыллардағы Ўатандарлық урыста жеңисти алып берген әскерлердей мәрт, батыр болсын деп қойылған исм.

**Батырбай, Батырбек, Батыржан, Батырхан** — күшли, мәрт, батыр жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Баўбек, Баўберик** – баўы беккем болсын, узақ жасасын деп қойылған исмлер.

**Баўыржан** – ата-анасына, ағайин-туўғанларына мийримли, баўырман, жақын болсын деп қойылған исм.

**Бахтыбай, Бахтыбек** — өмири бахытлы күнлерге толы болсын деп қойылған исмлер.

**Бахтыбийке, Бахтыгүл** – бахытлы, тахтлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Бахтымурат** – шаңарағымызға бахыт алып келсин деп қойылған исм.

**Бахтыяр** – 1) бәрқулла бахыт, қуўаныш яр болсын, бахытлы жасасын деген тилек пенен қойылған исм; 2) өмири бахытқа толы болып жүрсин, бахытлы, тахтлы жигит болсын деп қойылған исм; 3) бахытлы болып жасайық деп қойылған исм.

**Бахыт, Бахытбай, Бахытбек, Бахытберген, Бахытжан** — 1) шаңарағымызға қуўаныш, бахыт алып келетуғын бала болсын деген тилек пенен қойылған исмлер; 2) бахытлы инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Бахытбийке** — 1) шаңарағымызға қуўаныш, дәўлет, бахыт алып келсин деген тилек пенен қойылған исм; 2) өмири бахытқа, шадлыққа толы болсын деп қойылған исм.

**Бахытгүл** — 1) шаңарағымызға қуўаныш, дәўлет, бахыт алып келетуғын қыз болсын деген тилек пенен қойылған исм; 2) өмири бахытқа, шадлыққа толы болып жүрсин деп қойылған исм; 3) Шымбай районында «Бахытлы» совхозы дүзилген жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 4) гүлдей шырайлы, бахытлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Бахытлы, Бахытлыбай** – бахытлы, қутлы инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Баҳадыр** — 1) мәрт, батыр, күшли жигит болсын деп қойылған исм; 2) Қарақалпақстан халық шайыры, Өзбекстан халық жыршысы Аббаз Дабыловтың (1898 – 1970) «Баҳадыр» дәстанындағы Арыслandай мәрт,

дәўжүрек, баҳадыр жигит болсын деп қойылған исм; 3) 14 - Январь – Ўатан қорғаўшылары күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Баҳадырбай, Баҳадырбек** – мәрт, батыр, күшли жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Баҳрам, Баҳраматдин** – мәрт, батыр, дәўжүрек жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Баян** – әжапаларын баянлап турсын деп қойылған исм.

**Бәдиратдин** – айлы түнде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Бәҳәрай, Бәҳәрайым** — бәҳәрде туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Бәҳәрбек** — бәҳәрде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Бәҳәргүл** — 1) бәҳәрде туўылғаны ушын қойылған исм; 2) бәҳәрде ашылған гүллердей жайнап жүрсин деп қойылған исм.

**Бегайым** – айым, әзийзим, қәдирданым болып жүрсин деп қойылған исм.

**Бегдияр, Бегдулла** – абырайлы, мәртебели инсан болып жасасын деген тилек пенен қойылған исмлер.

**Бегис** – 1) Айдос бийдиң (1754 – 1827) иниси, халық батыры Бегистей азамат жигит болсын деп қойылған исм; 2) Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист Бегис Темирбаевтай қосықшы болсын деп қойылған исм.

**Бекбай –** мықлы, беккем, ғайратлы, бай жигит болсын деп қойылған исм.

**Бекбаўлы** – баўы беккем болсын, узақ жасасын деп қойылған исм.

**Бекберген, Бекберди** — 1) «бизге ул бала берди» деп қойылған исмлер; 2) өмир жасын узақ етип берсин деген тилек пенен қойылған исмлер; 3) мәрт, шыдамлы, беккем жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Бекбийке** — өмир жасы узақ болсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Бекбосын, Бекболсын** — 1) өмир жасы узақ болсын деп қойылған исмлер; 2) өзине беккем, полаттай қатты болсын деп қойылған исмлер; 3) беклердей, султанлардай ел басқарып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Бекдәўлет** – бай-дәўлетли, мәртебели, абырайлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Бекжан** – мықлы, ғайратлы адам болсын деп қойылған исм.

**Бекзада** – 1) қызлардың сәрдары, беги болып жүрсин, абырайлы, қәдирли қыз болсын деп қойылған исм; 2) усы қыздан кейин ул бала туўылсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Бекимбет** — темирдей беккем, қарыўлы, шыдамлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Бекмурат** – 1) мурат-мақсетине жетисип жүрсин деп қойылған исм; 2) жигитлердиң беги болып жүрсин деп қойылған исм.

**Бекмухаммед** – беккем, күшли жигит болсын деп қойылған исм.

**Бекмырза** — беклердей, мырзалардай абырайлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Бекназар** — беклердей абырайлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Бекнияз** — 1) «Алла бизге ул бала инам етти» деп қойылған исм; 2) беклердей ел басқарсын деп қойылған исм.

**Бекпан** – беккем, мықлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Бекполат** — полаттай беккем, қарыўлы жигит болсын, көп жасасын деп қойылған исм.

**Бексултан** – 1) жигитлердиң бек ҳәм султаны болып жүрсин деп қойылған исм; 2) мәртебеси бийик болсын, ел басқарсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Бексулыў** — 1) өмир жасы узақ болғай деп қойылған исм; 2) сабырлы, шыдамлы, беккем қыз болсын деп қойылған исм; 3) жигитлер ашық болғандай сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Бектемир** — темирдей беккем, мықлы, күшли жигит болсын, узақ жасасын деген тилек пенен қойылған исм.

**Бектилеў** — Қудайдан ул бала тилеп, соранып жүргенде туўылған балаға қойылған исм.

**Бектөре** – ел сыйлайтуғын төрели, мәртебели адам болсын деп қойылған исм.

**Бектурған, Бектурды** – турсын, жасасын, узақ өмир көрсин деген тилек пенен қойылған исмлер.

**Бектурсын** – турсын, жасы узақ болсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Бекюнус** – Юнус пайғамбардай мәртебели, үлкен инсан болсын деп қойылған исм.

**Бердақ** – 1) қарақалпақ әдебиятының классиги Бердақтай (1827 – 1900) сөзге шешен, атақлы адам болсын деп қойылған исм; 2) «Қудай берди, берди Ҳақ» деп қойылған исм.

**Бердиәлий** – «Әлий пайғамбар бизге перзент инам етти» деп қойылған исм.

**Бердибай, Бердибек, Бердижан, Бердиқасым, Бердимәмбет, Бердимухаммед** – «Алла бизге ул бала берди» деп қойылған исмлер.

**Бердимбет** – «Алла бизге берди үмбет, перзент берди» деп қойылған исм.

**Бердимурат** — 1) «Алла бизге перзент берди» деп қойылған исм; 2) қарақалпақ әдебиятының классиги Бердақтай (1827 – 1900) атақлы инсан болсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Бердиназар** — «Алланың нәзери түсип, бизге ул бала инам етти» деп қойылған исм.

**Бердинияз** — «Алланың берген саўғасы, инамы» деп қойылған исм.

**Бердирахман** — «Алла бизге перзент берди» деп қойылған исм.

**Бердихан, Бердихожа** — «Алла бизге ул бала берди» деп қойылған исм.

**Бердишүкир** – «Аллаға шүкир, бизге перзент берди» деп қойылған исм.

**Бердияр** — «Алла бизге жолдас, дос берди» деп қойылған исм.

**Берикбай** – берекетли, несийбели бала болсын деп қойылған исм.

**Беркинбай** — беккем, төзимли, ғайратлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Бийбиажар** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбиайша** – 1) Мухаммед пайғамбардың ҳаялындай (Айша) мәртебели қыз болсын деп қойылған исм; 2) айдай шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбиайым** — 1) айдай сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) қызлардың алды, бийи болып жүрсин деп қойылған исм.

**Бийбианар** — 1) анарға уқсаған шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) денесиниң бир жеринде қызыл қал менен туўылғаны ушын қойылған исм.

**Бийбигәўҳар** — 1) гәўҳар тасындай ҳасыл, қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм; 2) өмири гәўҳар тасындай жарқырап жүрсин деп қойылған исм.

**Бийбигүл** – гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбижамал** — шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбижан** — жаннан әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбижәҳән** — дүньядағы көп сулыўдың бири болсын деп қойылған исм.

**Бийбизада** – шырайлы ҳәм ҳасыл қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбизәўре** — Шолпан жулдызындай жарқын сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбизәҳийда** – шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбизийнеп** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбизухра** — Шолпан жулдызындай жарқын, нурлы, сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбикәриймa** – кең пейил, меҳрийбан қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбимәриям** — Ийса пайғамбардың анасындай (Мариям) мәртебели қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбиназ** — 1) ийбели, назлы, мүлайым қыз болсын деп қойылған исм; 2) қызлардың сәрдары, бийи болып жүрсин деп қойылған исм.

**Бийбинайым** – айдай сулыў, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбиниса** – шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбинур** – 1) өмири ашық, нурлы болсын деп қойылған исм; 2) барған жерлерин нурға толтырып жүрсин деп қойылған исм.

**Бийбипатма, Бийбипатпа, Бийбипәтийма** – Мухаммед пайғамбардың қызындай (Фатима) мәртебели, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Бийбипашша** – мәртебели, абырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбираба** — 1) дәўлетли, мәртебели қыз болсын деп қойылған исм; 2) Қарақалпақстан халық артисти Бийбираба Өтепбергеновадай атақлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Бийбиразия** – жағымлы, сүйкимли, қәлеўли қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбирайхан** – райхан гүлиндей жағымлы, сүйкимли, сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбирәўшан** — 1) көздиң қарашығындай қәдирли қыз болсын деп қойылған исм; 2) келешеги жарқын, нурлы болсын деп қойылған исм.

**Бийбироза** – 1) роза гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Бийбируўза** — ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Бийбисара** — қызлардың ағласы, сулыўы болып жүрсин деп қойылған исм.

**Бийбисәнем** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Бийбисулыў** – сулыў қыз болып жүрсин деп қойылған исм.

**Бийбихан** — қызлардың сәрдары, сулыўы болып жүрсин деп қойылған исм.

**Бийбиханша, Бийбиханым** – дәўлетли, мәртебели қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Бийбихатша, Бийбихатыйша** — Мухаммед пайғамбардың ҳаялындай (Ҳадича) мәртебели, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Бийимбет** — бийлердей ел басқарсын деп қойылған исм.

**Биймурат** — 1) «мурат-мақсетимизге жеттик, арзыўымыз орынланды» деп қойылған исм; 2) мурат-мақсетине жетисип жүрсин деген тилек пенен қойылған исм; 3) бийлердей абырайлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Биймырза** — бийлердей, мырзалардай абырайлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Бийназар, Бийнәзер** – 1) бийлердей абырайлы жигит болсын деп қойылған исмлер; 2) жаман көзлерден сақласын, көз тиймесин деп қойылған исмлер.

**Бийсенбай** – 1) пийшемби күни туўылғаны ушын қойылған исм; 2) бий, ел ағасы болсын деп қойылған исм.

**Бозуғлан** – мәрт, батыр, палўан жигит болсын деп қойылған исм.

**Болдықал** – туўылғанда қолында үлкен қал болған, «қалы кетсин» деп қойылған исм.

**Болысбай, Болысбек** — ҳәким, баслық болсын деп қойылған исмлер.

**Боранбай, Боранбек** – 1) қар жаўып, боранлы қақаман суўық болған күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) күшли самал есип, даўыл болып турған күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Боранбийке, Борангүл** — боранлы қақаман суўық болған күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Бостанбай, Бостанбек** – өмири бостан ҳәм абат болсын деп қойылған исмлер.

**Ботакөз** – 1) көзлери үлкен, сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) көзлери үлкен болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Бөрибай** — 1) қасқырдай айбатлы, күшли жигит болсын деп қойылған исм; 2) тиси менен туўылғаны ушын қойылған исм.

**Бухарбай, Бухарбек** — 1) Бухарада туўылғаны ушын қойылған исмлер;

2) әкеси Бухарада сапарда жүрген пайытта туўылған балаға қойылған исмлер; 3) әкеси Бухарадағы медресени питкерип келген жылы туўылған балаға қойылған исмлер.

**Бүркитбай** — бүркиттей алғыр, күшли, зийрек адам болсын деп қойылған исмлер.

## В

**Валентина** – биринши космонавт ҳаял Валентина Терешкованың ҳүрметине қойылған исм.

**Венгербай** – Венгрияда туўылғаны ушын қойылған исм.

**Венера** – таң жулдызы Шолпандай (рус тилинде *Венера*) нурлы, көркем болсын, жарқырап жүрсин деп қойылған исм.

## Г

**Гамзат** – авар шайыры Расул Гамзатовтай (1923 – 2003) атақлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Гәўҳар** — 1) «көзимиздиң гәўҳары болсын» деп қойылған исм; 2) ҳинжи, гәўҳардай ҳасыл, қәдирли, әзийз ҳәм гөззал қыз болсын деп қойылған исм; 3) өмири гәўҳар тасындай жарқырап жүрсин деп қойылған исм; 4) үкелериниң алдында жүретуғын шамшырақ болсын деп қойылған исм; 5) 8-Март – Халық аралық ҳаял-қызлар күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гәўҳарай** — 1) ҳинжи, гәўҳардай ҳасыл, қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм; 2) өмири гәўҳар тасындай жарқырап, жайнап жүрсин, айдай шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гәўҳаргүл** – ҳинжи, гәўҳардай ҳасыл, қәдирли, әзийз ҳәм гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гәўҳаржан** – ҳинжи, гәўҳардай ҳасыл, қәдирли ҳәм жаннан әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Гәўҳархан, Гәўҳарханым** – ҳинжи, гәўҳардай ҳасыл, қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Генжеайым, Генжебийке, Генжегүл, Генжехан** – шаңарақтағы ең соңғы перзент болғаны ушын қойылған исмлер.

**Генжебай, Генжебек, Генжеқул, Генжемурат, Генженазар** — шаңарақтағы ең соңғы перзент болғаны ушын қойылған исмлер.

**Гөззал** — 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) өмири гөззал болсын деп қойылған исм; 3) әтирапындағы адамларға гөззаллық бағышлап жүрсин, кеўили гөззал инсан болсын деп қойылған исм; 4) 1980-жыллары Нөкисте «Гөззал» деген салон болған, соған байланыслы қойылған исм.

**Гөззалай, Гөззалхан, Гөззалша** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гузалия** – гөззал қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүзберген** – гүзде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлайда** — 1) гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) гүллер ашылған айда туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлайдан** – сулыў ҳәм айдай жарқын қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлайна** — айнадай жарқыраған шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлайхан** – сулыў ҳәм айдай жарқын қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлайша** – 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) Қарақалпақстан халық жазыўшысы Гүлайша Есемуратовадай жазыўшы болсын деп қойылған исм.

**Гүлайым** — 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) «Қырық қыз» дәстанындағы Гүлайымдай мәрт, батыр, ақыллы, елге белгили қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлайымхан** – 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) «Қырық қыз» дәстанындағы Гүлайымдай батыр ҳәм ақыллы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүландам** – шырайлы ҳәм әндамлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлара, Гүларам, Гүларахан** — гүлдей болып ашылып жүрсин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүләсел** – сулыў ҳәм палдай шийрин қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүләсен** — гүлдей сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлбадан, Гүлбаданбегим** — бадам гүлиндей шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлбазар** — базар күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлбану** — сулыў, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлбахыт** – 1) шаңарағымызға қуўаныш ҳәм бахыт алып келетуғын қыз болсын деп қойылған исм; 2) шырайлы ҳәм бахытлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлбахрам** – бәҳәрде ашылған гүллердей жайнап жүрсин деп қойылған исм.

**Гүлбаян** – сулыў ҳәм әжайып қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлбәҳәр** — 1) бәҳәрде туўылғаны ушын қойылған исм; 2) бәҳәрде ашылған гүллердей жайнап жүрсин деп қойылған исм.

**Гүлбийби, Гүлбийке** – гөззал қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлбиназ** – гүлдей нәзик ҳәм назлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлбосын, Гүлболсын** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлғумша** – бәҳәрде гүллер ғумшаланып турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлдана** — 1) сулыў ҳәм ақыллы, дана қыз болсын деп қойылған исм; 2) егизек болып туўылған қызлардың биреўи қайтыс болып қалған, «бир қыз, жалғыз» деген мәниде қойылған исм.

**Гүлдәрийха** – шырайлы ҳәм ақыллы, зейинли қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлдәсте** – 1) бир дәсте гүлдей, гүллердей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) қоллары гүлдәстеге толып жүрсин деп қойылған исм.

**Гүлдәўлет** — 1) шырайлы ҳәм дәўлетли, мәртебели қыз болсын деп қойылған исм; 2) шаңарағымызға дәўлет, ырысқы-несийбе алып келетуғын қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлдийдар, Гүлдийдарбану** – көриўге ынтық болып, қатты аңсап жүргенде туўылған қызға қойылған исмлер.

**Гүлжаз, Гүлжазийра** – жазда туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Гүлжайна, Гүлжайнар, Гүлжайнасын** — өмири гүлдей жайнап-жаснап жүрсин деп қойылған исмлер.

**Гүлжамал** — жамалы гүлдей шырайлы болсын деп қойылған исм.

**Гүлжан, Гүлжанай** — шырайлы ҳәм жандай әзийз, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлжәмийла** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлжәҳән** — 1) жәҳәндеги көп сулыўдың бири болсын деп қойылған исм; 2) гүлдей жайнап жүрсин, барған жерин гүл жайнатсын, жәҳәнге белгили қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлзағыйпа** – гүлдей нәзик ҳәм шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлзада** — 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) ерик тереклери гүллеп атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлзар** — 1) шырайлы қыз болсын, жайнап-жаснап жүрсин деп қойылған исм; 2) өмири гүзар жолдай айдын болсын деп қойылған исм; 3) қызға зар болып жүргенде туўылған қызға қойылған исм.

**Гүлзархан** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлзәбийра** – сулыў ҳәм беккем, күшли қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлзәмийра** – сулыў, әдепли, таза қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлзәрийпа** – гүлдей нәзик, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлзәҳийра** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлзийба, Гүлзийпа** — шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлзийнеп** — сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлзийра, Гүлзийрахан** — гүлдей ашылып жүрсин, жағымлы, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлзийўар** – сулыў ҳәм сөзге шешен қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлзия** – шырайлы ҳәм нурлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлзухра** — гүлдей гөззал, Шолпан жулдызындай нурлы, көркем қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлийда, Гүлийпа** – гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлимай, Гүлимжан** – гүлдей, айдай сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлимбет** – жигиттиң гүли болып жүрсин деп қойылған исм.

**Гүлимхан** — 1) гүл жүзли қыз болсын, өмири гүлдей ашылып жүрсин деп қойылған исм; 2) қызлардың ханы, сәрдары болып жүрсин деп қойылған исм.

**Гүлистан** — 1) өмири гүлдей жайнап жүрсин деп қойылған исм; 2) жүрген жерлерин гүллендирип, гүлистан етип жүрсин деп қойылған исм; 3) Сырдәрья ўәлаятының орайы Гүлистан қаласында туўылғаны ушын қойылған исм; 4) Төрткүлдеги «Гүлистан» емлеўханасында туўылғаны ушын қойылған исм; 5) ҳәмме жер гүлистан, абат болсын деп қойылған исм; 6) миййе тереклери гүллеп атырған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлқумар** — 1) қызға интизар, қумар, қуштар болып жүргенде туўылған қызға қойылған исм; 2) халық батыры Ерназар алакөздиң (1804 − 1856) анасы Қумардай мәрт ҳәм ақыллы болсын деп қойылған исм; 3) анасы гүллерди жақсы көргени ушын қойылған исм; 4) гүлге қумар ҳәм сулыў болсын деп қойылған исм.

**Гүлқыз, Гүлнийса** − шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүллала** — 1) лала гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) лала гүллер ашылып атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлмарал** − маралдай сулыў ҳәм шаққан қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлмаржан** — шырайлы, маржандай қәдирли, қымбатлы, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлмәриям** — Ийса пайғамбардың анасындай (Мариям) мәртебели қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлмийра** — 1) дүньядағы (русша *мир*) гөззаллардың бири болып жүрсин деп қойылған исм; 2) дүнья жүзинде парахатшылық (русша *мир*) болсын деп қойылған исм.

**Гүлмурат** — 1) балалары қайтыс бола бергени ушын, усы бала гүллеп жасасын, узақ өмир көрсин деп қойылған исм; 2) жигиттиң гүли болып жүрсин деп қойылған исм; 3) үш қыздан кейин туўылған балаға қойылған исм; 4) анасының *Гүлий* ҳәм әкесиниң *Мурат* исмлериниң биригиўинен жасалған исм.

**Гүлназ, Гүлназа, Гүлназия, Гүлназхан** — гүлдей нәзик, шырайлы ҳәм назлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлназийра** − сулыў ҳәм назлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлнар** — 1) анардың гүлиндей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) анар тереклери гүллеп атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлнара** — 1) анардың гүлиндей сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) анар тереклери гүллеген пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) «Гүлнара» деген қосыққа байланыслы қойылған исм; 4) Қарақалпақстан халық артисти Гүлнара Мунтеевадай белгили қосықшы болсын деп қойылған исм; 5) Қарақалпақстан халық бақсысы Гүлнара Алламбергеновадай бақсы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлнарахан** − шырайлы ҳәм мәртебели қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлнаўрыз** — Наўрыз байрамы қабатында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлнафис, Гүлнафиса** − сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлнәзийра** — шырайлы, нәзик ҳәм назлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлнәли** − шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлнигар** − сулыў, әжайып қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлнур, Гүлнура** — шырайлы қыз болсын, нурлы, жарқын өмир сүрсин деп қойылған исмлер.

**Гүлпара** − сулыў ҳәм айрықша қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлпарша** − 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) парша таўары шығып атырған пайытлары туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлпаршын** — 1) гүллердей ашылып жүрсин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) «Алпамыс» дәстанындағы Гүлпаршындай ақыллы, мәрт, батыр қыз болсын деп қойылған исм; 3) Өзбекстан, Қарақалпақстан ҳәм Башқуртстан халық артисти Гүлпаршын Сырымбетовадай (1945 − 2021) атақлы қосықшы болсын деп қойылған исм.

**Гүлпатша, Гүлпашша** − мәртебели, абырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлпәрий, Гүлпәрийзада** − шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлпәтийма** − 1) Мухаммед пайғамбардың қызындай (Фатима) мәртебели, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм; 2) гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлпери, Гүлперийда, Гүлперийза** — гүлдей ҳәм перилердей сулыў, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлперийзат** − перилердей сулыў, гөззал қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлпериўза** − сулыў ҳәм перуза тастай қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлпийра** − шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлрайхан** — райхан гүлиндей гөззал, сүйкимли, жағымлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлрано** − қызыл гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлрәўшан** — сулыў қыз болсын, өмири нурлы, жарқын болсын деп қойылған исм.

**Гүлрух** − шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлсана** − гөззаллардың гөззалы болып жүрсин деп қойылған исм.

**Гүлсара** — 1) қызлардың ең жақсысы, сарасы, сулыўы болсын деп қойылған исм; 2) сары қыз болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлсәнем** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлсәўир** — 1) өмири гүллердей бәрқулла жайнап турсын, турмысы бахыт ҳәм шадлықта өтсин деп қойылған исм; 2) апрельде (сәўир айында) туўылғаны ушын қойылған исм.

**Гүлсәўле** − өмири нурлы, шадлы болсын деп қойылған исм.

**Гүлсийма** − 1) қәдди-қәўметли, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) әкеси «Гүлсийма қыз» деген қосықты жақсы көргени ушын қойылған исм.

**Гүлсимай** – сулыў, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлсулыў** — гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлхан, Гүлханай** — 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) қызлардың ханы болып жүрсин, мәртебели, қәдирли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Гүлхатыйша** — 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Гүлхатыйша Айымбетовадай жақсы қосықшы болсын деп қойылған исм.

**Гүлчеҳра** — гүл жүзли сәҳибжамал қыз болсын, гүлдей ашылып, жайнап жүрсин деп қойылған исм.

**Гүлшад, Гүлшада, Гүлшадхан** – 1) шырайлы қыз болсын, шадланып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) шаңарағымызға шадлық алып келсин деп қойылған исмлер.

**Гүлшайда** – гүллер шайдасы болсын деп қойылған исм.

**Гүлшәмен** – жүзи бағдағы гүллердей жадырап ашылып жүрсин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлшекер** – шырайлы ҳәм сүйкимли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлшийра** — гүлдиң ширесиндей мазалы, жағымлы, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлшийрин** — шырайлы, сүйкимли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүлшынар** — шынар теректей узын, саўлатлы қыз болсын, узақ өмир көрсин деп қойылған исм.

**Гүлшырай** – гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Гүмисай, Гүмисгүл, Гүмисхан** — гүмистей ҳасыл, қәдирли, әзийз ҳәм шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

## Ғ

**Ғайбулла** –«Алланың әмири менен ғайыптан берилген бала» деп қойылған исм.

**Ғайрат, Ғайратбай, Ғайратбек, Ғайратдин** — қарыўлы, шыдамлы, мийнеткеш жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Ғаный, Ғаныйбай, Ғаныйбек** – бай, дәўлетли жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Ғаппарберген, Ғаппарберди** – «Алланың бизге берген баласы» деп қойылған исмлер.

**Ғафур** – Өзбекстан халық шайыры Ғафур Ғуламдай (1903 – 1966) атақлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Ғәзийна** – ғәзийнедей қымбатлы, қәдирли қыз болсын деп қойылған исм.

**Ғәрипжан, Ғәрипнияз** – 1) Алла қоллап, сүйеп, жәрдем берип жүрсин деп қойылған исмлер; 2) ғәрип болып, арзыў-әрман етип жүргенде туўылған балаға қойылған исмлер.

**Ғумшагүл** — 1) ашылған гүлдей нәзик, сулыў қыз болсын, жадырап жүрсин деп қойылған исм; 2) бәҳәрде гүллер ғумшаланып турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) пахта ғаўашалары ғумшалап атырған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм; 4) ғумша жүзим мийўелеген пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

## Д

**Дабыл** – атақлы, даңқлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Дайыбек** – дайысы қойған исм.

**Дамир, Дамирбек** – 1) рус тилиндеги *да здравствует мир* «жасасын парахатшылық» деген сөзден жасалған исмлер; 2) темирдей беккем, шыдамлы жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Дамира** — рус тилиндеги *да здравствует мир* «жасасын парахатшылық» деген сөзден жасалған исм.

**Данабай, Данабек** – 1) ақыллы, парасатлы, билимли инсан болсын деп қойылған исмлер; 2) «бир бала, жалғыз бала» деген мәниде қойылған исмлер.

**Данабийби, Данабийке, Данагүл, Данахан** — ақыллы, зийрек, дана қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Данамурат** – ақыллы жигит болсын, даналығы менен муратына жетип жүрсин деп қойылған исм.

**Данияр** — ақыллы, оқымыслы, билимли, дана инсан болсын деп қойылған исм.

**Даўылбай, Даўылбек** – 1) күшли даўыл болған күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) «көз тиймесин» деп, ырым етип қойылған исмлер.

**Даўытбай** — 1) Даўыт пайғамбардай үлкен инсан болсын деп қойылған исм; 2) әкеси темирши болған, соған байланыслы темиршилердиң пири Даўыт пайғамбардың исми қойылған; 3) белгили қосықшы Даўытбай Қайыповтың (1947 — 1973) ҳүрметине қойылған исм; 4) Бозатаў районындағы Даўыткөл аўылында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Даўытбек, Даўытжан** – Даўыт пайғамбардай мәртебели инсан болсын, қоллап жүрсин деп қойылған исмлер.

**Дәлибай, Дәлибек, Дәлижан (Дәлжан), Дәлимбет, Дәлимурат** — йошлы, ғошшақ, шаққан жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Дәлихан** — йошлы, шаққан қыз болсын деп қойылған исм.

**Дәмегүл, Дәможан, Дәмехан** — усы қыздан кейингиси ул бала болсын деген үмит пенен қойылған исмлер.

**Дәметкен** – 1) «ендиги перзентимиз ул бала болсын» деген нийет пенен қойылған исм; 2) «үмит еткен қызымыз туўылды» деп қойылған исм; 3) «және перзентли болайық» деп дәметип қойылған исм.

**Дәнебай, Дәнебек** – 1) көп қыздың ишинде жалғыз бала болғаны ушын қойылған исмлер; 2) дәнедей мазалы болсын деп қойылған исмлер.

**Дәнебийби, Дәнебийке** – «бир дана қыз, жалғыз қыз» деп қойылған исмлер.

**Дәнегүл** – 1) «жалғыз ғана қыз, бир дана қыз» деп қойылған исм; 2) жүдә кишкене болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Дәнехан** – ақыллы, зийрек, парасатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Дәрибай, Дәрибек, Дәримбай, Дәримбет** – 1) дәридей әширепи бала болсын деп қойылған исмлер; 2) ата-анасына ем-дәри болсын деп қойылған исмлер.

**Дәрибийке** – адамларға дәридей керекли инсан болсын деп қойылған исм.

**Дәригүл, Дәрихан** — 1) ата-анасына дәри-дәрман болсын деп қойылған исмлер; 2) дәридей қәдирли, қымбатлы, әзийз қыз болсын деп қойылған исмлер; 3) сөзи менен адамларға ем болсын деп қойылған исмлер.

**Дәрийха** – 1) ақыллы, зейинли, түсимпаз қыз болсын деп қойылған исм; 2) адамларға дәридей керекли инсан болсын деп қойылған исм.

**Дәрманай, Дәрманбийке** – ата-анасына қуўат, дәрман, сүйениш болсын деп қойылған исмлер.

**Дәрманбай, Дәрманбек** — ата-анасына күш-қуўат, дәрман болсын деп қойылған исмлер.

**Дәрьябай** — 1) өмири дәрьядай узын болсын, толып-тасып жүрсин деп қойылған исм; 2) дәрьяда суў көп болсын деп қойылған исм; 3) ата-анасы дәрьяға жақын жерде жасағаны ушын қойылған исм; 4) усы баланың анасы дәрьяның аржағынан келин болып түскен еди, – деп кемпир апасының қойған исми; 5) дәрьядай тасқынлы, йошлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Дәрьягүл** – дәрьядай толып-тасып жүрсин, өмири дәрьядай узын болсын деп қойылған исм.

**Дәстанбай, Дәстанбек** – 1) тиллерде дәстан болып, атақлы, абырайлы инсан болсын деп қойылған исмлер; 2) сөзге шешен, тил алғыш жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Дәстегүл** – 1) бир дәсте гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) перзентлеримиз гүлдәстедей көп болсын деп қойылған исм.

**Дәўбай, Дәўжан, Дәўмен, Дәўмурат** – күшли, дәўдей жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Дәўирбай, Дәўирбек, Дәўиржан** – өз заманының, дәўириниң азаматы болсын деп қойылған исмлер.

**Дәўленбай** – ержетсин, есейсин, үлкен болсын деп қойылған исм.

**Дәўлетбай, Дәўлетбек, Дәўлетжан** – 1) усы бала шаңарағымызға ырысқы-несийбе, дәўлет, байлық алып келсин деп қойылған исмлер; 2) бай-дәўлетли, мәртебели, абырайлы жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Дәўлетберген** – Алла бизге перзент инам етти, дәўлет берди деп қойылған исм.

**Дәўлетбийби, Дәўлетбийке** — 1) усы қыз шаңарағымызға дәўлет,

ырысқы-несийбе алып келсин деп қойылған исмлер; 2) бай дәўлетли, ырысқы-несийбели қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Дәўлетгүл** – 1) шаңарағымызға ырысқы-несийбе, дәўлет алып келетуғын қыз болсын деп қойылған исм; 2) дәўлетли, мәртебели ҳәм шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Дәўлетияр** – 1) ырысқы-несийбели, дәўлетли жигит болсын деп қойылған исм; 2) «Дәўлетиярбек» дәстанындағы Дәўлетиярбектей жигит болсын деп қойылған исм.

**Дәўлеткәрим** – дәўлетли ҳәм кең пейил инсан болсын деп қойылған исм.

**Дәўлеткелди** – 1) шаңарағымызға дәўлет алып келетуғын бала болсын деп қойылған исм; 2) ата-анасына байлық, ырыс болып туўылды деп қойылған исм.

**Дәўлетқасым** – бай-дәўлетли, мәртебели адам болсын деп қойылған исм.

**Дәўлетмурат** — 1) шаңарағымызға дәўлет, бахыт алып келетуғын жигит болсын деп қойылған исм; 2) бай-дәўлетли, мәртебели адам болсын, мурат-мақсетине жетип жүрсин деп қойылған исм.

**Дәўлетмырза, Дәўлетхожа** – дәўлетли, мәртебели жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Дәўлетназар** — 1) Алланың нәзери түскен инсан болсын деп қойылған исм; 2) бай-дәўлетли, мәртебели жигит болсын деп қойылған исм.

**Дәўлетнияз, Дәўлетулла** – 1) Алла бизге дәўлет берди, перзент инам етти деп қойылған исмлер; 2) ырысқы-несийбели, дәўлетли, абырайлы, атақлы инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Дәўран, Дәўранбай, Дәўранбек** – 1) шадлы, бахытлы дәўран сүрсин деп қойылған исмлер; 2) үйимизге дәўран, қуўаныш алып келсин деп қойылған исмлер.

**Демеген, Демесин** – Алла қоллап, сүйеп, жәрдем берип жүрсин деп қойылған исмлер.

**Дийдарбек** – шырайлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Дилара, Диларам, Диларахан** – 1) адамды өзине тартатуғын, жағымлы, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) шийрин сөзли, меҳрийбан қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Дилбар, Дилбаржан, Дилбархан** — 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) сөзге шешен, дилўар қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Дилбийби** – кеўили таза, меҳрийбан қыз болсын деп қойылған исм.

**Дилдархан** – меҳрийбан қыз болсын деп қойылған исм.

**Дилимбет, Дилмурат** — кеўилимдегидей адам болып жетилиссин деп қойылған исмлер.

**Дилқумар** – адамды өзине тартатуғын, сүйкимли, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Дилман** – Қараөзек районындағы *Дилманой* деген жерде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Дилназ, Дилназа, Дилназия, Дилназхан** — ашық минезли, кеўили нәзик, сулыў, назлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Дилнара** – қәлби таза, ашық минезли қыз болсын деп қойылған исм.

**Дилнура** – қәлби меҳирге толы қыз болсын деп қойылған исм.

**Дилўар** – сөзге шешен қыз болсын деп қойылған исм.

**Дилфуза** – кеўил алғыш, қәлби таза қыз болсын деп қойылған исм.

**Дилшад, Дилшадбек** – ата-анасының кеўилин шад етип жүрсин деп қойылған исмлер.

**Дилшада** — кеўилге қуўаныш бағышлайтуғын, қуўандыратуғын қыз болсын деп қойылған исм.

**Динара** — пуллы, бай-дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм.

**Динислам** – ийманлы, пәк, мусылман бала болсын деп қойылған исм.

**Динмухаммед** – Мухаммед пайғамбардай мәртебели, уллы инсан болсын деп қойылған исм.

**Диянат** – ар-намыслы, ҳүжданлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Диярбек** – 1) ел-журттың перзенти болсын деп қойылған исм; 2) диянатлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Докторбай** – доктор, шыпакер болсын деп қойылған исм.

**Досберген, Досберди** — 1) «әкесине дос етип берди» деп қойылған исмлер; 2) ата-анасына, әжаға ҳәм әжапаларына жолдас, ес болып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Досжан, Досжанбай, Досжанбек** — 1) «әкесине дос етип берди» деп қойылған исмлер; 2) туўған-туўысқаны, жолдасы, досты көп болсын деп қойылған исмлер; 3) ҳадал, таза адам болсын деп қойылған исм.

**Досмәмбет** — ҳәмме адамға дос болып жүрсин деп қойылған исм.

**Досмурат** – досты көп болсын, дослары менен мақсет-муратына жетип жүрсин деп қойылған исм.

**Досмухаммед** – Мухаммед пайғамбар жолдасы, досты болсын деп қойылған исм.

**Досмырза** — 1) ата-анасына, әжаға-әжапаларына жолдас болып жүрсин деп қойылған исм; 2) досларына садық болсын, жора-жолдасы көп болсын деп қойылған исм.

**Досназар** — адамларға дос болып жүрсин, досты көп болсын деп қойылған исм.

**Доснияз** — 1) «әкесине дос етип берди» деп қойылған исм; 2) досларына садық болып жүрсин деп қойылған исм.

**Доспан** – досты көп болсын деп қойылған исм.

**Достемир** – темирдей мықлы, ғайратлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Досымбет** – 1) ата-анасына дос, жолдас болып жүрсин деп қойылған исм; 2) досты көп болсын деп қойылған исм.

**Дурысберген** – Алла бизге шынтлап, раслап перзент берди деп қойылған исм.

**Дүзелбай** — 1) заман дүзиў, елимиз тыныш ҳәм бай болсын деп қойылған

исм; 2) аўырыў болып туўылған, «тәўир болсын, дүзелип кетсин» деп қойылған исм; 3) шаңарағымыз қуралып, дүзелип кетсин деп қойылған исм; 4) «әкеси енди арақ ишпесин, дүзелсин» деп қойылған исм.

**Дүйсенбай, Дүйсенбек, Дүйсенмурат** — ҳәптениң биринши күни (дүйшемби) туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Дүрдана** — 1) ақыллы, зийрек, дана қыз болсын деп қойылған исм; 2) ҳинжидей ең әзийз, қәдирли қыз болсын деп қойылған исм; 4) дүрлер ишинде бир дана болсын деп қойылған исм.

**Дүржамал, Дүржан, Дүрзада, Дүрия, Дүрхан** – ҳинжидей қәдирли ҳәм шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Дүрпатша, Дүрпашша** – шырайлы ҳәм мәртебели қыз болсын деп қойылған исмлер.

## Е

**Еденбай** – 1) еден терегиндей беккем болсын, узақ өмир сүрсин деп қойылған исм; 2) босағада туўылғаны ушын қойылған исм.

**Едиге** — «Едиге» дәстанындағы Едигедей күшли, мәрт, батыр жигит болсын деп қойылған исм.

**Едилбай, Едилбек** – кеўили Едил (Волга) дәрьясындай толып-тасып жүретуғын жигит болсын, узақ жасасын деп қойылған исмлер.

**Елабат** – елимиз тыныш, абат болсын деп қойылған исм.

**Еламан** – ел-журт тыныш, аман болсын деп қойылған исм.

**Елбай, Елибай** – елимиз бай болсын деп қойылған исмлер.

**Елбатыр** – елдиң батыры болсын деп қойылған исм.

**Елбек** – елине, халқына бек болсын, иззет-ҳүрметли адам болсын деп қойылған исм.

**Елгиза** – ел гезсин, саяҳатшы болсын деп қойылған исм.

**Елиўбай** — 1) әкеси 50 жасқа шыққанда туўылған балаға қойылған исм; 2) атасы 50 жасқа шыққан күни туўылған балаға қойылған исм; 3) дайысы 50 жасқа шыққан күни туўылған балаға қойылған исм; 4) 1950-жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 5) көшесинде 50 жыллық юбилей той болған күни туўылғаны ушын қойылған исм; 6) кемпир апасы 50 жасқа шыққан күни туўылған, соған байланыслы қойылған исм.

**Елкелди** – «елимизге және бир азамат келди, туўылды» деп қойылған исм.

**Елмийра** — елимизде тынышлық, парахатшылық (русша *мир*) болсын деп қойылған исм.

**Елмурат** — 1) ел-халыққа хызмет ететуғын азамат болсын деп қойылған исм; 2) елимиз 1941 – 1945-жыллардағы Ўатандарлық урыста жеңип, мурат-мақсетине жетти деп қойылған исм.

**Елмырза** – 1) елине мырзалық етсин, дыққатқа сазаўар адам болсын деп қойылған исм; 2) әкеси баслық болып сайланған жылы туўылғаны ушын қойылған исм.

**Елназар** – елдиң, халықтың нәзерине илинген жигит болсын деп қойылған исм.

**Емберген** – 1) Ийем (Алла) бизге перзент берди деп қойылған исм; 2) көп аўырғаны ушын, «ем берсин, шыпа берсин» деп қойылған исм.

**Емжар** – Ийем (Алла) жарылқап, бизге перзент берди деп қойылған исм.

**Ерәдил** – ержүрек, мәрт ҳәм әдил жигит болсын деп қойылған исм.

**Ербай** – ержүрек, мәрт, батыр жигит болсын деп қойылған исм.

**Ербол, Ербосын, Ерболсын** — ғайратлы, мәрт, халық ушын хызмет ететуғын азамат болсын деп қойылған исмлер.

**Ердәўлет** – мәрт, батыр ҳәм дәўлетли жигит болсын деп қойылған исм.

**Ережеп, Ережепбай, Ережепбек** — 1) ережеп айында туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) Ережеп тентектей (1801–1888) мәртебели, абырайлы адам болсын деп қойылған исмлер.

**Ержан, Ержанбай** — мәрт, батыр, азамат жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Еримбек** – анасы аттың үстинде кетип баратырғанда толғақ тутып қалғаны ушын қойылған исм.

**Еримбет** — 1) ғайратлы, мәрт, батыр жигит болсын деп қойылған исм; 2) ерини үлкен ҳәм жалпақ болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Ерисбай** – 1) мурат-мақсетине, нийетлерине ерисип жүрсин деп қойылған исм; 2) мурат-мақсетимизге еристик, перзентли болдық деп қойылған исм.

**Еркебай** – үйимиздиң генже баласы, ерке баласы болсын деп қойылған исм.

**Еркин** – 1) азат ҳәм еркин болып жүрсин деп қойылған исм; 2) белгили спортшы Еркинбай Қутыбаевтай күшли, ғайратлы жигит болсын деп қойылған исм; 3) ата-анасы бөлекленип, басқа шыққан жылы туўылған балаға қойылған исм.

**Еркинай** – 1) ҳеш кимге ғәрезсиз, еркин болып жүрсин деп қойылған исм; 2) алдынғы перзенти аўырыў болып, сөйлей алмаған, «бул қызым еркин сөйлеп, өнип-өссин» деп қойылған исм; 3) Бозатаў районындағы «Еркиндәрья» совхозында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Еркинбай** — 1) ерки, ықтыяры өзинде, азат ҳәм еркин болып жүрсин деп қойылған исм; 2) Бозатаў районындағы Еркиндәрья аўылында туўылғаны ушын қойылған исм; 4) белгили спортшы Еркинбай Қутыбаевтай күшли, ғайратлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Еркингүл** – ерки, ықтыяры өзинде болып жүрсин деп қойылған исм.

**Еркабыл** – тилегимиз қабыл болып, Алла бизге ер бала берди деп қойылған исм.

**Ерқуўат** – ержүрек, күшли, қарыўлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Ерлан** – 1) әжағасының изине ерип жүрсин деп қойылған исм; 2) арысландай айбатлы, күшли, ер жигит болсын деп қойылған исм.

**Ерланбек** – батыр, қарыўлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Ерлепес** – 1) күшли, ғайратлы, ержүрек жигит болсын деп қойылған исм; 2) Алланың көмеги, нәпеси менен туўылған балаға қойылған исм.

**Ерман, Ерманбай, Ерманбек** — күшли, ғайратлы, ержүрек адам болсын деп қойылған исмлер.

**Ермәмбет, Ермурат, Ермырза** – күшли, ғайратлы, мәрт жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Ермекбай** — 1) ата-анасына алданыш, жубаныш, ермек болып жүрсин деп қойылған исм; 2) қатарларына ерип, үлгерип жүрсин деп қойылған исм.

**Ерназар** — 1) Алланың нәзери түскен азамат жигит болсын деп қойылған исм; 2) халық азатлығы ҳәм еркинлиги ушын гүрескен Ерназар алакөздей (1804 – 1856) мәрт, батыр жигит болсын деп қойылған исм.

**Ернияз** — мәрт, батыр, күшли жигит болсын деп қойылған исм.

**Ерполат** — мәрт, қарыўлы, дәўжүрек ҳәм полаттай мықлы, беккем жигит болсын деп қойылған исм.

**Ерсинай** – усы қыздың изине және бала ерсин, қосылсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Ерсултан** – 1) жигитлердиң султаны болып жүрсин деп қойылған исм; 2) султан болсын деп қойылған исм; 3) ержүрек жигит болсын деп қойылған исм.

**Еруғлан** – мәрт, батыр, нағыз ер азамат болсын деп қойылған исм.

**Ерҳасыл** – ҳасыл, қәдирли перзент болсын деп қойылған исм.

**Есберген, Есберди** — 1) әкесине ес, жәрдемши, сүйениш, тирек болып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) ақыллы, если-хуўышлы жигит болсын деп қойылған исмлер; 3) «ата-анасына, әжаға-әжапаларына көмекши болып жүретуғын перзент берди» деп қойылған исмлер.

**Есбол, Есбоған, Есболған** – 1) әкесине ес болсын, сүйениш, жәрдемши болып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) если, ақыллы жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Есбосын, Есболсын** — 1) ата-анасына ес болып жүрсин, қосшы болсын деп қойылған исмлер; 2) если, ақыллы жигит болсын деп қойылған исмлер; 3) буннан кейинги перзентлерге ес болып жүрсин деп қойылған исмлер; 4) атасына ес, жолдас болып жүрсин деп қойылған исмлер; 5) әжағаларына, әжапаларына ес, жолдас болып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Есдәўлет** – ақыллы, если ҳәм дәўлетли жигит болсын деп қойылған исм.

**Есебай** — 1) аман-есен жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исм; 2) әжағаларына ес болып жүрсин деп қойылған исм.

**Есемурат** — 1) ата-анасына ес болсын, көмекши болып жүрсин деп қойылған исм; 2) 9-Май – Еслеў ҳәм қәдирлеў күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Есенбай** — 1) аман-саў жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исм; 2) әжағаларына ес болып жүрсин деп қойылған исм.

**Есенбийке, Есенгүл** – аман жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исмлер.

**Есенгелди** — 1) «аман-есен туўылды» деп қойылған исм; 2) аман жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исм; 3) әкеси сапардан келген ўақытлары туўылған балаға қойылған исм; 4) әжағасы армиядан келген күнлери туўылған балаға қойылған исм.

**Есенмурат** − саў-саламат жүрсин деп қойылған исм.

**Есеннияз** — аман жүрсин, узақ өмир көрсин деп қойылған исм.

**Есенполат** − денсаўлығы полаттай беккем болсын, аман жүрсин деп қойылған исм.

**Есжан, Есжанбай, Есжанбек** — ақыллы, если, парасатлы ҳәм жаннан әзийз, қәдирли инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Есимбай, Есимбет** — 1) әкесине ес болсын, көмекши, жәрдемши болып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) если, ақыллы жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Есимхан** − 1) ата-анасына ес болсын деп қойылған исм; 2) Алла бизге ес, жолдас инам етти деп қойылған исм.

**Есиркеп** − Алла аяп, жарылқап, бизге перзент берди деп қойылған исм.

**Ескелди** − ата-анасына, әжаға ҳәм әжапаларына ес, жолдас болатуғын бала туўылды деп қойылған исм.

**Есқабыл** − тилегимиз қабыл болып, Алла бизге ес, жолдас берди, инам етти деп қойылған исм.

**Есқуўат** − ата-анасына ес, жолдас, күш-қуўат болсын деп қойылған исм.

**Есмәмбет** − пайғамбарымыз бизге ес, жолдас инам етти деп қойылған исм.

**Есмурат** − ата-анасына ес болсын, көмекши болып жүрсин деп қойылған исм.

**Есмухаммед** − пайғамбарымыз бизге ес, жолдас инам етти деп қойылған исм.

**Есмырза, Естөре** — ақыллы, если адам болсын деп қойылған исмлер.

**Есназар** — 1) әкесине ес, жолдас болып жүрсин деп қойылған исм; 2) ақыллы, если адам болсын деп қойылған исм.

**Еснияз** − Алла бизге ес, жолдас инам етти деп қойылған исм.

**Еспан** − ата-анасына ес болсын, көмекши болып жүрсин деп қойылған исм.

**Есполат** — 1) әкесине ес, жолдас болып жүрсин деп қойылған исм; 2) ақыллы, если ҳәм полаттай беккем, мықлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Естилеў** − ата-анасына, әжағасына ес, жәрдемши болсын деп қойылған исм.

## Ж

**Жадыра, Жадырахан** − жүзлери бәрқулла жадырап, жарқырап, ҳәммениң көзлерин қуўантып жүретуғын қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Жазийра** – 1) жазда ыссы ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм; 2) кең пейил, мийримли, қайырқом қыз болсын деп қойылған исм.

**Жазмурат** — жазда туўылғаны ушын қойылған исм.

**Жайна, Жайнагүл, Жайнасын** — өмири гүллердей жайнап-жаснап, жарқырап жүрсин деп қойылған исмлер.

**Жақсыбай** — 1) жақсы адам болсын деп қойылған исм; 2) турмысымыз жақсыланып кетсин деп қойылған исм.

**Жақсыбек** — 1) жақсы инсан болсын деп қойылған исм; 2) туўылған ўақтында азмаз наўқасланған, «тәўир болсын, жақсы болып кетсин» деп қойылған исм.

**Жақсыбийке** — 1) адамларға жақсылық ислеп жүретуғын инсан болсын деп қойылған исм; 2) жақсы үй бийкеси болсын деп қойылған исм.

**Жақсыгүл** — жағымлы, сүйкимли, жақсы қыз болсын деп қойылған исм.

**Жақсылық** — 1) өмири жақсылықларға толы болсын, адамларға жақсылық ислеп жүрсин, саўап ислер ислесин деп қойылған исм; 2) алдынғы балалары шетней берген, «енди жақсылық болғай» деп қойылған исм; 3) елимизде тынышлық, жақсылық болсын деп қойылған исм; 4) Кегейли районындағы «Жақсылық» бөлиминде туўылғаны ушын қойылған исм; 5) Қарақалпақстан халық жыраўы Жақсылық Сырымбетовтай (1947 – 2003) белгили жыраў болсын деп қойылған исм.

**Жақсымурат** – 1) ҳадал, пәк, жақсы адам болсын деп қойылған исм; 2) өмири жақсылыққа толы болсын деп қойылған исм.

**Жалалатдин** – туўылғанда мурынында қал болғаны ушын қойылған исм.

**Жалғасбай, Жалғасбек** – алдынғы балалардың жалғасы болсын, қосылсын, изи көбейсин деген тилек пенен қойылған исмлер.

**Жалғызбай** – көп қыздан кейин туўылған балаға қойылған исм.

**Жамал, Жамалатдин, Жамалбай** – 1) сулыў жигит болсын деп қойылған исмлер; 2) изине және перзент жамалсын деп қойылған исмлер.

**Жамғырбай** – жаўын-шашын болған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Жанайым, Жанбийби, Жанбийке** — жандай әзийз, қәдирли, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Жанаргүл** – гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Жанбекем** – жети айлығында шала туўылған, «жаны беккем болсын» деп қойылған исм.

**Жанбосын, Жанболсын** – жаннан әзийз, қәдирли бала болсын деп қойылған исмлер.

**Жангүмис** – жандай әзийз, гүмистей қәдирли қыз болсын деп қойылған исм.

**Жандулла** – Алла бизге перзент инам етти деп қойылған исм.

**Жанкелди** — «өмирге, дүньяға жаңа адам келди, туўылды» деп қойылған исм.

**Жанназар** – 1) Алланың нәзери, мүриўбети нәтийжесинде туўылған

бала деп қойылған исм; 2) адамның ықласы, нәзери түсетуғын жақсы адам болсын деп қойылған исм.

**Жанполат** — полаттай беккем, мықлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Жансая** – жанға сая, тирек болсын деп қойылған исм.

**Жансәўле** – жанына сәўле, нур бағышласын деп қойылған исм.

**Жансулыў** — жандай әзийз, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Жантемир** — жаны темирдей мықлы, беккем, өмир жасы узақ болсын деп қойылған исм.

**Жантилеў** – 1) жаны аман қалсын, аман-есен жарық дүньяға келсин деп қойылған исм; 2) тилегимиз қабыл болып, ул перзентли болдық деп қойылған исм.

**Жантөре** — ел сыйлайтуғын мәртебели, төрели жигит болсын деп қойылған исм.

**Жантурсын** –жасап кетсин, турсын деп қойылған исм.

**Жаныбек** – жаны беккем, өмири узақ болсын деп қойылған исм.

**Жаңабай** — 1) «өмирге жаңадан перзент келди» деп қойылған исм; 2) «жаңарып байығаймыз» деген нийет пенен қойылған исм; 3) Жаңа жыл байрамы күнлери туўылғаны ушын қойылған исм; 4) жаңа иматратқа көшип барған жылы туўылғаны ушын қойылған исм.

**Жаңабек** — 1) Жаңа жыл байрамы күнлери туўылғаны ушын қойылған исм; 2) жаңа иматратқа көшип барған жылы туўылғаны ушын қойылған исм.

**Жаңаберген** — 1) «Алла таала маған жаңадан өмир берди», - деп әкеси қойған исм; 2) биринши перзенти болғаны ушын, «жаңадан перзент берди» деп қойылған исм.

**Жаңабийке, Жаңагүл** – 1) Жаңа жыл байрамы күнлери туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) жаңа ырысқы-несийбе алып келсин деп қойылған исмлер.

**Жаңыл, Жаңылай, Жаңылсын, Жаңылхан** — усы қыздан кейин ул бала болсын деген нийетте қойылған исмлер.

**Жарас, Жарасбай** – 1) ата-анасына жарасып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) изи-жолы жарасып кетсин деп қойылған исмлер; 3) «мени усы бала әкеси менен жарастырсын» деп анасы қойған исмлер.

**Жарқынай, Жарқынбийке** — жүзи айдай жарқын, келешек өмири нурлы, сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Жарылқаған** – 1) «Қудай бизди жарылқап, рәҳим етип усы баланы берди» деп қойылған исм; 2) Қудай оңласын, Тәңир есиркесин деп қойылған исм.

**Жарылқап** — 1) «Қудай жарылқап, бизге ул бала берди» деп қойылған исм; 2) Қудайдың өзи сақлап, жарылқап жүрсин деп қойылған исм.

**Жарылқасын** – 1) Қудайдың өзи жарылқап, қоллап, сақлап жүрсин деп қойылған исм; 2) Қудай жарылқап, бизге ул бала берди деп қойылған исм.

**Жасағанберген** – Алла бизге перзент берди деп қойылған исм.

**Жасасын** – турсын, жасасын, өмири узақ болсын деп қойылған исм.

**Жасмин** – 1) жасминдей жағымлы, шырайлы қыз болсын деп қойылған

исм; 2) ата-анасының неке тойы Нөкистеги «Жасмин» ресторанында болған, соған байланыслы қойылған исм.

**Жасмина** – жасминдей жағымлы, сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Жәббарберген, Жәббарберди** – 1) Алла таала бизге перзент берди деп қойылған исмлер; 2) ғайратлы, мийнеткеш адам болсын деп қойылған исмлер.

**Жәйҳун** – өмири Әмиўдәрьядай толып-тасып турсын, узақ жасасын деп қойылған исм.

**Жәмийет** – жәмийетке таныќлы, белгили инсан болсын деп қойылған исм.

**Жәмийла** — 1) шырайлы, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исм; 2) перзентлеримниң аўызбиршилиги бузылмасын, жәм болып жүрсин деп қойылған исм; 3) Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист Жәмийла Бекбергеновадай жақсы қосықшы болсын деп қойылған исм.

**Жәмийлахан** – шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Жәнеберген** – Алла бизге және перзент берди деп қойылған исм.

**Жәнебийке, Жәнегүл** – және қыз туўылды деп қойылған исмлер.

**Жәнибек** — жаны беккем, өмир жасы узақ болсын деп қойылған исм.

**Жәнибийке, Жәнигүл** – өмир жасы узақ болсын деп қойылған исмлер.

**Жәҳәнбийби, Жәҳәнгүл** – 1) дүньядағы көп сулыўдың бири болып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) жәҳәнге белгили қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Жәҳәнгир** – жәҳәнге белгили инсан болсын деп қойылған исм.

**Жейрана** – кийиктей шырайлы ҳәм шаққан қыз болсын деп қойылған исм.

**Жемисгүл** – ата-анасының еңбегин ақлап, жемисин жегизетуғын қыз болсын деп қойылған исм.

**Жеңис, Жеңисбай, Жеңисбек** — 1) 9-Май – Жеңис күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) елимизге биринши рет поезд келген жылы туўылғаны ушын қойылған исмлер; 3) жеңиске ерисип жүрсин деп қойылған исмлер; 4) 7-Ноябрь – бурынғы Октябрь революциясы күни байрамында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Жеңисгүл** — 9-Май – Жеңис күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Жетес, Жетесбай, Жетесбек** – 1) ақыл-ойы өзине жеткиликли, ақыллы болсын деп қойылған исмлер; 2) шаңарақта жетинши перзент болғаны ушын қойылған исмлер; 3) балам армиядан саў-саламат үйге жетиссин деп қойылған исмлер.

**Жетискен** – мұратымызға жетистик, перзентли болдық деп қойылған исм.

**Жеткербай, Жеткербек** — 1) «усы баланы жеткергениңе шүкир» деп қойылған исмлер; 2) «жақсы күнлерге жеткерсин» деген тилек пенен қойылған исмлер; 3) «басқа перзентлерге жеткерсин» деген нийетте қойылған исмлер; 4) «енди бизди тезирек қызға жеткерсин» деп қойылған исмлер; 5) ойлаған нийетлерине жетип жүрсин деп қойылған исмлер;

6) анасы Қазақстаннан келип босанған, «үйине жеткерди, елинде туўылды» деп қойылған исмлер.

**Жеткерген** – Алла бизге ул баланы жеткерди деп қойылған исм.

**Жеткиншек** – 1) әжаға-әжапаларының изине жетип жүрсин деп қойылған исм; 2) мақсетине жетип жүрсин деп қойылған исм.

**Жетписбай** — 1) атасы 70 жасқа шыққан күни туўылған балаға қойылған исм; 2) 1987-жылы Октябрь революциясының 70 жыллық байрамы күнлери туўылғаны ушын қойылған исм; 3) әкеси 70 жасқа шыққанда туўылған балаға қойылған исм.

**Жийдебай** – перзентимиз жийдедей көп болсын деп қойылған исм.

**Жийенәлий, Жийенбай, Жийенбек, Жийенқул** — 1) дайысы қойған исмлер; 2) дайысының үйинде туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Жийенбийке, Жийенгүл** — 1) дайысы қойған исмлер; 2) дайысының үйинде туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Жийенмурат** — жийеним мақсет-муратына жетип жүрсин деп дайысы қойған исм.

**Жипек, Жипекгүл** — минези жипектей жумсақ, мүлайым, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Жоламан** – 1) Қудай жолын берип, аман-есен үлкейсин деген тилек пенен қойылған исм; 2) анасы жолда баратырып босанғаны ушын қойылған исм; 3) өмир жолы узақ болсын деп қойылған исм.

**Жолдасбай, Жолдасбек** – 1) ата-анасының қасында қошшы, жолдас, ес болып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) әжағаларына, әжапаларына жолдас, ес, жәрдемши болып жүрсин деп қойылған исмлер; 3) жора-жолдасы көп болсын деп қойылған исмлер; 4) адамларға садық дос, жақсы жолдас болып жүрсин деп қойылған исмлер; 5) атасына жолдас, ес болсын деп қойылған исмлер; 6) жолдасы менен туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Жоллыбай** — 1) өмир жолы қутлы, сәтли, узақ болсын деп қойылған исм; 2) анасы жолда баратырып босанғаны ушын қойылған исм; 3) атасының жолын берсин деп қойылған исм.

**Жоллыбек, Жолыбек** — 1) жолы ҳәмийше ашық болсын, узақ өмир көрсин деп қойылған исмлер; 2) анасы жолда баратырып босанғаны ушын қойылған исмлер; 3) өмир жолы узақ болсын деп қойылған исмлер.

**Жоллымурат** — жолы болып жүрсин деп қойылған исм.

**Жолмырза** — 1) жолы ашық, ел-халыққа ҳүрметли, оқымыслы жигит болсын деп қойылған исм; 2) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, шайыр ҳәм драматург Жолмырза Аймырзаевтай (1910 – 1996) белгили шайыр болсын деп қойылған исм; 3) анасы жолда баратырып босанғаны ушын қойылған исм.

**Жолымбет** — 1) Қудай жолын берсин, өмири узақ болсын деп қойылған исм; 2) үйи арба өтетуғын жолдың шетинде болғаны ушын қойылған исм; 3) үкелерине басшылық етип жүрсин, алдында жолбасшы болсын

деп қойылған исм; 4) анасы жолда баратырып босанғаны ушын қойылған исм.

**Жубандық** — алдынғы перзентлери қайтыс болған, «Алла бизди жубатты, жубандық» деп қойылған исм.

**Жубаныш** — ата-анасына алданыш, жубаныш болсын деп қойылған исм.

**Жубатқан** — 1) алдынғы перзентлери көп жасамаған, «усы бала ата-анасын жубатсын, ендиги жағында жубанайық» деп қойылған исм; 2) көп жыл перзент көрмеген, «Алла бизди жубатты» деп қойылған исм; 3) ата-анасына, туўысқан-туўғанына жубаныш болсын деп қойылған исм.

**Жулдыз** — 1) жулдызға уқсап жүзи жарқырап жүрсин, өмири жарқын болсын деп қойылған исм; 2) келешеги, бахыты, ығбалы жулдыздай жоқары болсын деп қойылған исм; 3) *Қундыз* исмине уқсатып қойылған исм; 4) үйимиздиң жулдызы болсын деп қойылған исм; 5) туўылған ўақытта аспанда бир ғана жулдыз көринип турғаны ушын қойылған исм; 6) халық таныйтуғын, атақлы қыз болсын, жулдыз болсын деп қойылған исм.

**Жулдызай** — жулдыз бенен айдай жарқырап жүрсин, сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Жулдызбай** – жулдыздай көбейе берсин, жайнап-жарқырап жүрсин деп қойылған исм.

**Жулдызхан** — 1) жулдыздай болып жарқырап жүрсин деп қойылған исм; 2) мәртебеси жулдызлардай бийик болсын деп қойылған исм.

**Жумаахмет, Жумаберген, Жумағәлий, Жумағул, Жумакелди** — жума күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Жумабай** — 1) жума күни туўылғаны ушын қойылған исм; 2) атасы жума намаздан келген ўақытта туўылған балаға қойылған исм.

**Жумабек** — жума күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Жумабийке, Жумахан** — жума күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Жумагүл** – 1) жума күни туўылғаны ушын қойылған исм; 2) толғақ жума күни басланғаны ушын қойылған исм; 3) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Өзбекстан Қаҳарманы Төлепберген Қайыпбергеновтың (1929 – 2010) «Қарақалпақ қызы» романындағы Жумагүлдей жақсы инсан болсын деп қойылған исм.

**Жумажан, Жумамбет, Жуматдин** — жума күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Жумамурат, Жуманазар, Жумаlocalizedяз** — жума күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Жупаргүл** — 1) гүлдей жағымлы, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исм; 2) *Қумаргүл* исмине уқсатып қойылған исм; 3) «ата-анасы жупласып кетсин» деп кемпир апасы қойған исм.

**Жупархан** — гүлдей жағымлы, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исм.

**Жүгинис, Жүгинисбай, Жүгинисбек** – Аллаға сыйынып, жүгинип, табынып жүргенде туўылған балаға қойылған исмлер.

**Жүзбай** – жүз жыл жасасын деген тилек пенен қойылған исм.

**Жүзимгүл** — 1) перзентимиз жүзимниң мийўесиндей көп болсын деп қойылған исм; 2) жүзимдей мазалы, шийрин, татлы қыз болсын деп қойылған исм; 3) жүзимлер писип атырған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм; 4) анасы усы қызға еки қабат ўақытта жүзимге жерик болғаны ушын қойылған исм; 5) әкесиниң жүзим бағы болғаны ушын қойылған исм; 6) жүзимниң суўындай тынық қыз болсын деп қойылған исм.

**Жүзмурат** – атасы жүз жасқа шыққанда туўылған балаға қойылған исм.

**Жүрсинай, Жүрсингүл** – саў-саламат жүрсин, өмир жасы узақ болсын деп қойылған исмлер.

**Жүрсинбай, Жүрсинбек** – аман жүрсин, узақ жасасын деп қойылған исмлер.

**Жығабийке, Жығагүл** – 1) жығадай қәдирли ҳәм шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) басында қандай да бир белги бар болғаны ушын қойылған исмлер.

**Жылымбет** – ата-бабалары балықшы болғаны ушын қойылған исм.

## З

**Зағыйпа** – нәзик ҳәм шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Задагүл, Задахан** – шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Зайтуна** – өмири зайтун терегиндей беккем болсын, бәрқулла жайнап-жаснап турсын деп қойылған исм.

**Зайырбай, Зайырбек** – Бозатаў районындағы *Зайыр* деген жерде туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Заманбай, Заманбек** – 1) өз заманының, дәўириниң мүнәсип азаматы болсын деп қойылған исмлер; 2) заманына сай раўажлансын, илгерилеп жүрсин деп қойылған исмлер.

**Замир** – рус тилиндеги *за мир* «парахатшылық ушын» деген сөзден пайда болған исм; елимизде тынышлық, парахатшылық болсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Замира** – 1) рус тилиндеги *за мир* «парахатшылық ушын» деген сөзден пайда болған исм; елимизде тынышлық, парахатшылық болсын деген тилек пенен қойылған исм; 2) 9-Май – Жеңис күни туўылған, «елимизде тынышлық болсын, урыс болмасын» деп қойылған исм.

**Зарафшан** – әжағасы Бухара областындағы Зарафшан қаласында армияда хызмет етип келген күнлери туўылған балаға қойылған исм.

**Зарийна, Зарийпа** – көп жыл қызға зар болып, аңсап жүргенде туўылған қызға қойылған исмлер.

**Зарлықбай, Зарымбет, Зарыўбай** — көп жыл перзентке мүтәж, зар болып жүргенде туўылған балаға қойылған исмлер.

**Зарыўхан** – перзентке зар болып жүргенде туўылған қызға қойылған исм.

**Захира, Зәҳийра** – шаңарағымыздың байлығы, несийбеси, ғәзийнеси (захирасы) болсын деп қойылған исмлер.

**Зәбийра** – беккем ҳәм күшли қыз болсын деп қойылған исм.

**Зәкийра** – если, саналы, ақыллы қыз болсын деп қойылған исм.

**Зәрийна** — алтындай (зердей) қәдирли, әзийз ҳәм мәртебели қыз болсын деп қойылған исм.

**Зәрийпа** – 1) ақыллы, зейинли қыз болсын деп қойылған исм; 2) ул балаға зәрүр, мүтәж болғаны ушын қойылған исм.

**Зәрипбай, Зәрипбек** — ақыллы, зейинли жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Зәриўхан** — перзентке зәрүр болып, аңсап жүргенде туўылған қызға қойылған исм.

**Зәўрегүл, Зәўрехан** — таң жулдызы Шолпандай, Зухрадай жүзи жарқырап жүрсин, өмири жарқын болсын деп қойылған исмлер.

**Зейнегүл, Зейнехан** — ақыллы, зейинли, сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Зейнура** – зейинли, нурлы, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Земфира** – ҳасыл тастай қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Зербийби, Зергүл** — алтындай (зердей) қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Зерийман** – ийманы алтындай (зердей) қыз болсын деп қойылған исм.

**Зернегүл** — 1) зерге, дүрге моланып, ҳәммеге нур таратып жүрсин деп қойылған исм; 2) рус тилиндеги *зерно* «дән» сөзинен жасалған исм; халқымызда дән көп болсын деп қойылған исм.

**Зернехан** — алтындай (зердей) қымбатлы, қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Зерхан** – алтындай (зердей) қәдирли, әзийз, мәртебели қыз болсын деп қойылған исм.

**Зийбагүл, Зийбахан** — шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Зийнатдин** – зийнетли, уллы адам болсын деп қойылған исм.

**Зийнегүл** – зийнетли, зейинли қыз болсын деп қойылған исм.

**Зийнеп, Зийнепхан** — 1) сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) Мухаммед пайғамбардың қызындай (*Зайнаб*) мәртебели, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Зийнет, Зийнетәлий, Зийнетулла** – зийнетли, уллы инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Зийўар, Зийўаргүл, Зийўархан** — 1) сөзге шешен, дилўар, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) қарақалпақ әдебиятының классиги Әжинияздай (1824 – 1878) шайыр, сөзге шебер, белгили инсан болсын деп қойылған исмлер; 3) хош ҳаўаз қосықшы болсын деп қойылған исмлер.

**Зина, Зинахан** – шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Зияда** — 1) өмири узын болсын, зыялы қыз болсын деп қойылған исм; 2) денесинде қандай да бир артықша белги менен туўылғаны ушын

қойылған исм; 3) ҳеш кимнен кем болмасын деп қойылған исм; 4) қызлар зыят болып кетти, ендигиси ул бала болсын деп қойылған исм; 5) ырысқы-несийбеси зыят болсын деп қойылған исм.

**Зиядахан** — 1) өмири узақ болсын деп қойылған исм; 2) денесиниң бир жеринде артықша белги менен туўылғаны ушын қойылған исм.

**Зоя** – 1) 1941 – 1945-жыллардағы Ўатандарлық урыста қаҳарман болған Зоя Космодемьянскаядай (1923 – 1941) мәрт, қаҳарман қыз болсын деп қойылған исм; 2) Қарақалпақстан халық шайыры Байнияз Қайыпназаровтың (1916 – 2001) «Көк емен» қосығындағы медсестра Зояға уқсаған меҳрийбан қыз болсын деп қойылған исм.

**Зояхан** – 1941 – 1945-жыллардағы Ўатандарлық урыста қаҳарман болған Зоя Космодемьянскаядай (1923 – 1941) мәрт, қаҳарман қыз болсын деп қойылған исм.

**Зубайда**, **Зубайдахан, Зубайхан** — қызлардың жақсысы, ағласы болып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Зубайра** — ақыллы, зийрек, дана қыз болсын деп қойылған исм.

**Зулайха** – 1) шырайлы ҳәм мүлайым қыз болсын деп қойылған исм; 2) усы қыздан кейингиси ул бала болсын, Юсуп туўылсын деп қойылған исм.

**Зулкарнайн** — Македония патшасы, әскербасы Александр Македонскийдиң (бизиң эрамызға дейинги 356 – 323-жыллар) лақабы; дүньяға белгили инсан болсын деп қойылған исм.

**Зулқандер, Зулқандияр** – Искендер Зулкарнайндай (Александр Македонский) дүньяға белгили инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Зулқумар** – 1) жағымлы, сүйкимли, әжайып қыз болсын деп қойылған исм; 2) қыз баланы қумсап, интизар болып жүргенде туўылған қызға қойылған исм.

**Зулфийра, Зулфикар, Зулфихан** – шашлары узын, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Зулфия** — 1) шашлары узын, буйра, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) шашлары оралып, буйраланып туўылғаны ушын қойылған исм; 3) Өзбекстан халық шайыры Зулфия Исраиловадай (1915 – 1996) белгили инсан болсын деп қойылған исм; 4) ақырғы қыз болсын, зулыплансын (қулыпланып қалсын) деп қойылған исм.

**Зумрад** – зумрад тасындай қәдирли, қымбатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Зухра, Зухрахан** — 1) таң жулдызы Шолпандай (Зухрадай) нурлы, жүзи жарқырап жүрсин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) усы қыздан кейингиси ул бала болсын, Тахир туўылсын деп қойылған исмлер.

**Зыяратдин** – муқаддес орынларды зыяратлап келгеннен кейин туўылған балаға қойылған исм.

**Зыятбай, Зыятбек** — 1) өмир жасы узақ болсын деп қойылған исмлер; 2) денесинде артықша белги болғаны ушын қойылған исмлер; 3) ақыл-парасаты, мал-дүньясы көп жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Зыятдин** – ырысқы-несийбеси көп болсын деп қойылған исм.

**Зыятхан** – 1) узақ өмир көрсин деген тилек пенен қойылған исм; 2) ырысқы-несийбеси зыят болып жүрсин деп қойылған исм.

## И

**Ибрайым** — 1) Ибрайым пайғамбардай мәртебели, ел ағасы болсын деген тилек пенен қойылған исм; 2) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, Өзбекстан Қаҳарманы Ибрайым Юсуповтай (1929 – 2008) атақлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Ибрат** – ибрат болатуғын, үлги, өрнек алса арзыйтуғын адам болсын деп қойылған исм.

**Идирис** — Идрис пайғамбардай мәртебели адам болсын деп қойылған исм.

**Изәмет** – әкесиниң изин бассын деп қойылған исм.

**Избасар** — 1) әкесиниң изин бассын, избасары, мийрасхоры болсын деп қойылған исм; 2) ата-бабаларының жолын даўам етсин, ел-халқына хызмет етсин деп қойылған исм; 3) атасының ислерин даўам етсин деп қойылған исм.

**Избасқан** — 1) әкесиниң мийрасхоры болсын, изин бассын деп қойылған исм; 2) алдынғы перзенти қайтыс болғаннан кейин туўылған балаға қойылған исм.

**Изберген** — әкесиниң изин басатуғын, мийрасхор болатуғын перзент берди деп қойылған исм.

**Избосын, Изболсын** — әкесиниң изин бассын, даўамшысы болсын деген тилек пенен қойылған исмлер.

**Иззет, Иззетбай, Иззетбек** — ҳүрмет-иззетли, атақлы, қәдирли инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Иззетдин, Иззетулла** — ҳүрмет-иззетке ерисип жүрсин, қәдирли инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Изимбет** – әкесиниң изин бассын деп қойылған исм.

**Измурат** – әкесиниң изин бассын, мийрасхоры болсын деп қойылған исм.

**Измухаммед** – Пайғамбарымыз бизге әкесиниң изин басатуғын бала берди деп қойылған исм.

**Изтилеў** – әкесиниң изин бассын деген тилек пенен қойылған исм.

**Изтурған** – әкесиниң изин бассын деп қойылған исм.

**Ийбели** – әдепли, тәртипли қыз болсын деп қойылған исм.

**Ийгилик** – жақсылық, қайырлы ис, бахыт алып келсин деп қойылған исм.

**Ийгимурат** – жақсылық, бахыт алып келсин деп қойылған исм.

**Ийисгүл** – ийис шығарған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Иймана** – ийманы беккем, пәк қыз болсын деп қойылған исм.

**Ийманбай, Ийманмурат** – ийман-инсаплы, адамгершиликли инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Ийса, Ийсабай, Ийсабек, Ийсақул, Ийсаматдин, Ийсамурат** – 1) Ийса пайғамбардай мәртебели адам болсын деп қойылған исмлер; 2) Алланың бизге берген жәрдеми, мүриўбети деп қойылған исмлер.

**Икрам, Икраматдин, Икрамбай, Икрамбек** — иззет-икрамлы, мәртебели, қәдирли инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Илаҳийда** – Алланың әмири менен берилген қыз деп қойылған исм.

**Илимзада, Илимижәҳән, Илмийра** – илимпаз қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Илимпаз** — оқымыслы, билимли, илимли адам болсын деп қойылған исм.

**Илияс, Илиясбай, Илиясбек** — Илияс пайғамбардай мәртебели, күшли, қүдиретли адам болсын деп қойылған исмлер.

**Илҳам** – 1) адамларға илҳам бағышлап жүрсин, кеўилли, йошлы жигит болсын деп қойылған исм; 2) анасы қосық жазғанды жақсы көргени ушын қойылған исм; 3) илҳамлы шайыр жигит болсын деп қойылған исм; 4) өмирде йошланып, илҳамланып жасасын деп қойылған исм.

**Илҳаматдин, Илҳамбай, Илҳамбек** — кеўилли, йошлы жигит болсын, илҳамланып, йошланып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Имаматдин, Имамбай, Имаммурат, Имамназар** – 1) иймaнлы, инсаплы адам болсын деп қойылған исмлер; 2) имамлардай данышпан болсын деп қойылған исмлер.

**Инабат, Инабатхан** — 1) ийбели, инабатлы, мийримли, ақыллы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) «Алла тилегимизди инабатқа алып, бизге перзент берди» деп қойылған исмлер; 3) кемпир апасы чайды набат пенен ишетуғын болғаны ушын қойылған исмлер; 4) «нийетлеримиз инабат болды» деп қойылған исмлер.

**Инам** – Алла бизге ул бала инам етти, берди деп қойылған исм.

**Инаятдин, Инаятулла** – Алла бизге перзент инам етти деп қойылған исмлер.

**Индира** — 1) Ҳиндстан премьер-министри болып ислеген Индира Гандиге (1917 – 1984) уқсаған мәртебели, дәўлетли инсан болсын деп қойылған исм; 2) Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист, ойыншы Индира Атағуллаевадай белгили қыз болсын деп қойылған исм.

**Инжайым** — ҳинжи-маржандай қәдирли, әзийз ҳәм айдай шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Инкар, Инкарайым, Инкаргүл** – жүдә аңсап, интизар болып күткен қыз деп қойылған исмлер.

**Интизар** — 1) перзентке интизар болып, аңсап жүргенде туўылған қызға қойылған исм; 2) ўақтынан кешигип, 10 ай өтип туўылғаны ушын қойылған исм; 3) кемпир апасы биринши шаўлығын интизарлық пенен күткени ушын қойылған исм; 4) «қызға интизар болдықғой» деп қойылған исм.

**Искендер** – Искендер Зулкарнайндай (Александр Македонский, бизиң эрамызға дейинги 356 – 323-жыллар) дүньяға белгили инсан болсын деп қойылған исм.

**Ислам, Исламбай, Исламбек** – ийманлы, инсаплы ҳақыйқый мусылман адам болсын деп қойылған исмлер.

**Исламатдин, Исламберген, Исламмурат** – Алла бизге перзент берди, инам етти деп қойылған исмлер.

**Исмайыл** – 1) Пайғамбарлардай мәртебели адам болсын деп қойылған исм; 2) «Алладан өтинип, сорап алған бала» деп қойылған исм.

**Исмайылəлий** – Исмайыл ҳәм Әлий пайғамбарлар яр болып, қоллап жүрсин деп қойылған исм.

**Исмамут** — *Ийса* ҳәм *Мухаммед* исмлериниң қысқарыўынан пайда болған исм.

**Исметулла** – Алла бизге ул перзент инам етти деп қойылған исм.

**Испандияр** – Алланың бизге атаған саўғасы, қайыры деп қойылған исм.

**Итибархан** – ҳүрметке, итибарға ылайықлы қыз болсын деп қойылған исм.

## К

**Казбек** – Казбек таўындай мәртебеси бийик, уллы инсан болсын деп қойылған исм.

**Камал, Камалбай, Камалбек** — 1) камалына жетсин, өмир жасы узақ болсын деп қойылған исмлер; 2) мәмлекетлик ғайраткер Қәллибек Камаловтай ҳүрметли, абырайлы, атақлы инсан болсын деп қойылған исмлер; 3) «камалға келдик, жетистик» деп қойылған исмлер.

**Камалатдин** – усы баланың камалын, ержеткенин көрейин деген нийет пенен қойылған исм.

**Каналбай** — 1) өмири каналдай йошып ағып турсын, узақ жасасын деп қойылған исм; 2) канал қазылып атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) ата-анасының үйи каналдың қасында болғаны ушын қойылған исм.

**Кәмийла** – 1) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) «камалыма жеттим» деп анасы қойған исм; 3) ҳәр тәреплеме жетилискен кәмил қыз болсын деп қойылған исм; 4) камелия терегиндей бәрқулла көгерип, жасарып жүрсин деп қойылған исм.

**Кәмилбек, Кәмилжан** – кәмил инсан болып жетиссин деп қойылған исмлер.

**Кәраматдин, Кәраматулла** — кәраматлы, мәртебели инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Кәраматхан** – кәраматлы, мәртебели қыз болсын деп қойылған исм.

**Кәриймa** — кеңпейил, сақый, меҳрийбан қыз болсын деп қойылған исм.

**Кәрим, Кәримбай, Кәримбек** – қолы ашық, кең пейил, сақый адам болсын деп қойылған исмлер.

**Кәриматдин, Кәримберген, Кәримберди, Кәримбет, Кәримзат, Кәримулла** – Алла бизге ул перзент берди деп қойылған исмлер.

**Кәримназар** – 1) Алланың нәзери, меҳири түсип, бизге перзент берди деп қойылған исм; 2) Алланың нәзери түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Кәримнияз** – Алла бизге перзент инам етти деп қойылған исм.

**Кәримхожа** – хожа урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм.

**Келдибай, Келжан** – «дүньяға жаңа ул бала келди, туўылды» деп қойылған исмлер.

**Кеңесбай** — 1) әкесиниң кеңесгөйи, мәсләҳәтшиси болып жүрсин деп қойылған исм; 2) әжағасы менен кеңесип, келисип жүрсин деп қойылған исм; 3) кеңесши, ақыллы жигит болсын деп қойылған исм; 4) адамларға жақсы кеңес, мәсләҳәт беретуғын төрели инсан болсын деп қойылған исм; 5) қоңсы үйде тойдың кеңеси болып атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 6) Шымбай районындағы «Кеңес» совхозында туўылғаны ушын қойылған исм; 7) үйинде тойдың кеңеси болған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Кеңесбек** – 1) әкесиниң кеңесгөйи болып жүрсин деп қойылған исм; 2) кеңесгөй, ақылгөй жигит болсын деп қойылған исм.

**Кеңесгүл** – ата-анасының кеңесгөйи болсын деп қойылған исм.

**Кеўлимжай** — 1) «ул баланың туўылғанына кеўилим жай тапты» деп қойылған исм; 2) перзентлери көп болған, «енди баладан кеўилим жай болды» деп қойылған исм; 3) «усы баламнан кеўлим жай болып жүрсин» деп қойылған исм; 4) «ақлықлы болдым, енди кеўилим жайына түсти» деп қойылған исм; 5) қыйын босанған, «кеўилим жай болды» деп қойылған исм; 6) бәрқулла кеўили жай болсын, кеўилли, мазмунлы өмир сүрсин деп қойылған исм.

**Кишибай** – балалардың ең кишкенеси, генжеси болғаны ушын қойылған исм.

**Клара** — 1) мәмлекетлик ғайраткер Клара Цеткиндей (1857 – 1933) атақлы инсан болсын деп қойылған исм; 2) кеўили ҳақ, ҳадал, таза қыз болсын деп қойылған исм; 3) Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист Клара Шамуратоваға уқсаған актриса болсын деп қойылған исм.

**Клим** – мәмлекетлик ғайраткер Климентий Ворошиловтың (1881 – 1969) ҳүрметине қойылған исм.

**Көбейсин** — перзентлеримиз көп болсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Көмекбай** — ата-анасына көмекши, сүйениш, қол-қанат болып жүрсин деп қойылған исм.

**Көпжасар** – өмири узақ болсын деп қойылған исм.

**Көпжүрген** – көп жыл өмир көрсин деп қойылған исм.

**Көпжүрсин** — көп жасасын деген тилек пенен қойылған исм.

**Көптилеў** — ул баланы көптен күтип, тиленип, соранып жүргенде туўылған балаға қойылған исм.

**Көркемай** – шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Көшербай** — 1) арбаның көшериниң астында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) таза иматратқа көшип барғанда туўылғаны ушын қойылған исм.

**Көшкинбай** — таза қонысқа көшип барған жылы туўылғаны ушын қойылған исм.

**Күлсинай** – айдай жарқырап, күлип жүрсин деп қойылған исм.

**Күнжамал** – қуяштай шырайлы қыз болсын, күнге уқсап бәрқулла жарқын болып жүрсин деп қойылған исм.

**Күнзада** – күндей жарқын болып жүрсин, азада қыз болсын деп қойылған исм.

**Күнқуяш** – 1) «ата-анасының күни, қуяшы» деп қойылған исм; 2) күндей, қуяштай жарқын болып жүрсин деп қойылған исм.

**Күнназар** – күнниң нәзери түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Күнсулыў** — 1) қуяштай шырайлы ҳәм жарқын болып жүрсин деп қойылған исм; 2) азанда күн шығып киятырған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) тәбият сулыў болып турған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

## Қ

**Қабыл, Қабылатдин, Қабылбай, Қабылбек, Қабылжан** — 1) тилегимиз қабыл болып, Алла бизге ул бала берди деп қойылған исмлер; 2) үйинде садақа болған күни туўылған, «садақа қабыл болсын» деген нийетте қойылған исмлер; 3) қәбилетли, күшли жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Қазақбай** — 1) қоңсылары қазақлар болғаны ушын қойылған исм; 2) киндик шешеси қазақ болғаны ушын қойылған исм; 3) үйине қазақ мийман келген күни туўылғаны ушын қойылған исм; 4) қазақ қоңсысының үйинде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қайылхан** – «қыз болса да қайылмыз» деп қойылған исм.

**Қайыпберген** — «Алланың ҳәмири менен ғайыптан берилген бала» деп қойылған исм.

**Қайыпназар** — 1) «Алланың нәзери, меҳири түсип, бизге перзент берди» деп қойылған исм; 2) Алланың нәзери, меҳири түсип жүрсин деген тилек пенен қойылған исм.

**Қайырбай, Қайырбек, Қайыржан, Қайырулла** — 1) адамларға қайыры, пайдасы тийип жүрсин деп қойылған исмлер; 2) ораза айында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Қалабай** – базар күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қалбазар** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Қалбай** — 1) денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исм; 2) «өлмесин, қалсын, жасасын» деп қойылған исм.

**Қалберген** — денесинде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Қалбийби, Қалбийке** — денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қалдан, Қалдәўлет** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қалдыбек** – қалы қалып кетсин деп қойылған исм.

**Қалжамал, Қалжан, Қалжанай** — денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қалжанбай, Қалжанбек** — денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қалзада, Қалзийра, Қалийда, Қалийза, Қалсара** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қалқораз, Қаллықораз** — денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қаллыбай, Қаллыбек** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қаллыгүл** — 1) денесинде қал болғаны ушын қойылған исм; 2) бир көзи қызарып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қаллыхан, Қалхан** — денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қалмәмбет** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Қалменбай** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Қалмийра, Қалнийса** — денесинде қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қалмурат** – 1) денесинде қал болғаны ушын қойылған исм; 2) Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәдений хызметкери, балалар шайыры Қалмурат Сапаровтай (1932 – 2009) белгили адам болсын деп қойылған исм.

**Қалмухаммед** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Қалмырза** – 1) денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исм; 2) алдынғы перзентлери қайтыс бола берген, «усы балам аман қалсын» деп қойылған исм.

**Қалназар** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Қалнияз** — денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Қалхожа** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Қалыйла** — денесинде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Қалыйма** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Қалыйпа, Қалыйса** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қалымбай, Қалымбет, Қәлимбет** — денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қанаат** – Алланың бизге берген перзентлери менен қанаатландық, балалар жетерли болды деп қойылған исм.

**Қанатбай, Қанатбек** – 1) ата-анасының сүйениши, таянышы, тиреги, қанаты болсын деп қойылған исмлер; 2) атасына қол-қанат, көмекши болып жүрсин деп қойылған исмлер; 3) көклерге пәрўаз етсин деп қойылған исмлер.

**Қандым** – қызларым жетерли болды, қанаатландым деп қойылған исм.

**Қансулыў** — қаны аз болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қаңлыбай, Қаңлыбек** – қаңлы урыўының баласы болғаны ушын қойылған исмлер.

**Қарабай, Қарабек** – қара бала болып туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Қаражан** — 1) қара бала болып туўылғаны ушын қойылған исм; 2) «Алпамыс» дәстанындағы Қаражандай батыр, мәрт болсын деп қойылған исм; 3) әжағасының исми Алпамыс болғаны ушын, екеўи дос болып жүрсин деп қойылған исм.

**Қаракөз** – көзлери қара болғаны ушын қойылған исм.

**Қараман** — 1) қара бала болып туўылғаны ушын қойылған исм; 2) қараман ағашындай беккем, мықлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Қарамырза** – қара бала болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қарашаш** – шашлары қара, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Қаржаўбай, Қаржаўбек** — қар жаўған күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Қарлыбай, Қарлыбек** — қар жаўған күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Қарлыгүл** – қар жаўған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қарлығаш** — қарлығашлар ушып келе баслаған ўақытта, бәҳәрде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қасым, Қасымбай, Қасымбек, Қасымбет, Қасымхан** – шырайлы, әжайып жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Қатарбай, Қатарбек** — әжағаларының қатарына қосылып, бирге болсын деп қойылған исмлер.

**Қаҳарман** — мәрт, батыр, дәўжүрек жигит болсын деп қойылған исм.

**Қәдембай** – қәдеми қутлы болсын деп қойылған исм.

**Қәдирбай, Қәдирбек** — 1) қәдирли, әзийз адам болсын деп қойылған исмлер; 2) ораза айында туўылғаны ушын қойылған исмлер; 3) Қәдир түнде туўылғаны ушын қойылған исмлер; 4) бир иске күши, қүдирети жететуғын, уқыплы болсын деп қойылған исмлер.

**Қәдирберген, Қәдирберди** – 1) «Алла бизге перзент берди» деп қойылған исмлер; 2) қәдирли, әзийз бала болсын деп қойылған исмлер.

**Қәдиримбет** — қәдирли, абырайлы адам болсын деп қойылған исм.

**Қәдирнияз** — «Алла бизге перзент инам етти» деп қойылған исм.

**Қәдирхан** – қәдирли, әзийз бала болсын деп қойылған исм.

**Қәлбинур** – қәлби таза, кеўили пәк қыз болсын деп қойылған исм.

**Қәллибек** – 1) денесинде қал болғаны ушын қойылған исм; 2) мәмлекетлик ғайраткер Қәллибек Камаловтай абырайлы, мәртебели, ел басқаратуғын жигит болсын деп қойылған исм.

**Қәўендер** – мына балам жасасын, Қудайдың өзи қәўендерликке алсын деп қойылған исм.

**Қоблан, Қобланбай, Қобланбек** — «Қоблан» дәстанындағы Қобландай батыр, ержүрек жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Қозыбай** — 1) қойлар қозылаған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 2) ата-анасының сүйкимли, еркетай, қәдирли баласы болсын деп қойылған исм.

**Қойлыбай** — 1) қойлары, мал-дүньясы көп, бай адам болсын деп қойылған исм; 2) Қой жылы туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қойсын, Қойсынай** – қыз енди туўылмасын, тоқтасын, қойсын деп қойылған исмлер.

**Қойшыбай, Қойшыбек** – 1) әжағасына қошшы болып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) усы баладан кейин қыз туўылсын деп қойылған исмлер; 3) қойы көп, бай-дәўлетли адам болсын деп қойылған исмлер.

**Қолдаўбек** – қолдаўлы урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм.

**Қолқанат** – ата-анасына жәрдемши, қолқанат болып жүрсин деп қойылған исм.

**Қонақбай** — 1) қонаққа барған жерде туўылған балаға қойылған исм; 2) үйине қонақ келген күни туўылғаны ушын қойылған исм; 3) «үйимизге таза мийман (перзент) келди» деп қойылған исм.

**Қонысбай, Қонысбек** — 1) таза иморатқа көшип барған жылы туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) жай салып атырғанда туўылған, «таза иморатқа қоныс басайық» деген нийет пенен қойылған исмлер; 3) көшип келип атырған қоңсылар менен жақсы қатнасайық деп қойылған исмлер.

**Қоңыратбай** — 1) қоңырат урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм; 2) Қоңырат районында туўылғаны ушын қойылған исм; 3) Шаржаў — Қоңырат — Бейнеў темир жолы иске қосылған жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 4) анасы Қоңыратта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қорабай** – анасы қораның ишинде босанғаны ушын қойылған исм.

**Қосберген** – 1) «алдынғы балама және бала қосылды, қосып берди» деп қойылған исм; 2) бармағы қосылып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қосберди** – Алла тағы перзент қосып берди деп қойылған исм.

**Қосжан** – 1) басқа перзентлериме қосылып, бирлесип кетсин деп қойылған исм; 2) перзентлеримниң саны көбейе берсин деп қойылған исм.

**Қосжетер** – изи даўамлы болсын, және қосып жеткерсин деп қойылған исм.

**Қосполат** — шаңарағымыздағы адамлардың қатарына қосылсын, полаттай беккем, мықлы, қарыўлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Қосыбай** – 1) қоста туўылғаны ушын қойылған исм; 2) шаңарағымыз бай болсын деп қойылған исм.

**Қошқарбай, Қошқарбек** — 1) қошқардай күшли, айбатлы жигит болсын деп қойылған исмлер; 2) шаңарағымызда ер бала көп болсын деп қойылған исмлер; 3) қорасында қой-ешкилери көп, бай, дәўлетли адам болсын деп қойылған исмлер; 4) салмағы аўыр, ири, толық болып туўылғаны ушын қойылған исмлер; 5) маңлайы дүңки болып туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Қошмурат, Қошшыбай** — әкесине қошшы болып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Қудайберген, Қудайберди** — «Қудай бизге перзент берди, инам етти» деп қойылған исмлер.

**Қудайназар** — 1) «Қудайдың нәзери, меҳири түсиўи нәтийжесинде туўылған бала» деп қойылған исм; 2) Қудайдың нәзери, меҳири түсип жүрсин деген тилек пенен қойылған исм.

**Қудайшүкир** − Аллаға шүкир, перзентли болдық деп қойылған исм.

**Қудияр** − Қудай таала яр болып, қоллап жүрсин деп қойылған исм.

**Қулбай, Қулжан** − Алла тәрепинен берилген бала деп қойылған исмлер.

**Қулмурат** − 1) Алла бизге перзент берди, муратымызға жеткерди деп қойылған исм; 2) Қулмурат шайырдың (1845 − 1926) ҳүрметине қойылған исм.

**Қулмухаммед, Қулымбет** − Алланың бизге берген баласы деп қойылған исмлер.

**Қулназар** − 1) Алланың нәзери, меҳири түсип берилген бала деп қойылған исм; 2) Алланың нәзери, меҳири түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Қулнияз** − Алладан тиленип, сорап алған бала деп қойылған исм.

**Қумар, Қумарай, Қумаргүл, Қумархан** — 1) қыз балаға ҳәўес етип, қумар болып жүргенде туўылған қызға қойылған исмлер; 2) халық азатлығы ҳәм еркинлиги ушын гүрескен Ерназар алакөздиң (1804 − 1856) анасы Қумар анадай ақыллы, мәрт инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Қумыры** − қумырыдай жуўас, бийазар қыз болсын деп қойылған исм.

**Қундыз, Қундызай** − 1) үйимиздиң қундызы болсын, қундыздай жарқырап жүрсин, сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) қунтлы, уқыплы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Қундызбай** − қундыздай шырайлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Қундызхан** — 1) қундыздай сулыў, қәдирли қыз болсын деп қойылған исм; 2) усы қыздан кейин ул бала болсын деген нийет пенен қойылған исм.

**Қунназар** − 1) Алланың нәзери түсип жүрсин, бай, дәўлетли адам болсын деп қойылған исм; 2) қунлы, қәдирли жигит болсын деп қойылған исм.

**Қуралай** — 1) жас шаңарағымыз қуралып, жалғасып кетсин деп қойылған исм; 2) айдай сулыў, гөззал қыз болсын деп қойылған исм; 3) жүдә кишкене болып туўылған, «өмири қуралып кетсин» деп қойылған исм; 4) қурбан ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм; 5) көзлери қара, сулыў, қуралай көз қыз болсын деп қойылған исм.

**Қуралатдин** − изи қуралып, көбейе берсин деп қойылған исм.

**Қуралбай** — 1) изи қуралып, көбейе берсин деген тилек пенен қойылған исм; 2) ата-анасының қурал-жарағы, тиреги, қалқаны болсын деп қойылған исм; 3) шаңарағымыз аяққа турып, қуралып кетсин деп қойылған исм; 4) сегиз айда туўылған, «өмирге қуралып кетсин» деп қойылған исм; 5) Қараөзек районындағы «Қуралпа» совхозында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қуралбек** — 1) изи қуралып кетсин деп қойылған исм; 2) атасы усташылық пенен шуғылланған, «маған қурал болып жүрсин» деп қойылған исм.

**Қурбанай** — қурбан ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қурбанәлий** − қурбан ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қурбанбай, Қурбанбек** — қурбан ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Қурбанберди, Қурбанкелди** − қурбан ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Қурбанбийби, Қурбанбийке, Қурбангүл** — қурбан ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Қурбанмурат, Қурбанназар, Қурбаннияз** — қурбан ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Қурбанхожа** − қурбан ҳайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қутжан, Қутлыбай, Қутлыбек** − 1) қәдеми қутлы келсин деп қойылған исмлер; 2) бахытлы, қутлы ҳәм әзийз бала болсын деп қойылған исмлер.

**Қутлыбийби, Қутлыбийке, Қутлыгүл** — 1) шаңарағымызға қут-берекет алып келсин деп қойылған исмлер; 2) ырыслы, бахытлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 3) Наўрыз байрамында туўылғаны ушын қойылған исмлер; 4) қәдеми қутлы болсын деп қойылған исмлер.

**Қутлымурат** — 1) қәдеми қутлы келсин, бахытлы, мурatлы жигит болсын деп қойылған исм; 2) басқа жерге көшип келген ўақытта туўылған, «қутлы мәкан болсын» деп қойылған исм; 3) 9-Май − Жеңис күни туўылғаны ушын қойылған исм; 4) көп қыздан кейин туўылған, «қутлы келди» деп қойылған исм.

**Қутмәмбет** − қутлы бала болсын деп қойылған исм.

**Қутыбай** − анасы төркинине барып босанған, үйине баланы қутыға салып қайтқаны ушын қойылған исм.

**Қуўандық** — балалы болғанымызға қуўандық, шад болдық деп қойылған исм.

**Қуўаныш, Қуўанышбай, Қуўанышбек** — 1) ул балалы болғанына қуўанып қойылған исмлер; 2) шаңарағымызға қуўаныш, шадлық, бахыт алып келсин деп қойылған исмлер; 3) өмири қуўанышқа толы болсын, ҳәмийше қуўанып жүрсин деп қойылған исмлер; 4) үйинде той болған күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 5) қуўнақ бала болсын деп қойылған исмлер.

**Қуўат, Қуўатбай, Қуўатбек, Қуўатжан** — 1) ата-анасына мәдеткар, күш-қуўат болсын деп қойылған исмлер; 2) беккем, қарыўлы, шыдамлы жигит болсын деп қойылған исмлер; 3) әжағасына қуўат, сүйениш болсын деп қойылған исмлер.

**Қуяш, Қуяшбай** − қуяштай бәрқулла жарқырап жүрсин деп қойылған исм.

**Қыдырәлий** − Қыдыр ата қоллап жүрсин, жолдасы болсын деп қойылған исм.

**Қыдырбай, Қыдырбек** — 1) Қыдыр ата қоллап жүрсин, жолдасы болсын деп қойылған исмлер; 2) анасы қыдырып барған жеринде босанғаны ушын қойылған исмлер; 3) Қыдыр күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 4) тойға кетежақ болып турғанда босанғаны ушын қойылған исмлер; 5) үйдеги адамлар қыдырып кеткен күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Қыдырберди, Қыдырымбет, Қыдырхожа** – Қыдыр инам еткен бала деп қойылған исмлер.

**Қыдырнияз** – 1) «Қыдырдың бизге берген инамы, саўғасы» деп қойылған исм; 2) Қыдыр яр болсын деп қойылған исм.

**Қызқойсын** – соңғы қыз болсын, тоқтасын, ендигиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Қызларгүл** — 1) қызларым көп болсын деген тилек пенен қойылған исм; 2) шаңарақта қыз көп болғаны ушын қойылған исм; 3) қызлардың гүли, сулыўы болып жүрсин деп қойылған исм; 4) қызлардың изи үзилип, ендигиси ул бала болсын деген нийет пенен қойылған исм.

**Қызлархан** – 1) қызлардың ханы, басшысы болып жүрсин деп қойылған исм; 2) 8 - Март – Халық аралық ҳаял-қызлар күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қызминайым** – сулыў ҳәм мүлайым қыз болсын деп қойылған исм.

**Қызылгүл** — қызарып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қылышбай, Қылышбек, Қылышнияз** — сөзлери қылыштай өткир, кескир ҳәм беккем жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Қымбат, Қымбатгүл, Қымбатбийке** – қәдирли, қымбатлы, ардақлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Қыпшақбай** — 1) қыпшақ урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм; 2) Әмиўдәрья районында Қыпшақта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қырмызы** — 1) жаңа ашылған қызыл гүлдей таза, гөззал қыз болсын деп қойылған исм; 2) қырмызы гүриштей мазалы, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исм.

**Қырықбай** — 1) әкеси 40 жасқа шыкқанда туўылған балаға қойылған исм; 2) анасы 40 жасында босанғаны ушын қойылған исм; 3) 1941 – 1945 – жыллардағы Ўатандарлық урыста Жеңистиң 40 жыллығы байрамында (1985 – жылы) туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қытайбек** — 1) қытай урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм; 2) 1968 - жылы октябрьде қытшылық болған күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Қыясатдин** – Алла ата-анасына көмекши, жәрдемши болатуғын бала инам етти деп қойылған исм.

**Қыясбай, Қыясбек** – 1) ылайықлы жигит болсын деп қойылған исмлер; 2) Қарақалпақстан халық жыраўы Қыяс жыраўдың (1903 – 1974) ҳүрметине қойылған исмлер.

**Қыятбай, Қыятбек, Қыятжан** – қыят урыўының баласы болғаны ушын қойылған исмлер.

## Л

**Лала, Лалабийке, Лалагүл, Лалазар, Лалахан, Лалаханайым** — 1) лала гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) бәҳәрде лала гүллер ашылған пайытта туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Ләззет, Ләззетбийби, Ләззетбийке, Ләззетгүл, Ләззетхан** − 1) өмири ләззетли, мазмунлы болсын деп қойылған исмлер; 2) ата-анасына ләззетли, мазалы, татлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 3) өмирден ләззет алып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Ләтийпа** — мүлайым, меҳрийбан, қайырқом қыз болсын деп қойылған исм.

**Левитан** − радио дикторы, СССР халық артисти Юрий Левитандай (1914 − 1983) атақлы адам болсын деп қойылған исм.

**Лепесбай** − Алланың қүдирети, нәпеси менен туўылған бала деп қойылған исм.

**Лиза** — 1) 1941−1945-жыллардағы Ўатандарлық урыста қаҳарман болған Лиза Чайкинаға (1918 — 1941) уқсаған мәрт, батыр қыз болсын деп қойылған исм; 2) италиялы сүўретши, скульптор, архитектор Леонардо да Винчидиң (1452 — 1519) салған портретиндеги Мона Лизадай дүньяға белгили қыз болсын деп қойылған исм.

## М

**Мағрыйпа** — оқымыслы, саўатлы, билим тарқатыўшы қыз болсын деп қойылған исм.

**Мадина** — 1) Мекка Мадинадай қүдиретли, уллы инсан болсын деп қойылған исм; 2) анасы усы қызды босанардың алдында Мекка Мадинаға сыйынғаны ушын қойылған исм; 3) Мекка Мадинаға сыйынып, «Алла таала бизге ул бала берсин» деп қойылған исм; 4) әкеси ҳажы сапарына барған жылы туўылған балаға қойылған исм; 5) атасы ҳәм кемпир апасы Мекка зыяратынан келген пайытта туўылған балаға қойылған исм.

**Мадинабану** − Мекка Мадинадай қүдиретли, уллы инсан болсын деп қойылған исм.

**Майлыбай** − қаўынның туқымынан май алған күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Майрамгүл** − май айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Макария, Макариясулыў** — Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратовтың (1915 — 1990) «Макарья сулыў» поэмасына байланыслы қойылған исмлер.

**Мақпал, Мақпалгүл, Мақпалбийке** − мақпалдай жумсақ, жағымлы, мийримли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Мақсет, Мақсетбай, Мақсетбек** — 1) «мурат-мақсетимизгееристик, балалы болдық» деп қойылған исмлер; 2) ҳәмме ўақыт мурат-мақсетине жетип жүрсин деп қойылған исмлер.

**Мақсетдин, Мақсетулла** − Алла бизди мурат-мақсетимизге жеткерди, перзентли етти деп қойылған исмлер.

**Мақулбай, Мақулбек** − жақсы, мүнәсип, арзыйтуғын бала болсын деп қойылған исмлер.

**Малика** − 1) мәртебели, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) шаңарағымыздың маликасы болып жүрсин деп қойылған исм; 3) қызлардың маликасы болсын деп қойылған исм; 4) төрт баладан кейин туўылған, «әжағаларының маликасы болып жүрсин» деп қойылған исм.

**Маман, Маманбай, Маманбек** — 1) өз исиниң қәнийгеси, уста, маман адам болсын деп қойылған исмлер; 2) Маман бийдей (1712 − 1784) батыр ҳәм мәрт болсын деп қойылған исмлер.

**Маманбий** − Маман бийге (1712 − 1784) уқсаған батыр ҳәм мәрт болсын деп қойылған исм.

**Мамытбай, Мамытбек, Мамытжан, Мамытнияз** − мақтаўға, алғысқа ылайық жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Мансур** − Өзбекстан халық артисти Мансур Ташматовтай атақлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Маңғытбай** — 1) маңғыт урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм; 2) Әмиўдәрья районының орайы Маңғытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) дәўлетли, бай жигит болсын, байлыққа маңғытып қалсын деп қойылған исм.

**Марат, Маратбай, Маратбек** — 1) француз революционери Жан Поль Мараттың (1743 − 1793) ҳүрметине қойылған исмлер; 2) 1941 − 1945-жыллардағы Ўатандарлық урыста қаҳарман болған Марат Казейдей (1929 − 1944) мәрт, батыр жигит болсын деп қойылған исмлер; 3) академик Марат Нурмухаммедовтай (1930 − 1986) үлкен илимпаз болсын деп қойылған исмлер; 4) Мойнақ қаласындағы Марат аўылында туўылғаны ушын қойылған исмлер; 5) мартта туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Маржан** − 1) маржандай қәдирли, әзийз, сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) көзлери көк болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Маржанай, Маржанбийби, Маржанбийке, Маржангүл, Маржанқыз, Маржанхан, Маржийна** — маржандай қәдирли, әзийз, сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Марқабай** — 1) қойлар қозылап атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 2) даңқы елге жайылған Марқабай Оразымбет улындай (1883 — ?) мәрт, батыр жигит болсын деп қойылған исм; 3) анасы усы балаға еки қабат ўақтында балыққа жерик болғаны ушын қойылған исм; 4) Қараөзек районындағы *Марқакөл* деген жерде туўылғаны ушын қойылған исм; 5) несийбели, дәўлетли адам болсын деп қойылған исм.

**Марлен** − *Маркс* ҳәм *Ленин* фамилияларының биринши буўынларынан жасалған исм.

**Марта** – мартта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Махмуд** – мақтаўға ылайық жигит болсын деп қойылған исм.

**Мая** — май айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Мәденбай** – мәдени тоқ болып жүрсин, бай болсын, тарықпасын деп қойылған исм.

**Мәдирейим** – *Мухаммедрейим* исминиң қысқарған формасы; мийиримшәпәәтли, мүриўбетли инсан болсын деп қойылған исм.

**Мәдияр, Мәдиярбек** – *Мухаммедияр* исминиң қысқарған формасы; 1) Мухаммед пайғамбар яр болып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) мәдет яр болсын деп қойылған исмлер.

**Мәмбетәлий** – *Мухаммедәлий* исминиң қысқарған формасы; Мухаммед ҳәм Әлий пайғамбарлардай мәртебели, дәўлетли инсан болсын деп қойылған исм.

**Мәмбетжума** – *Мухаммеджума* исминиң қысқарған формасы; жума күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Мәмбетияр** – *Мухаммедияр* исминиң қысқарған формасы; Мухаммед пайғамбар яр болсын, қоллап жүрсин деп қойылған исм.

**Мәмбеткәрим** – *Мухаммедкәрим* исминиң қысқарған формасы; Алла таала бизге және перзент берди деп қойылған исм.

**Мәмбетқабыл** – *Мухаммедқабыл* исминиң қысқарған формасы; тилегимиз қабыл болып, перзентли болдық деп қойылған исм.

**Мәмбетқәдир** – *Мухаммедқәдир* исминиң қысқарған формасы; 1) Қәдир түнде туўылғаны ушын қойылған исм; 2) қәдирли, абырайлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Мәмбетқурбан** – *Мухаммедқурбан* исминиң қысқарған формасы; қурбан ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Мәмбетмурат** – *Мухаммедмурат* исминиң қысқарған формасы; «Мухаммед пайғамбардың өзи мурат-мақсетимизге жеткерди» деп қойылған исм.

**Мәмбетназар** — *Мухаммедназар* исминиң қысқарған формасы; 1) «Мухаммед пайғамбардың нәзери, меҳири түсип, бизге перзент берди» деп қойылған исм; 2) Муҳаммед пайғамбардың нәзери, меҳири түсип жүрсин деген тилек пенен қойылған исм.

**Мәмбетнияз** – *Мухаммеднияз* исминиң қысқарған формасы; «Мухаммед пайғамбар бизге перзент инам етти» деп қойылған исм.

**Мәмбетсапар** – *Мухаммедсапар* исминиң қысқарған формасы; сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Мәмбетулла** – *Мухаммедулла* исминиң қысқарған формасы; «Алла таала бизге перзент берди» деп қойылған исм.

**Мәмбетшәрип** – *Мухаммедшәрип* исминиң қысқарған формасы; ҳүрметли, абырайлы, атақлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Мәмбетырза** – *Мухаммедырза* исминиң қысқарған формасы; Қудайдың бизге перзент бергенине ырзаман деп қойылған исм.

**Мәпруўза** – ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Мәрзия** – 1) сүйкимли, жағымлы, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) мәрзиядай қәдирли, қымбатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Мәриям** – Ийса пайғамбардың анасындай мәртебели, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм.

**Мәриямгүл** – 1) Ийса пайғамбардың анасындай мәртебели қыз болсын деп қойылған исм; 2) 1 - Май – бурынғы Халық аралық мийнеткешлер күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Мәтжан** – *Мухаммеджан* исминиң қысқарған формасы; Мухаммед пайғамбардың нәзери, меҳири түсип, бизге перзент берди деп қойылған исм.

**Мәтқурбан** – *Мухаммедқурбан* исминиң қысқарған формасы; қурбан ҳайыт күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Мәтмурат** – *Мухаммедмурат* исминиң қысқарған формасы; Мухаммед пайғамбардың өзи мурат-мақсетимизге жеткерди деп қойылған исм.

**Мәтназар** – *Мухаммедназар* исминиң қысқарған формасы; 1) Мухаммед пайғамбардың нәзери түсип, бизге перзент берди деп қойылған исм; 2) Мухаммед пайғамбардың нәзери, меҳири түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Мәтнияз** – *Мухаммеднияз* исминиң қысқарған формасы; Мухаммед пайғамбар бизге перзент инам етти деп қойылған исм.

**Мәтырза** – *Мухаммедырза* исминиң қысқарған формасы; Мухаммед пайғамбардың бизге перзент бергенине ырзамыз деп қойылған исм.

**Мәўленберген, Мәўленберди, Мәўленқул** — «Қудай таала бизге перзент берди» деп қойылған исмлер.

**Мәшәрип** – *Мухаммедшәрип* исминиң қысқарған формасы; ҳүрметли, абырайлы, атақлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Медет, Медетбай, Медетбек, Медетулла** — ата-анасына, ағайин-туўысқанларына күш-қуўат, мәдет, көмекши болып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Меңлибай, Меңлибек, Меңлимурат, Меңлихожа** — денесиниң бир жеринде қал (мең) болғаны ушын қойылған исмлер.

**Меңлибийке, Меңлигүл, Меңлихан** – денесинде қал (мең) болғаны ушын қойылған исмлер.

**Мерўерт** — мерўерт тасындай қымбат, қәдирли, әзийз ҳәм шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Меҳриберди** – Қудайдың меҳири түсип, бизге перзент берди деп қойылған исм.

**Меҳрижамал** – меҳирли, сәҳибжамал қыз болсын деп қойылған исм.

**Меҳрийбан** — ата-анасына, жақынларына, яр-досларына мийримли, ғамхор, баўырман, жанкүйер қыз болсын деп қойылған исм.

**Меҳрийбану** – 1) мийримли, меҳрийбан ҳәм шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) 2004 - жыл – Меҳир-мүриўбет жылы туўылғаны ушын қойылған исм.

**Меҳрийбаным** – ғамхоршы, меҳрийбан қыз болсын деп қойылған исм.

**Меҳрийхан** — адамларға меҳирли болсын деп қойылған исм.

**Меҳриназар** – Алланың меҳири, нәзери түсип, перзентли болдық деп қойылған исм.

**Мийирбек** — 1) мийирман, қайырқом, ғамхор инсан болсын деп қойылған исм; 2) 2004 - жыл – Меҳир-мүриўбет жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 3) ата-анасына мийримли бала болсын деп қойылған исм.

**Мийиргүл** – 1) мийримли, меҳрийбан, баўырман қыз болсын деп қойылған исм; 2) қыздан мийримиз қанды, ендигиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Мийирман, Мийирманбек** – мийримли, шәпәәтли, қайырлы жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Мийирхан** — мийримли, баўырман, меҳрийбан қыз болсын деп қойылған исм.

**Мийрас** – 1) әўладларымызды даўам еттиретуғын мийрас болсын деп қойылған исм; 2) анасы усы баланы босанып қайтыс болған, «анасынан мийрас болып қалды» деп қойылған исм.

**Мийрасбай, Мийрасбек** — 1) әўладларымызды даўам еттиретуғын мийрас болып қалсын деген тилек пенен қойылған исмлер; 2) әкесиниң изин бассын деп қойылған исмлер; 3) атасы қайтыс болған күни туўылған, «мийрас болып қалсын» деп қойылған исмлер; 4) шаңарағымыздың, үйимиздиң мийрасхоры болсын деп қойылған исмлер; 5) әкеси усы бала туўылмастан алдын қайтыс болған, «әкесинен мийрас болсын» деп қойылған исмлер; 6) анасы усы баланы босанып қайтыс болған, «анасынан мийрас болып қалсын» деп қойылған исмлер.

**Мийригүл, Мийримхан** – мийримли, шәпәәтли, баўырман, меҳрийбан қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Мийўегүл** — 1) изи жүзимниң мийўесиндей көбейе берсин деген тилек пенен қойылған исм; 2) бәҳәрде мийўе тереклери гүллеп атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) теректей мийўели, жемисли болсын деп қойылған исм.

**Минайхан** – 1) әдепли, тәрбиялы, мүлайым қыз болсын деп қойылған исм; 2) Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәдeният хызметкери Минайхан Жуманазаровадай (1957 – 2019) шайыр болсын деп қойылған исм.

**Минайым** — ҳеш жеринде мини жоқ, сулыў, мүлайым, әдепли қыз болсын деп қойылған исм.

**Минарай, Минаргүл, Минархан** – мәртебеси минардай бийик, абырайлы инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Минарбай** – мәртебеси минардай бийик, абырайлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Мингес** – бизге ул балаларды мингестирип берди деп қойылған исм.

**Минсизбай** – ҳәмме нәрсеси минсиз болсын деп қойылған исм.

**Мира** – рус тилиндеги *мир* «тынышлық, парахатшылық» сөзинен жасалған исм; елимиз тыныш ҳәм абадан болсын деп қойылған исм.

**Мирабат** – елимиз тыныш (рус тилинде *мир*) ҳәм абат болсын деп қойылған исм.

**Миратдин** – мирәтли, миймандос адам болсын деп қойылған исм.

**Мирәзийз** – ҳүрметли, әзийз, уллы инсан болсын деп қойылған исм.

**Мирполат** – полаттай беккем, қарыўлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Миртурды** – турсын, жасасын, өмири узақ болсын деп қойылған исм.

**Миясар** — 1) мүнәсип, ылайық, жақсы қыз болсын деп қойылған исм; 2) «қызлы болыў бахтына миясар болдық» деп қойылған исм; 3) анасы усы қызды босанарда бир өлимнен қалған, «өмирди қайта көриўге миясар болдым» деп қойылған исм; 4) Алла бизге усы қызды миясар қылды деп қойылған исм; 5) үйимизге миясар қыз болсын деп қойылған исм.

**Мойнақбай** — Мойнақ районында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Мөлдир** – минези суўдай тынық, таза ҳәм ҳадал қыз болсын деп қойылған исм.

**Муқаддес** – 1) анасы муқаддес орынларды зыярат етип келген күни босанғаны ушын қойылған исм; 2) ҳәммеге қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Мурат, Муратбай, Муратбек** – 1) мурат-мақсетимизге жеттик, муратымыз орынланды деп қойылған исмлер; 2) мурат-мақсетине ерисип жүрсин, мураты ҳақ болсын деп қойылған исмлер.

**Муратәлий, Мураталы, Муратнияз** – Әлий пайғамбар бизди мурат-мақсетимизге жеткерди деп қойылған исмлер.

**Мураткамал** – муратына, камалына жетип жүрсин деп қойылған исм.

**Муслийма** – 1) пәк, ҳадал, таза қыз болсын деп қойылған исм; 2) Қарақалпақстанға мийнети синген мәдениямт хызметкери Муслима Әбдинайымовадай (1947 – 2020) белгили инсан болсын деп қойылған исм.

**Муўса** – 1) Муўса пайғамбардай мәртебели, уллы инсан болсын деп қойылған исм; 2) Муўса бақсыдай (1854 – 1907) атақлы адам болсын деп қойылған исм; 3) 2002 – 2020 - жыллары Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси баслығы болып ислеген Муўса Ерниязовтың (1947 – 2020) ҳүрметине қойылған исм.

**Муўсабай, Муўсабек, Муўсатдин** — Муўса пайғамбардай мәртебели, уллы адам болсын деп қойылған исмлер.

**Мухаббат** — 1) «мухаббатымыз жемиси» деп туңғыш қызына қойылған исм; 2) «мухаббатымыз мәңги болсын» деп қойылған исм; 3) адамларға мухаббаты жақсы болып жүрсин, садық дос болсын деп қойылған исм; 4) Өзбекстан халық артисти Мухаббат Шамаевадай атақлы инсан болсын деп қойылған исм; 5) меҳир-мүриўбетли, мухаббатқа толы қыз болсын деп қойылған исм.

**Мухаммед** — Пайғамбардай атақлы, мәртебели инсан болсын деп қойылған исм.

**Мухаммедәлий** — Мухаммед ҳәм Әлий пайғамбарлардай мәртебели, үлкен инсан болсын деп қойылған исм.

**Мухаммедберди** – Мухаммед пайғамбар бизге перзент инам етти деп қойылған исм.

**Мухаммеддин** — Пайғамбардай уллы инсан болсын деп қойылған исм.

**Мухаммеджан** — «Мухаммед пайғамбардың нәзери, меҳири түсип, бизге перзент берди» деп қойылған исмлер.

**Мухаммедияр** — Пайғамбарымыздың өзи яр болсын, қоллап жүрсин деп қойылған исм.

**Мухаммедмурат** – Мухаммед пайғамбардың өзи бизди мурат-мақсетимизге жеткерди деп қойылған исм.

**Мухаммеднияз** – Пайғамбарымыз бизге перзент инам етти деп қойылған исм.

**Мухаммедулла** – Алла таала бизге перзент инам етти деп қойылған исм.

**Мухаммедшәрип** – ҳүрметли, атақлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Мухаммедырза** – Қудайдың бизге перзент бергенине ырзаман деп қойылған исм.

**Мухтар, Мухтарбай, Мухтарбек** — қазақ жазыўшысы Мухтар Әўезовтай (1897 — 1961) атақлы инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Мүбәрек** – 1) Рамазан айында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) той күни туўылғаны ушын қойылған исм; 3) 1 - Сентябрь — Билимлер күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Мүйтенбай** — 1) мүйтен урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм; 2) Қараөзек районындағы Мүйтен аўылында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Мүйтенбек** — мүйтен урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм.

**Мыңбай, Мыңжан, Мыңназар** – өмир жасы узақ болсын, көп жасасын деп қойылған исмлер.

**Мырзаахмет** – абырайлы, мәртебели жигит болсын деп қойылған исм.

**Мырзабай** – 1) мәртебели, бай-дәўлетли жигит болсын деп қойылған исм; 2) үйимиздиң мырзасы, төреси болсын деп қойылған исм.

**Мырзабек** – мырзалардай, беклердей мәртебели, абырайлы адам болсын деп қойылған исм.

**Мырзабийке** – 1) оқымыслы, абырайлы, мәртебели қыз болсын деп қойылған исм; 2) усы қыздан кейин ул бала туўылсын деп қойылған исм.

**Мырзагүл** – 1) оқымыслы, билимли, мәртебели ҳәм гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) усы қыздан кейингиси ул бала болсын деп қойылған исм; 3) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Мырзагүл Сапаевадай белгили қосықшы болсын деп қойылған исм.

**Мырзалы, Мырзаәлий** – Әлий пайғамбардай мәртебели, абырайлы инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Мырзамбет** — мырзалардай, беклердей болып жүрсин деп қойылған исм.

**Мырзамурат** — жигитлердиң мырзасы, султаны болып жүрсин деп қойылған исм.

**Мырзаназар** – мырзалардай мәртебели инсан болсын деп қойылған исм.

**Мырзаполат** – полаттай беккем, шыдамлы, қарыўлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Мырзасайым** – бай, дәўлетли, ырысқы-несийбели жигит болсын деп қойылған исм.

**Мэлс, Мэлсбай** – *Маркс, Энгельс, Ленин, Сталин* фамилияларының биринши ҳәриплеринен жасалған исмлер.

## Н

**Набатгүл, Набатхан** — жағымлы, сүйкимли, шийрин қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Нағыйма** — мийримли, инабатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Надежда** – усы қыздан кейингиси ул бала болсын деген үмит (рус тилинде *надежда*) пенен қойылған исм.

**Назарбай** — 1) «Алланың нәзери, меҳири менен туўылған бала» деп қойылған исм; 2) журттың ықласына, нәзерине бай болсын деп қойылған исм; 3) ҳәмменин дыққат-итибарында болып жүрсин деп қойылған исм; 4) Алланың нәзери түскен бала болсын деп қойылған исм; 5) таңда (рус тилинде *на заре*) туўылғаны ушын қойылған исм.

**Назарбек** – 1) Алланың нәзери түскен бала болсын деп қойылған исм; 2) нәзери бәлент, көзге түскендей жигит болсын деп қойылған исм.

**Назархан** – Алланың нәзери, мүриўбети менен туўылған балаға қойылған исм.

**Назарымбет** – Алланың нәзери түсип туўылған бала деп қойылған исм.

**Назбийби, Назбийке** — назлы, мүлайым, гөззал қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Назерке** – назлы ҳәм ерке қыз болсын деп қойылған исм.

**Назийма** – назлы, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Назийпа** – назлы, сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Назийра, Назийрахан** – назлы, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Назлы** – 10 айда туўылғаны ушын, «назлы қыз болды» деп қойылған исм.

**Назлыбийби, Назлыбийке** — ийбели, назлы, сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Назлыгүл** — назлы, ерке, ийбели, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Назлымхан** – назлы, сүйкимли, сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Назлынайым** – назлы, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Назлыхан** — назлы, сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Назминайым** — назлы, мүлайым, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Найзабай, Найзабек** – 1) найзадай өткир, беккем жигит болсын деп қойылған исмлер; 2) алдынғы перзентлери қайтыс болған, «мына бала найзадай қадалып, өмир сүрсин» деп қойылған исмлер.

**Нарбай** — 1) үлкен, күшли, мықлы жигит болсын деп қойылған исм; 2) денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исм; 3) үлкен бай жигит болсын деп қойылған исм.

**Нарбийке** – анардың гүлиндей сулыў ҳәм нардай қыз болсын деп қойылған исм.

**Наргиз, Наргиза, Наргизабану** – 1) наргис гүлиндей нәзик, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) нардай қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Наргүл** — 1) анардың гүлиндей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) анар тереклери гүллеп атырған мәҳәлде туўылғаны ушын қойылған исм; 3) денесинде қызыл қал болғаны ушын қойылған исм; 4) шаңарақтың үлкен қызы болғаны ушын қойылған исм.

**Наржан, Наржанбийке, Наржангүл, Наржанхан** — 1) анардың гүлиндей сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) денесиниң бир жеринде қызыл қал болғаны ушын қойылған исмлер.

**Нарман, Нармурат, Нарымбай, Нарымбет, Нарымжан** — нардай үлкен, қарыўлы жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Нарполат** – нардай үлкен, күшли ҳәм полаттай беккем жигит болсын деп қойылған исм.

**Насийба, Насийпа** — ырысқы-несийбели, әўметли, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Насыратдин, Насырулла** – Алла таала бизге перзент инам етти, жәрдемши, көмекши берди деп қойылған исмлер.

**Наўайы** – Әлийшер Наўайыдай (1441 – 1501) атақлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Наўрызай** – Наўрыз байрамы күнлери туўылғаны ушын қойылған исм.

**Наўрызалы, Наўрызәлий** – Наўрыз байрамында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Наўрызбай** – 1) Наўрыз байрамында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) 1-январьда жаңа жылда туўылғаны ушын қойылған исм; 3) анасы усы балаға еки қабат ўақтында наўрызлық гөжеге жерик болғаны ушын қойылған исм.

**Наўрызбек** – Наўрыз байрамы күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Наўрызбийке, Наўрызгүл, Наўрызхан** — Наўрыз байрамында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Наўрызмәмбет, Наўрызымбет** – Наўрыз байрамы күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Нафийса** – нәзик ҳәм сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Нәбийра** – 1) «ақлық қыз» деген мәниде қойылған исм; 2) Қарақалпақстан халық шайыры Нәбийра Төрешовадай шайыр болсын деп қойылған исм.

**Нәғметдин, Нәғметулла** – «Алланың мәрҳаматы, мүриўбети менен туўылған бала» деп қойылған исмлер.

**Нәдийра** – ҳасыл, қымбатлы, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Нәжиматдин** – мәртебели, дәўлетли жигит болсын деп қойылған исм.

**Нәзакат** – нәзик, дилўар қыз болсын деп қойылған исм.

**Нәзенайым** – назлы, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Нәзербай** – Алланың нәзери түскен бала болсын деп қойылған исм.

**Нәзигүл** – 1) минези нәзик қыз болсын деп қойылған исм; 2) назбай гүлдей ашылып жүрсин, нәзик болсын деп қойылған исм.

**Нәзийма** — тәртип-интизамлы, әдепли, азада ҳәм сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Нәзийпа** – таза, пәк қыз болсын деп қойылған исм.

**Нәзийра** — 1) Алланың нәзери түсип жүрсин деген тилек пенен қойылған исм; 2) назлы, нәзик қыз болсын деп қойылған исм.

**Нәзийрахан** – назлы, нәзик қыз болсын деп қойылған исм.

**Нәзихан** – нәзик ҳәм назлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Нәўбәҳәр** — 1) бәҳәрде туўылғаны ушын қойылған исм; 2) Наўрыз байрамында туўылғаны ушын қойылған исм; 3) өмири бәҳәрдей гүллеп жайнасын деп қойылған исм.

**Нәўбетбай, Нәўбетбек, Нәўбетулла** — «өз нәўбети, өз орны менен туўылған бала» деген мәниде қойылған исмлер.

**Нәўпирбай** – дәрьяның суўындай толып-тасып жүрсин деп қойылған исм.

**Несийбели** — 1) шаңарағымызға несийбе, берекет алып келетуғын қыз болсын деп қойылған исм; 2) ырысқы-несийбели, бахытлы қыз болсын деп қойылған исм; 3) алты ул баладан кейин туўылған, «қыздан несийбемиз бар екен» деп қойылған исм.

**Несийбелиай, Несийбехан** – ырысқы-несийбели, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Несипбай** – 1) усы баланы көриў несип етти деп қойылған исм; 2) өмир жолында жақсы күнлерди көриў несип етсин, бахытлы жасасын деп қойылған исм.

**Несипгүл** – қызлы болыў несип етти деп қойылған исм.

**Нигар, Нигара, Нигарай, Нигаргүл, Нигархан** — шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Нигина** – жүдә нәзик болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нийетбай** — 1) «нийетимизге жеттик» деп қойылған исм; 2) «Алладан сорап, нийет етип алған бала» деп қойылған исм; 3) нийети дүзиў, ҳадал инсан болсын деп қойылған исм; 4) ойлаған нийет-мақсетине жетип жүрсин, нийети жолдасы болсын деп қойылған исм.

**Нийетбийке, Нийетгүл** – нийетимизге жеттик, қызлы болдық деп қойылған исмлер.

**Нийетжан** – 1) «нийетиме жеткизип, аман-есен дүньяға келсин» деп қойылған исм; 2) нийетим орынланды, перзентли болдым деп қойылған исм.

**Нийетқабыл** – нийетимиз қабыл болып, ул бала туўылды деп қойылған исм.

**Нийетулла** – 1) «Алладан сорап, тилеп алған бала» деген мәниде қойылған исм; 2) нийетимизге жеттик, нийет еткен улымыз туўылды деп қойылған исм; 3) арзыў-әрманларына, нийетлерине ерисип жүрсин деп қойылған исм.

**Нилуфар** – нилуфар өсимлигиндей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ниязбай, Ниязбек** – 1) Алладан тиленип, сорап алған бала деп қойылған исмлер; 2) аязлы күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Ниязбийке, Ниязгүл** – Алладан өтинип, сорап алған қыз деп қойылған исмлер.

**Ниязмурат** – Алла бизге перзент инам етти, муратымызға жеткерди деп қойылған исм.

**Ниязымбет** – Алла бизге перзент инам етти деп қойылған исм.

**Нөкисбай** — 1) Нөкис қаласында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) Нөкис районында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нурабулла** – Алла бизге перзент берди, нур берди деп қойылған исм.

**Нуратдин** — 1) нуры жанған, бақ-дәўлети асқан адам болсын деп қойылған исм; 2) күнниң нуры, сәўлеси түсип турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) ата-анасының нуры болсын деп қойылған исм.

**Нурәзийз** – қәдирли, әзийз инсан болсын деп қойылған исм.

**Нурбай** – келешеги нурлы, жарқын болсын деп қойылған исм.

**Нурбану** — өмири нурлы, шадлы ҳәм сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Нурбәҳәр** – 1) келешеги нурлы ҳәм қуяштай шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) бәҳәрде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нурбек** — келешеги нурлы, жарқын болсын, беклердей болып жүрсин деп қойылған исм.

**Нурберген, Нурберди** — 1) «бизге нур берди перзент берди» деп қойылған исмлер; 2) күнниң нуры, сәўлеси түсип турған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Нурбийби, Нурбийке** – 1) нурдай жарқын, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) өмири нурлы, шадлы болсын деп қойылған исмлер.

**Нурбол** – 1) келешеги айдын, нурлы болсын деп қойылған исм; 2) таңда қуяш шығып киятырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нурболсын, Нурбосын** – келешеги нурлы, айдын болсын деп қойылған исмлер.

**Нургүл** — келешеги нурлы ҳәм гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Нурдана** — қуяштай сулыў ҳәм ақыллы қыз болсын деп қойылған исм.

**Нурдәўлет** — нурлы, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм.

**Нуржайна** — өмири нурлы, шадлы болсын деп қойылған исм.

**Нуржамал** — 1) жамалы қуяштай шырайлы болсын деп қойылған исм; 2) күнниң нуры түсип турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) қуяшқа уқсап сары болып туўылғаны ушын қойылған исм; 4) Алланың нуры жаўсын деп қойылған исм; 5) жаўын жаўып турған күни туўылған, «аспаннан нур жаўып турыпты» деп қойылған исм.

**Нуржан** — келешеги нурлы, жарқын болсын деп қойылған исмлер.

**Нуржанар** – азанда туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нуржаўбай** – Алланың нуры жаўсын, бахытлы болсын деп қойылған исм.

**Нуржаўған** – төрт ул баладан кейин туўылған, «қыз нурдай жаўылсын» деп қойылған исм.

**Нуржәмийла** — нурдай жарқын, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Нуржәҳән** — нурлы, бахытлы өмир сүрсин деп қойылған исм.

**Нурзада** — 1) қуяштай сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) үйимиздиң нуры, қуўанышы болсын деп қойылған исм; 3) күн өзиниң нурын таратып турған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нурзийба** — қуяштай шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Нурзия** – қуяштың нурындай жарқын, сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Нурийпа** – нурлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Нурия, Нурияхан** — келешеги нурлы, айдын, сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Нуркамал** – келешеги нурлы, жарқын болсын деп қойылған исм.

**Нурқабыл** – тилегимиз қабыл болды, перзент көрдик деп қойылған исм.

**Нурқумар** – арзыў-әрманлар менен күткен перзент деп қойылған исм.

**Нурқуяш** – қуяштың нурындай жарқын болсын деп қойылған исм.

**Нурлан, Нурланбек, Нурланмурат** – 1) қуяш жарқырап, нурын шашып турған күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) өмири нурлы, жақтылы болсын, барған жерин нурландырып жүрсин деп қойылған исмлер; 3) нурланып, көркейип жүрсин, үйимизди нурға бөлесин деп қойылған исмлер.

**Нурлепес** — «Алланың көмеги, нәпеси менен туўылған бала» деп қойылған исм.

**Нурлыайым** – қуяштың нурындай жарқын, айдай сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Нурлыбай** — 1) өмири нурлы, жарқын болсын деп қойылған исм; 2) шаңарағымызға нур алып келсин деп қойылған исм; 3) үйимиздиң нуры, өшпес шырағы болсын деп қойылған исм; 4) аўылына электр тогы келген жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 5) аўылына газ келген

пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 6) жолы бәрқулла ашық, нурлы болсын деп қойылған исм.

**Нурлыбек** — 1) келешеги нурлы, жарқын, айдын болсын деп қойылған исм; 2) үйимизге нур алып келсин, үйимиздиң нуры, бахыты болсын деп қойылған исм; 3) қуяштай нурын шашып турсын, сулыў жигит болсын деп қойылған исм; 4) жүрген жолына, ислеген ислерине бәрқулла нур жаўып турсын деп қойылған исм.

**Нурлыбийке, Нурлыгүл** — келешеги нурлы, жарқын, айдын, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Нурлымурат** — келешеги нурлы, айдын болсын, мурат-мақсетине жетип жүрсин деп қойылған исм.

**Нурлыхан** – 1) өмири нурлы, шадлы, қуяштай сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) таңда күнниң нуры жаңа шығып киятырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нурман** – «шаңарағымыздың нуры» деп қойылған исм.

**Нурмурат** — 1) шаңарағымызға нур алып келсин деп қойылған исм; 2) келешеги нурлы, айдын болсын деп қойылған исм; 3) күнниң нуры, сәўлеси түсип турған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нурмухаммед** — 1) шаңарағымызға нур, бахыт алып келсин, Пайғамбардай уллы инсан болсын деп қойылған исм; 2) академик Марат Нурмухаммедовтай (1930 — 1986) үлкен илимпаз, абырайлы адам болсын деп қойылған исм.

**Нурмухаммедәлий** – Алланың нуры жаўсын деп қойылған исм.

**Нурназар** — 1) «Алланың нәзери түскен бала болсын» деп қойылған исм; 2) анасы таңның алдында нурға сыйынып босанғаны ушын қойылған исм; 3) өмири нурлы болсын деп қойылған исм; 4) күнниң нуры, сәўлеси түсип турған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нурнияз** — 1) «Алла бизге нур, бахыт инам етти» деп қойылған исм; 2) күнниң нуры, сәўлеси түсип турған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нурполат** — полаттай беккем, мықлы күшли жигит болсын деп қойылған исм.

**Нурсая** – адамларға нуры, саясы түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Нурсәўле** – 1) күнниң нуры, сәўлеси түсип турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 2) адамларға нуры, сәўлеси түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Нурсултан** – 1) келешеги нурлы, мәртебели инсан болсын деп қойылған исм; 2) жигитлердиң султаны болып жүрсин деп қойылған исм.

**Нурсулыў** — 1) нурдай жарқын, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) күнниң нуры, сәўлеси түсип турған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) өмири нурлы, жарқын болсын деп қойылған исм.

**Нуртаңгүл** – таңда туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нуртилеў** — өмири нурлы, жарқын болсын деп қойылған исм.

**Нурулла** — Алланың нуры, меҳири түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Нурхан** – 1) ажарлы, сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) усы қыздан кейин ул бала туўылсын деп қойылған исм.

**Нурхожа** – Алланың нуры жаўсын деп қойылған исм.

**Нурҳасыл** – ҳасыл, қәдирли перзент болсын деп қойылған исм.

**Нурҳаят** – нурлы, жарқын өмир кеширсин деп қойылған исм.

**Нуршад** — өмири нурға ҳәм шадлыққа толы болсын деп қойылған исм.

**Нурымбай, Нурымбет** – «нурым, жарығым, сәўлем» деп қойылған исмлер.

**Нызаматдин** — 1) тәртипли, әдепли бала болсын деп қойылған исм; 2) 8 - Декабрь — Өзбекстан Республикасы Конституциясы күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Нышанбай, Нышанбек** – 1) ата-анасынан нышан болып қалсын деп қойылған исмлер; 2) денесинде қандай да бир белги, нышан (жара, өсимше) менен туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Нышангүл** — 1) денесинде артықша бир белги (нышан) болғаны ушын қойылған исм; 2) өзинен қандай да бир атақ, нышан қалсын деп қойылған исм.

## О

**Одина** – рус тилиндеги *один* «бир» сөзинен жасалған исм; «биринши күни (дүйшемби) туўылды» деген мәниде қойылған исм.

**Оймахан** – бир мәнзилди ойып, сол жерде отаў тиксин, керегели болсын деп қойылған исм.

**Октябрина** — октябрьде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Октябрь** – октябрьде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Олжабай** — 1) олжаға бай, несийбели, дүньялы, мәртебели жигит болсын деп қойылған исм; 2) балам маған олжа болсын деп қойылған исм; 3) әкеси аңнан көп олжа менен қайтқан күни туўылған балаға қойылған исм.

**Оля** – ендиги перзентимиз ул бала болсын деп қойылған исм.

**Омар** – 1) Омар Ҳайямдай (1048 – 1122) атақлы инсан болсын деп қойылған исм; 2) Омар халифадай мәртебели, дәўлетли инсан болсын деп қойылған исм; 3) узақ өмир көрсин деп қойылған исм.

**Омарбай, Омарбек** – өмир жасы узақ болсын деп қойылған исмлер.

**Оңалсын** – туўылғаннан баслап аўырған, «оңалсын, саўалып кетсин» деп қойылған исм.

**Оңғарбай, Оңғарбек** — 1) Алла тилегимизди оңынан келтирсин, бала саў-саламат жасап кетсин деген тилек пенен қойылған исмлер; 2) ислери бәрқулла оңынан келип жүрсин, әўметли адам болсын деп қойылған исмлер; 3) биринши бала болғаны ушын, «изиндегилер оралып ҳәм оңалып кетсин» деп қойылған исмлер.

**Оразалы, Оразәлий, Оразатдин** — ораза айында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Оразалина** − ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Оразбай, Оразбек** — 1) ораза айында туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) бахытлы, әўметли, ырысқы-несийбели жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Оразбийби, Оразбийке** — ораза айында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Оразгүл** — 1) ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) гүлдей шырайлы ҳәм бахытлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Оразкелди** − ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Оразмухаммед, Оразмухаммедәлий** − ораза айында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Оразназар, Оразнияз** — ораза айында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Оразхан** — ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Оразымбет** — ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Орақбай** — 1) киндиги орақ пенен кесилгени ушын қойылған исм; 2) орақтай кескир, өткир жигит болсын деп қойылған исм; 3) гүзде егин орағы пайытында туўылған балаға қойылған исм.

**Оралбай** — 1) изи оралып, көбейе берсин деген тилек пенен қойылған исм; 2) туўылғанда оралып түскени ушын қойылған исм; 3) «хожалығымыз қайта тикленсин, бир-бирине оралсын» деген нийет пенен қойылған исм; 4) бир қолы айланып оралып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Оралбек** — 1) изи оралып, көбейе берсин деп қойылған исм; 2) оратылып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Оралбийке, Оралгүл** — изи оралып, қуралып, көбейе берсин деген тилекте қойылған исмлер.

**Оралхан** — 1) изи оралып, қуралып кетсин, көбейсин деп қойылған исм; 2) оратылып туўылғаны ушын қойылған исм; 3) әкеси сапардан аман-есен үйге келсин, оралсын деп қойылған исм; 4) усы қыздың кейининде үкелери оралып жүрсин деп қойылған исм; 5) Урал таўындай бийик, мәртебели қыз болсын деп қойылған исм; 6) өмири узақ болсын, қатарына оралып кетсин деп қойылған исм.

**Ордабай** − балаларым көбейе берсин деп қойылған исм.

**Орманбай, Орманбет** − 1) үрим путағымыз қалың тоғайдай көп болсын деп қойылған исмлер; 2) орманға (тоғайға) ийе болсын, соның байлығына бас болсын деп қойылған исмлер.

**Орынбай** — 1) әкесиниң изин даўамлаўшы, орнын басатуғын инсан болсын деп қойылған исм; 2) қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнын бассын деген тилек пенен қойылған исм; 3) өмирден өз орнын таўып жүрсин деп қойылған исм; 4) ойлаған әрманлары орынлансын деп қойылған исм; 5) кемпир апасының орнын бассын деп қойылған исм.

**Орынбасар, Орынбасқан** — 1) әкесиниң орнын басатуғын адам болсын деп қойылған исмлер; 2) қайтыс болған алдынғы балалардың орнын бассын деп қойылған исмлер; 3) атасының орнын бассын деп қойылған исмлер.

**Орынбек** – өмирде алатуғын орны беккем, жоқары, бийик болсын деп қойылған исм.

**Орынбет** – атасының орнын бассын деп қойылған исм.

**Орынбийби, Орынбийке, Орынхан** – 1) қайтыс болған алдынғы балалардың орнын бассын деп қойылған исмлер; 2) мениң орнымды бассын, үйдиң бийкеси болсын деп атасы қойған исмлер.

**Орынгүл** — 1) қайтыс болған алдынғы балалардың орнын бассын деп қойылған исм; 2) өмирден өз орнын тауып жүрсин деп қойылған исм; 3) «ертең мениң орныма усы қыз қалады», - деп кемпир апасы қойған исм; 4) жүрген, барған жерлерин гүллендирип, рауажландырып жүрсин деп қойылған исм; 5) өз орнына ийе инсан болсын деп қойылған исм; 6) әкесиниң орнын бассын деп қойылған исм.

**Оспан** – батыр, мәрт жигит болсын деп қойылған исм.

**Отарбай** — 1) жайлауға көшип барған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм; 2) отары, отауы бай болсын деп қойылған исм; 3) өриси кең, отарлы болсын деп қойылған исм.

**Отызбай** – 1) әкеси отыз жасқа шыққанда туўылған балаға қойылған исм; 2) 30 - октябрьде туўылғаны ушын қойылған исм.

## Ө

**Өлмесбийке, Өлмесгүл** – жасасын, өмири узақ болсын деп қойылған исмлер.

**Өлмесек** — 1) «ендиги жағында перзентлерим өлмесин» деген тилек пенен қойылған исм; 2) анасы усы қызды босанғанда бир өлимнен аман қалғаны ушын қойылған исм.

**Өлмесхан** – 7 айда туўылған, «жасасын, өмири узақ болсын» деп қойылған исм.

**Өмирбай** — 1) өмир жасы узақ болсын, бай, дәўлетли адам болсын деп қойылған исм; 2) алдынғы перзентлери қайтыс бола берген, «усы баланың өмирин берсин» деп қойылған исм.

**Өмирбақый** – өмири узақ болсын, мәңги жасасын деп қойылған исм.

**Өмирбек** — 1) өмир жасы узақ болсын деп қойылған исм; 2) XIX әсирдиң екинши ярымында жасаған Өмирбек лаққыдай сөзге шебер, шешен, ақыллы, ҳәмме ўақыт күлип, адамларды күлдирип жүрсин деп қойылған исм.

**Өмирбийке, Өмиргүл** — узақ өмир көрсин деп қойылған исмлер.

**Өмирзақ** — өмир жасы узақ болсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Өмирнияз, Өмирхан** – өмири узақ болсын деп қойылған исмлер.

**Өсербай** – 1) өсип-өнсин, өмир жасы узақ болсын деп қойылған исм; 2) жүдә әззи, кишкене болып туўылған, «өсип кетсин» деп қойылған исм; 3) 7 айда туўылған, «жақсы өссин» деп қойылған исм.

**Өскинбай** — өссин, үлкейсин, узақ жасасын деп қойылған исм.

**Өтебай, Өтебек** — 1) қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнына

берилген бала деп қойылған исмлер; 2) бай, дәўлетли адам болсын деп қойылған исмлер.

**Өтебийке** — 1) қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнын өтеди деп қойылған исм; 2) суп-сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 3) бир қолында алты бармақ болғаны ушын қойылған исм; 4) перзентлеримиздиң изи даўам ете берсин деп қойылған исм.

**Өтеген** — қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнын өтеди деп қойылған исм.

**Өтегүл** – қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнын өтеди деп қойылған исм.

**Өтежан** – қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнына берилген бала деп қойылған исм.

**Өтемис** – 1) қайтыс болған әўелги перзентлердиң орнын толтырды, өтеди деп қойылған исм; 2) изи бир-бирине илесип даўам етсин деп қойылған исм.

**Өтемурат** — «қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнына берилген бала» деген мәниде қойылған исм.

**Өтеназар** – Алланың нәзери түсип, бизге бала берди, инам етти, өтеди деп қойылған исм.

**Өтенияз** — Алла бизге қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнына бала берди, инам етти, өтеди деп қойылған исм.

**Өтепбай** – қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнын өтесин деп қойылған исм.

**Өтепберген** — 1) қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнына берилген бала деп қойылған исм; 2) қайтыс болған әкесиниң орнын бассын деген тилек пенен қойылған исм; 3) әкеси әскерий хызметти өтеп келген пайытта туўылған балаға қойылған исм.

**Өтесин** — қайтыс болған алдынғы перзентлердиң орнын толтырсын, өтесин деп қойылған исм.

**Өтеўли** – ул балаға зар болып, тиленип жүргенде туўылған балаға қойылған исм.

**Өтехан** — қайтыс болған әўелги перзентлердиң орнын өтеди деп қойылған исм.

**Өтеш** – Өтеш батырдай (1861 – 1916) дәўжүрек, халық ушын гүресетуғын азамат жигит болсын деп қойылған исм.

**Өткирбай**, **Өткирбек** — зейини өткир, ақыллы адам болсын деп қойылған исмлер.

## П

**Пазыйлет** – пазыйлетли, жақсы қыз болсын деп қойылған исм.

**Пазылбай, Пазылбек** — қәдирли, ҳүрметке ылайық адам болсын деп қойылған исмлер.

**Пайзулла** – берекетли, пайызлы дәўран сүрсин деп қойылған исм.

**Палбек** – ата-анасының палдай мазалы баласы болсын деп қойылған исм.

**Палбийби, Палбийке** — палдай татлы, қымбатлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Палбосын, Палжан** — палдай шийрин, қәдирли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Палдана** – палдай шийрин ҳәм дана қыз болсын деп қойылған исм.

**Палзада** — тили шийрин, сөзге шешен қыз болсын деп қойылған исм.

**Палзийра** — 1) палдай татлы, қәдирли қыз болсын деп қойылған исм; 2) сөзге шешен, тили шийрин қыз болсын деп қойылған исм.

**Палзыя, Палқыз** – палдай шийрин қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Паллыбек** – палдай мазалы, қәдирли бала болсын деп қойылған исм.

**Палман** — ата-анасының сүйкимли, қәдирли перзенти болсын деп қойылған исм.

**Палмекен** – ата-анасына мазалы, шийрин қыз болсын деп қойылған исм.

**Палмийра** — палдай татлы, шийрин қыз болсын деп қойылған исм.

**Палмурат, Палназар, Палнияз** — палдай шийрин, сүйкимли, қәдирли бала болсын деп қойылған исмлер.

**Палсәнем** — 1) өмири палдай шийрин болсын деп қойылған исм; 2) ата-анасының сүйикли, сүйкимли, палдай мазалы қызы болсын деп қойылған исм.

**Палсулыў** — палдай шийрин, сүйкимли, қәдирли, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Палўанбай, Палўанбек** — қарыўлы, ғайратлы, палўан жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Палўаннияз** — 1) палўанлардай күшли, ғайратлы, қарыўлы жигит болсын деп қойылған исм; 2) ата-бабасы палўан болғаны ушын қойылған исм.

**Палхан, Палымхан** — палдай шийрин, сүйкимли, қәдирли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Палшекер** – ата-анасының палдай, шекердей қызы болып жүрсин деп қойылған исм.

**Палымбет** — палдай татлы, қәдирли ҳәм шийрин сөзли адам болсын деп қойылған исм.

**Памир** — Памир таўындай мәртебеси бийик инсан болсын деп қойылған исм.

**Панабай, Панабек, Панаберген** – ата-анасына пана, қорғаныш, тирек болсын деп қойылған исмлер.

**Парахат, Парахатдин** — 1) тыныш, парахат турмыс кеширсин деп қойылған исмлер; 2) елимизде тынышлық, парахатшылық болсын деп қойылған исмлер.

**Паршабийке** — паршадай жарқырап жүрсин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Паршагүл** – 1) паршадай жарқырап жүрсин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) парша таўары шығып атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) туўылған ўақтында жөргек табылмай, парша таўарға ораған ушын қойылған исм.

**Патпа, Патпабийке, Патпагүл, Патпахан** – Мухаммед пайғамбардың қызындай (Фатима) мәртебели қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Патшабийке, Патшагүл, Патшайым** – мәртебеси бийик қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Пахратдин** – 1) динниң мақтанышы болып жүрсин деп қойылған исм; 2) Өзбекстан халық ҳафизи Фахриддин Умаровтай (1924 – 2007) атақлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Пахтагүл** — 1) пахта терими ўақтында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) пахта ғаўашалары гүллеп атырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 3) пахта егиси ўақтында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Пәрўаз** — 1) мәртебеси бәлент, ел-халыққа үлгили қыз болсын деп қойылған исм; 2) 12 - Апрель — Космонавтлар күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Пәрўазхан** – жоқарыға бәлентлей берсин, өсе берсин деп қойылған исм.

**Пәтийма** – Мухаммед пайғамбардың қызындай (Фатима) мәртебели инсан болсын деп қойылған исм.

**Пердеәлий, Пердеғәлий** – пердели болып туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Пердебай** — 1) пердеси менен бирге туўылғаны ушын қойылған исм; 2) жети айлығында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Пердебийке** — пердели болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Пердегүл** – 1) пердели болып туўылғаны ушын қойылған исм; 2) анасы перде тигиўши болғаны ушын қойылған исм.

**Пердехан** — пердеси менен бирге туўылғаны ушын қойылған исм.

**Перибийби, Перибийке, Перигүл, Перижамал, Перийжамал** — перилердей шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Перийда** — 1) перилердей гөззал қыз болсын деп қойылған исм; 2) пердеси менен бирге туўылғаны ушын қойылған исм.

**Перийза, Перийзат** – 1) перилерге уқсаған сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) периштедей қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Периўза, Периўзахан** – перуза тастай сулыў, қатты, қәдирли болсын, жарқырап жүрсин деп қойылған исмлер.

**Перихан** — 1) жүрген жеринде периштелер жолдасы болсын деп қойылған исм; 2) перидей кеўили ақ болсын деп қойылған исм; 3) перидей аппақ болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Пийшенбай** — ҳәптениң төртинши күни (пийшемби) туўылғаны ушын қойылған исм.

**Пиллехан** – пилле бағыў мәўсиминде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Пирәлий, Пирбай, Пиржан, Пирибек, Пиримбай, Пиримбет, Пиримжан** — пирли, қәдирли болып жүрсин, пирлер яр болсын деп қойылған исмлер.

**Пиримжар** – пирлер жарылқап, бизге перзент берди деп қойылған исм.

**Пирияр** — пирлер яр болып, қоллап жүрсин деп қойылған исм.

**Пирландияр** – пирлер яр болсын, пирлерге уқсасын деп қойылған исм.

**Пирлепес** – пирлердиң көмеги, нәпеси, кәраматы менен туўылған бала деп қойылған исм.

**Пирназар** – 1) пирлердиң нәзери түсип жүрсин, палўан болсын деп қойылған исм; 2) Алланың нәзери түскен пирли, күшли жигит болсын деп қойылған исм.

**Пирнияз** – «пирлерден сорап, тилеп алған бала» деп қойылған исм.

**Полат** – 1) полаттай беккем, шыдамлы, қарыўлы жигит болсын деп қойылған исм; 2) әкеси темирши болғаны ушын қойылған исм.

**Полатбай, Полатбек, Полатжан** — полаттай беккем, шыдамлы, қарыўлы жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Пунктбай** – үйи пахта пунктиниң қасында болғаны ушын қойылған исм.

**Пушкин** – рус шайыры Александр Сергеевич Пушкинниң (1799 – 1837) хүрметине қойылған исм.

## Р

**Разақберген, Разақберди** — «Алла бизге перзент берди, инам етти» деп қойылған исмлер.

**Разия** — жағымлы, сүйкимли, кәлеўли қыз болсын деп қойылған исм.

**Райгүл** — 1) райхан гүлиндей жағымлы, сүйкимли, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) Мийнет қаҳарманы Райгүл Жумамуратоваға уқсаған мийнеткеш қыз болсын деп қойылған исм; 3) ата-анасы аразласып жүргенде туўылған, «райынан қайтсын» деп қойылған исм; 4) райшыл, кеўилшек қыз болсын деп қойылған исм; 5) аўырыў болып туўылған, «райына қараў керек» деп қойылған исм.

**Райхан** — райхан гүлиндей жағымлы, сүйкимли, сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Рақып** – кең пейил, сақый адам болсын деп қойылған исм.

**Рамазан** — рамазан (ораза) айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Раманқул** – Алла бизге ул бала берди деп қойылған исм.

**Рамберген, Рамберди** – *Рахманберген, Рахманберди* исмлериниң қысқарған формасы; «Алла бизге перзент берди» деп қойылған исмлер.

**Рамуза** – ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Рано** — 1) гүлдей сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) Өзбекстан халық артисти Раъно Шариповадай атақлы инсан болсын деп қойылған исм; 3) Өзбекстан халық артисти Ботир Закировтың (1936 – 1985) айтқан «Раъно» атлы қосығына байланыслы қойылған исм; 4) таңда (рус тилинде *рано утром*) туўылғаны ушын қойылған исм.

**Расберген** — 1) «Алла бизге шынтлап, раслап ул бала берди» деп қойылған исм; 2) 1-Апрель — Күлки күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Расул** — 1) «Пайғамбарлар бизге перзент инам етти» деп қойылған исм; 2) «ул баланы бергени рас болсын» деп қойылған исм; 3) авар шайыры Расул Гамзатовтай (1923 – 2003) атақлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Расулбай, Расулбек** – Алланың бизге ул бала бергени рас болсын деп қойылған исмлер.

**Расулла, Расулулла** – Пайғамбарлардай мәртебели, дәўлетли адам болсын деп қойылған исмлер.

**Расымбет** – Алла бизге раслап ул перзент берди деп қойылған исм.

**Раўаж, Раўажбай, Раўажбек** – 1) раўажлансын, изи көбейсин деп қойылған исмлер; 2) иси раўажынан, оңынан келип жүрсин деп қойылған исмлер; 3) әкесиниң ислери раўаж таўып, жүрисип кетсин деп қойылған исмлер; 4) нәренжан болып туўылған, «өсип-өнип кетсин» деген тилек пенен қойылған исмлер.

**Рахат** – 1) усы баланың рәҳәтин көрип жүрейик деп қойылған исм; 2) өмири қуўанышта, рәҳәтте өтсин деп қойылған исм.

**Рахийла** – пысық, шаққан қыз болсын деп қойылған исм.

**Рахийма** — мийрим-шәпәәтли, меҳрийбан, мүриўбетли инсан болсын деп қойылған исм.

**Рахимберген** – мийримли, қайырқом адам болсын деп қойылған исм.

**Рахимназар** – Алланың нәзери, меҳири түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Рахманберген, Рахманберди** — «Алла бизге перзент берди» деп қойылған исмлер.

**Рахмет** – «Аллаға миннетдармыз бизге перзент берди» деп қойылған исм.

**Рахметулла** – «Алла тааланың бизге берген мүриўбети, саўғасы» деп қойылған исм.

**Рашид** – мәмлекетлик ғайраткер Шараф Рашидовтай (1917 – 1983) елге белгили, мәртебели инсан болсын деп қойылған исм.

**Рая** – райынан қайтып, усы қыздан кейин ул бала берсин деген тилек пенен қойылған исм.

**Рәбийға** — ата-анасына жолдас, шерик болып жүрсин деп қойылған исм.

**Рәметулла** – «Алла тааланың бизге берген мүриўбети, саўғасы» деген мәниде қойылған исм.

**Рәмийза, Рәмиўза** – рамазан айында, оразада туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Рәўшан** — 1) көздиң қарашығындай қәдирли қыз болсын деп қойылған исм; 2) келешек өмири нурлы, жарқын, бахытлы болсын деп қойылған

исм; 3) «усы қыз маған көзиме нур болсын, көзимниң рәўшаны болсын, жетелеп жүрсин» деп кемпир апасы қойған исм; 4) бизлерди көздиң қарашығындай етип асырасын, көзимиздиң рәўшаны, нуры болсын деп қойылған исм; 5) үйимиздиң шамшырағы, рәўшаны болсын деп қойылған исм.

**Рәўшанай** — өмири нурлы, жарқын ҳәм айдай сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Рәҳәт** — ләззетли, рәҳәтли, тыныш, бахытлы өмир көрсин деп қойылған исм.

**Рейимбай, Рейимбек** — мийрим-шәпәәтли, меҳир-мүриўбетли адам болсын деп қойылған исмлер.

**Рейимберген, Рейимберди** — «Алла бизге ул бала берди, инам етти» деп қойылған исмлер.

**Рейимқул** – Алла бизге ул бала берди деп қойылған исм.

**Рейимназар** — Алланың нәзери, меҳири түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Рейимнияз**, **Рейимулла** – Алла бизге ул бала инам етти деп қойылған исмлер.

**Рейипназар** – Алланың нәзери, меҳири түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Рейипнияз** – Алла бизге перзент берди, инам етти деп қойылған исм.

**Ренат** — рус тилиндеги *революция, наука, труд* сөзлериниң қысқарыўынан жасалған исм.

**Рита** – белгили, таныҡлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ришат, Ришод** – 1) если, саналы, ақыллы жигит болсын деп қойылған исм; 2) туўры жол, әдалат ҳәм ҳақыйқат жолынан жүретуғын инсан болсын деп қойылған исм.

**Роза, Розагүл, Розахан** — 1) роза гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) ораза айында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Розымбай** – рамазан (ораза) айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Руслан** – 1) арысландай айбатлы, дәўжүрек жигит болсын деп қойылған исм; 2) рус шайыры А.С.Пушкинниң (1799 – 1837) «Руслан и Людмила» поэмасына байланыслы қойылған исм; 3) «Руслан» (Ан-124) самолётындай беккем, күшли болсын деп қойылған исм.

**Русланбай, Русланбек** – арысландай айбатлы, дәўжүрек, күшли жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Руўхыя** – 1) көз тиймесин, жаман көзлерден сақласын деп қойылған исм; 2) сүйкимли, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Руфат** – бокс бойынша жәҳән чемпионы Руфат Рискиевтей атақлы спортшы болсын деп қойылған исм.

**Рүстем, Рүстембай, Рүстембек** – парсы ҳәм тәжик шайыры Фирдаўсийдиң (940 – 1020 ямаса 1030) «Шахнама» дәстанындағы Рустамдай күшли, мәрт, батыр жигит болсын деп қойылған исмлер.

# С

**Саадат, Саадатхан** – мәртебеси бәлент, бахытлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Сабина** – қәдирли, сүйикли, меҳрийбан қыз болсын деп қойылған исм.

**Сабийра, Сабрина** – сабырлы, шыдамлы, тәртипли, тынық қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Сабыр** – 1) сабырлы, шыдамлы, қанаатшыл адам болсын деп қойылған исм; 2) академик Сабыр Камаловтай (1924 – 2009) илимпаз ҳәм жақсы инсан болсын деп қойылған исм.

**Сабырбай, Сабырбек, Сабыржан, Сабырқул** — 1) сабырлы, шыдамлы, төзимли адам болсын деп қойылған исмлер; 2) «сабыр етип күткен бала» деп қойылған исмлер.

**Сабыргүл, Сабырхан** — сабырлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Сағыйда** — бахытлы, рәҳәтли өмир сүрсин, ырысқы-несийбели қыз болсын деп қойылған исм.

**Сағынбай, Сағынбек** — ул балаға интизар болып, сағынып жүргенде туўылған балаға қойылған исмлер.

**Сағындық** — 1) узақ ўақыт интизар болып, сағынып жүргенде туўылған балаға қойылған исм; 2) «усы баладан кейин қыз болсын, қызды сағындық» деп қойылған исм.

**Садатдин** – бахыт-саадатлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Садық** — 1) ата-анасына садық дос ҳәм ҳадал, пәк бала болсын деп қойылған исм; 2) Қарақалпақстан халық шайыры, Өзбекстан халық жыршысы Садық Нурымбетовтай (1900 — 1972) атақлы адам болсын деп қойылған исм; 3) ел-халыққа садық, ҳадал инсан болсын деп қойылған исм.

**Садықбай, Садықбек** – 1) елине, халқына садық адам болсын деп қойылған исмлер; 2) ата-анасына садық бала болсын деп қойылған исмлер.

**Сайлаўбай, Сайлаўбек** — 1) халық депутатларын сайлаў күни туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) Өзбекстан Республикасы Президентин сайлаў күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Сайлаўбийке, Сайлаўгүл, Сайлаўхан** — халық депутатларын сайлаў күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Сайымбет** – ораза айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сайыпназар** – 1) Алланың нәзери, меҳири түсип жүрсин деп қойылған исм; 2) Алланың нәзери, меҳири түсиўи нәтийжесинде туўылған бала деп қойылған исм.

**Сақый, Сақыйбай, Сақыйбек** — қолы ашық, сақый, меҳрийбан, ғамхор адам болсын деп қойылған исмлер.

**Сақыйра** – сақый инсан болсын, ҳәммеге жақсылық етип жүрсин деп қойылған исм.

**Саламат** — 1) денсаўлығы беккем, мықлы, қарыўлы жигит болсын деп

қойылған исм; 2) саў-саламат туўылды деп қойылған исм; 3) аман қалсын, саў-саламат болып кетсин деп қойылған исм; 4) 2000-жыл — Саламат әўлад жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 5) 2014-жылы – Саламат бала жылы туўылғаны ушын қойылған исм.

**Саламатдин** — саў-саламат жүрсин деп қойылған исм.

**Саламатхан** — саў-саламат жүрсин, узақ жасасын деп қойылған исм.

**Салаўат** – 1) саламат болсын, узақ өмир көрсин деп қойылған исм; 2) саўлатлы, шырайлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Салаўатдин** — саў-саламат жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исм.

**Салтанат, Салтанатхан** — 1) салтанатлы өмир сүрсин, мәртебели, бахытлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) усы қыздан кейин бир азамат туўылсын деп қойылған исмлер; 3) Жаңа жыл байрамы қарсаңында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Салый, Салыйбай** – мийримли, қайырқом, ҳүжданлы, жақсы адам болсын деп қойылған исмлер.

**Салыйха** – меҳрийбан, баўырман, мийримли, диянатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Саматбай, Саматбек** – самат урыўының баласы болғаны ушын қойылған исмлер.

**Санабар** – саналы, ақыллы қыз болсын деп қойылған исм.

**Сансызбай** – бай, дәўлетли адам болсын деп қойылған исм.

**Сапарай** – сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сапарбай** – 1) сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) өмир жолы узақ болсын деп қойылған исм; 3) әкеси сапарға кетерден алдын туўылған, «сапарым бийқәтер болсын» деп қойылған исм; 4) анасы қыдырып баратырғанда босанғаны ушын қойылған исм; 5) әкеси сапардан келген ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сапарбек** — 1) сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) өмир жолы беккем, узақ ҳәм мол болсын деген тилек пенен қойылған исм; 3) әкеси сапарда жүргенде туўылған балаға қойылған исм; 4) анасы жолда баратырғанда босанғаны ушын қойылған исм.

**Сапарбийби, Сапарбийке** — сапар айында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Сапаргелди** — сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сапаргүл** — 1) сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) әкеси сапарда жүргенде туўылған қызға қойылған исм; 3) әкеси сапарға шығып баратырғанда туўылған қызға қойылған исм; 4) анасы Ташкентке қыдырып барғанда босанғаны ушын қойылған исм; 5) анасы қыдырып баратырғанда толғатып, жолда босанғаны ушын қойылған исм.

**Сапаргүлайым** – сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сапаржан** – сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сапармурат** — сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сапарназар** – сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сапарнияз** — сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сапархан** – 1) сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) анасы сапарда жүргенде босанғаны ушын қойылған исм.

**Сапарымбет** — сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сарабийби, Сарабийке, Сарагүл, Сарахан** — қызлардың ең жақсысы, ағласы, гөззалы болып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Саратан** – жазда (июльде) ыссы ўақытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сарқытбай** – шаңарақтағы соңғы перзент болғаны ушын қойылған исм.

**Сарыбай** — 1) сары бала болып туўылғаны ушын қойылған исм; 2) тымсалшы Сарыбай шайырдай (XIX әсирдиң екинши ярымы) белгили адам болсын деп қойылған исм.

**Сарыбек** – сары бала болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сарыбийке** – сары қыз болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сарыгүл** — 1) сары қыз болып туўылғаны ушын қойылған исм; 2) әкеси сары гүллерди жақсы көргени ушын қойылған исм; 3) сары гүллердей болып жайнап-жаснап жүрсин деп қойылған исм; 4) илимпаз ҳәм жазыўшы Сарыгүл Баҳадыровадай белгили адам болсын деп қойылған исм.

**Сарықул, Сарымбет** – сары бала болып туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Сарыхан** – сары қыз болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сатыпалды** – өзиниң баласын өзи сатып алғаны ушын қойылған исм.

**Саўлатбай, Саўлатбек** – сын-сымбатлы, саўлатлы жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Сафия** – таза, әдепли, ийбели қыз болсын деп қойылған исм.

**Сахара** – таңда (сәҳәрде) туўылғаны ушын қойылған исм.

**Саҳаўатдин** – саҳаўатлы, инсаплы, мүриўбетли инсан болсын деп қойылған исм.

**Саяҳат** — әкеси сапарда, саяҳатта жүргенде туўылған балаға қойылған исм.

**Сәбит, Сәбитбек** – мықлы, турақлы жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Сәлийма** – саламат жүрсин, өмири узақ болсын деп қойылған исм.

**Сәлменбай, Сәлменбек** – ержетсин, есейсин, үлкен болсын деп қойылған исмлер.

**Сәнемай, Сәнембийби, Сәнемгүл, Сәнемжан, Сәнемхан** — шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Сәнигүл** – қызлардың сулыўы, сәни болсын деп қойылған исм.

**Сәнкибай** – елге даңқы шықсын, сән болсын деп қойылған исм.

**Сәпиўра** — 1) ҳадал, пәк, таза қыз болсын деп қойылған исм; 2) сапар айында туўылғаны ушын қойылған исм; 3) Сәпиўра шайырдай (1892 – 1916) шайыр қыз болсын деп қойылған исм.

**Сәрбиназ, Сәрбиназхан** — 1) қәдди-қәўмети келискен, шырайлы, назлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) «Қырық қыз» дәстанындағы

Сәрбиназдай ақыллы, парасатлы, әдил, мәрт қыз болсын деп қойылған исмлер; 3) сәрўи талдай шақаланып, гүллеп раўажлансын деп қойылған исмлер.

**Сәрдар, Сәрдарбек** – 1) жигитлердиң сәрдары болып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) жетекши, жолбасшы, баслық болсын деп қойылған исмлер.

**Сәрсенбай, Сәрсенбек** — ҳәптениң үшинши күни (сәршемби) туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Сәрсенбийке, Сәрсенгүл** — ҳәптениң үшинши күни (сәршемби) туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Сәтбай, Сәтлимурат, Сәтмурат, Сәтназар, Сәтнияз, Сәтулла** — қутлы бала болсын, сәтли, бахытлы өмир сүрсин деп қойылған исмлер.

**Сәтлибийке, Сәтлигүл** – өмири сәтли, мазмунлы болсын, қутлы, ырысқы-несийбели қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Сәўирбек** – сәўирде (апрельде) туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сәўлегүл, Сәўлехан** — 1) күнниң нуры, сәўлеси түсип турған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) өмири нурлы, шадлы болсын деп қойылған исмлер; 3) адамларға сәўлеси түсип жүрсин деп қойылған исмлер.

**Сәҳәргүл** — таң сәҳәрде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сәҳибжамал** – 1) шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) усы қыздан кейин ул бала туўылсын деп қойылған исм.

**Сәҳибзада** – сулыў, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Света** — 1) өмир жолы светтей жақты, нурлы, айдын болсын деп қойылған исм; 2) аўылына электр тогы келген жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 3) электр тогы өшип-жанып турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм; 4) Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист Света Шыныкуловаға уқсаған белгили қосықшы болсын деп қойылған исм; 5) үйимизге жарықлық, нур алып келсин деп қойылған исм.

**Светлана** – жолы светтей жақты, ашық болсын деп қойылған исм.

**Севара** – жағымлы, сүйкимли, қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Сегизбай** – 1) шаңарақтағы сегизинши перзент болғаны ушын қойылған исм; 2) 8-мартта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сейилбек** – анасы сейил етип жүргенде толғатып, босанғаны ушын қойылған исм.

**Сейилхан** — 1) сейил, той-тамаша күни туўылғаны ушын қойылған исм; 2) анасы көшеде сейил етип, қыдырып жүргенде толғатып, босанғаны ушын қойылған исм.

**Сейтназар** – әўлийелердиң нәзеринен туўылған бала деп қойылған исм.

**Сексенбай** — 1) әкеси 80 жасқа келгенде туўылған балаға қойылған исм; 2) атасы 80 жасқа шыққанда туўылған балаға қойылған исм; 3) 1980-жылы туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сексенгүл** – кемпир апасы 80 жасқа шыққанда туўылған қызға қойылған исм.

**Серебийби, Серебийке, Серегүл, Серехан** — қызлардың ишинде сереленип жүрсин, әжайып қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Сийпатдин, Сийпулла** – қылыштай өткир, кескир жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Субханберген** – Алла бизге перзент берди, инам етти деп қойылған исм.

**Сулайман** — 1) Сулайман пайғамбардай мәртебели, уллы инсан болсын деп қойылған исм; 2) Сулайман патшадай (1495 — 1566) мәртебели, дәўлетли адам болсын деп қойылған исм.

**Султанбай, Султанбек** — 1) султанлардай дәўлетли, мәртебели жигит болсын, ел басқарсын деп қойылған исмлер; 2) жигитлердиң султаны болып жүрсин деп қойылған исмлер; 3) Султан Ўәйис баба яр болсын, қоллап жүрсин деп қойылған исмлер.

**Султанмурат** — жигитлердиң султаны болсын, мурат-мақсетине жетип жүрсин деп қойылған исм.

**Султанназар** — жигитлердиң султаны болсын деп қойылған исм.

**Султаннияз** — жигитлердиң султаны болсын деп қойылған исм.

**Сулыўбийби, Сулыўбийке, Сулыўгүл, Сулыўжан** — шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Сулыўхан** — 1) сулыўлардың сулыўы, ханы болсын деп қойылған исм; 2) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Сулыўхан Мәмбетовадай (1933 – 2001) елге белгили инсан болсын деп қойылған исм; 3) сулыў болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Сулыўшаш** – 1) шашлары шырайлы ҳәм узынлаў болып туўылғаны ушын қойылған исм; 2) шашлары узын, сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Суўпандияр** – Алла яр болып, қоллап жүрсин деп қойылған исм.

**Сүйеўбай, Сүйеўберген** – 1) Алла бизге сүйеў, тирек, таяныш берди деп қойылған исмлер; 2) ата-анасына, туўысқанларына көмекши, тирек, таяныш болсын деп қойылған исмлер.

**Сүйинбай, Сүйинбек, Сүйиндик** — перзентли болғанымызға шад болдық, қуўандық, кеўилимиз толды, сүйиндик деп қойылған исмлер.

**Сүйинбийке** – қызлы болғанымызға қуўандық, кеўлимиз толды, сүйиндик деп қойылған исм.

**Сүннетәлий, Сүннетбай, Сүннетбек, Сүннетулла** – Алланың қүдирети менен сүннетленгендей болып туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Сыдық, Сыдықбай, Сыдықбек** – туўры сөзли, ҳақыйқатшыл адам болсын деп қойылған исмлер.

**Сыдықназар** – Алланың нәзери түсип берилген бала деп қойылған исм.

**Сымбат** – сымбатлы, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Сырғабай, Сырғабек** — 1) қулағының төменги жағында сырға тағып қойғандай зыят ет өсип турғаны ушын қойылған исмлер; 2) усы баладан кейингиси қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Сырғабийби, Сырғабийке, Сырғагүл, Сырғахан** — 1) қулағында сырғадай шандық пенен туўылғаны ушын қойылған исмлер; 2) қулағының қасында сырғаға уқсаған меңи болғаны ушын қойылған исмлер; 3) қулағында шүйел болғаны ушын қойылған исмлер; 4) сырғадай сулыў, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 5) алтын сырғадай жалтырап жүрсин деп қойылған исмлер.

**Сырлыбай** – сырлы, сабырлы, шыдамлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Сырымбет** — сабырлы, шыдамлы, төзимли жигит болсын деп қойылған исм.

## Т

**Табынбай** – Аллаға сыйынып, табынып жүргенде туўылған балаға қойылған исм.

**Тағыберген, Тағынияз** – Алла бизге және перзент берди, инам етти деп қойылған исмлер.

**Тазабай, Тазабек** — 1) ҳақ кеўил, ҳүжданлы, пәк бала болсын деп қойылған исмлер; 2) Жаңа жыл байрамы қабатында туўылғаны ушын қойылған исмлер; 3) жаңа имаратқа көшип келген жылы туўылғаны ушын қойылған исмлер; 4) таза ырысқы-несийбе алып келсин деп қойылған исмлер; 5) өмирге жаңадан перзент келди деп қойылған исмлер.

**Тазабийби, Тазабийке** – 1) кеўили таза, азада қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) үйимизге таза ырысқы-несийбе алып келсин деп қойылған исмлер; 3) Жаңа жыл байрамы қабатында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Тазагүл** — 1) кеўили таза, гүлдей нәзик, сулыў, азада қыз болып жүрсин деп қойылған исм; 2) таза ырысқы-несийбе алып келсин деген тилек пенен қойылған исм; 3) таза ашылған гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 4) Жаңа жыл байрамы қабатында туўылғаны ушын қойылған исм; 5) жаңа имаратқа көшип барған жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 6) ай шыққан күни туўылғаны ушын қойылған исм; 7) 2001-жылы жаңа әсирде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Тазахан** — 1) кеўили таза, азада, тәртипли қыз болсын деп қойылған исм; 2) Жаңа жыл байрамы қарсаңында туўылғаны ушын қойылған исм; 3) жаңа имаратқа көшип барған жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 4) жолы таза, изиндегилерге өрнек болсын деп қойылған исм.

**Таймасбек** – гәпинен қайтпайтуғын, бир сөзли жигит болсын деп қойылған исм.

**Талант** – қәбилетли, талантлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Талўасбай, Талўасбек** – мақсетине ерисиўде талмасын, алдыға талпынсын деп қойылған исмлер.

**Тамара, Тамарахан** — 1) СССР халық артисти, ойыншы ҳәм қосықшы, балетмейстер Тамара ханумдай (Тамара Петросян, 1906 — 1991) атақлы

инсан болсын деп қойылған исмлер; 2) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Тамара Дошумовадай елге белгили инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Танабай** – күшли, мықлы, беккем жигит болсын деп қойылған исм.

**Таңаберген, Таңатар** — таң атып киятырған ўақытта туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Таңбай, Таңжарбай** — таң атып киятырған пайытта туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Таңсулыў** – таңда туўылғаны ушын қойылған исм.

**Таңсықбай** – әбден таңсық, қумар, ҳәўес болып көрген бала деп қойылған исм.

**Тасқынбай** – өмири тасқындай болып өтсин деп қойылған исм.

**Таслийма** – жаны тастай қатты, беккем қыз болсын, узақ жасасын деп қойылған исм.

**Тасполат** — жаны тас ҳәм полаттай беккем, мықлы, күшли жигит болсын, узақ жасасын деп қойылған исм.

**Тастайбек** – тастай қатты, беккем, мықлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Татлыбийби, Татлыбийке, Татлыгүл, Татлыхан** – татлы, шийрин, мазмунлы өмир көрсин деп қойылған исмлер.

**Татлымурат** — татлы, мазмунлы өмир кеширсин, мурат-мақсетине жетип жүрсин деп қойылған исм.

**Таўбай** – 1) мәртебеси таўдай бийик болсын деп қойылған исм; 2) қәдди таўлардай бийик болсын деп қойылған исм.

**Таўмурат, Таўназар** — мәртебеси таўдай бийик адам болсын, мурат-мақсетине жетип жүрсин деп қойылған исмлер.

**Таўыпалды** – усы баланы таўып алғаны ушын қойылған исм.

**Ташкентбай** — 1) Ташкент қаласында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) әкеси Ташкентте оқып жүргенде туўылған балаға қойылған исм; 3) Ташкентте оқысын деп қойылған исм; 4) әжағасы Ташкенттен келген күни туўылған балаға қойылған исм; 5) атасы менен кемпир апасы Ташкентте жүргенде туўылған балаға қойылған исм; 6) күн қатты ыссы болған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Ташкентгүл** – Ташкентте туўылғаны ушын қойылған исм.

**Тәжетдин** — 1) денесинде қандай да бир белги (қал) менен туўылғаны ушын қойылған исм; 2) тажы-тақтлы болсын деп қойылған исм.

**Тәжибай, Тәжибек** – денесиниң бир жеринде қал (тәж) болғаны ушын қойылған исмлер.

**Тәжибийби, Тәжибийке** — денесинде қандай да бир белги (қал) менен туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Тәжигүл** — 1) денесиниң бир жеринде қал (тәж) болғаны ушын қойылған исм; 2) патшаның тажындағы гүлдей сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Тәжиқал** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Тәжиқораз** – денесинде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Тәжимбет** – денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Тәжимурат** — 1) денесинде қандай да бир белги (қал) болғаны ушын қойылған исм; 2) мәртебеси бәлент болсын деп қойылған исм.

**Тәжинияз** – денесиниң бир жеринде қал болғаны ушын қойылған исм.

**Тәжихан** — денесинде қандай да бир белги (қал) болғаны ушын қойылған исм.

**Тәңирбай, Тәңирбек, Тәңиржан, Тәңирқул** – Тәңирим бизге перзент берди деп қойылған исмлер.

**Тәңирберген, Тәңирберди** — 1) Тәңирим бизге перзент берди, инам етти деп қойылған исмлер; 2) таң атқан ўақытта туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Тәрбия** – әдепли, тәрбиялы қыз болсын деп қойылған исм.

**Тәтлихан** – татлы, шийрин, мазмунлы өмир сүрсин деп қойылған исм.

**Тәўекел** – тәўекелши, әўметли жигит болсын деп қойылған исм.

**Тельман** – германиялы мәмлекетлик ғайраткер Эрнст Тельманның (1886 – 1944) ҳүрметине қойылған исм.

**Темирбай** — 1) темирдей мықлы, күшли, ғайратлы жигит болсын деп қойылған исм; 2) 18-июль – Темиршилер күни туўылғаны ушын қойылған исм; 3) атасы темирши болғаны ушын қойылған исм; 4) кемпир апасы түсинде усы баланы темир табаққа салып шомылдырғаны ушын қойылған исм.

**Темирбек** — темирдей беккем, мықлы, күшли болсын, узақ өмир сүрсин деп қойылған исм.

**Темиртас** – темир ҳәм тастай мықлы, беккем жигит болсын деп қойылған исм.

**Темирхан** – темирдей мықлы, күшли, ғайратлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Теңелбай** — 1) тезирек әкесине теңелсин, изин бассын деп қойылған исм; 2) ағаларына сүйеў болсын, соларға теңелсин деп қойылған исм; 3) қатарынан қалмасын, тең жүрсин деп қойылған исм; 4) халық пенен, ел менен тең болып жүрсин деп қойылған исм; 5) бир аяғы келте болып туўылған, «еки аяғы тең болып кетсин» деп қойылған исм.

**Теңизбай, Теңизбек** — 1) кеўили теңиздей кең болып, тасып жүрсин деп қойылған исмлер; 2) теңиздей шалқыған дәўлетли адам болсын деп қойылған исмлер.

**Тилеген** — Алладан тиленип, сораныл алған бала деп қойылған исм.

**Тилеклес** – ата-анасына, жақынларына тилеклес болып жүрсин деп қойылған исм.

**Тилемис** — «Алладан сорап, тилеп алған бала» деп қойылған исм.

**Тилепбай, Тилепбек** – Алладан тилеп алдық деп қойылған исмлер.

**Тилепберген, Тилепберди** — Алладан тилеп, әрман етип алған бала деп қойылған исмлер.

**Тилеўбай, Тилеўбек** – 1) тилеклеримизди орынлайтуғын бала болсын деп қойылған исмлер; 2) тилегимиз қабыл болып, перзентли болдық деп қойылған исм.

**Тилеўберген, Тилеўберди** – Алла бизге тилеген, әрман еткен баланы берди деп қойылған исмлер.

**Тилеўбийби, Тилеўбийке** – «Алладан тилеп алған қыз» деп қойылған исмлер.

**Тилеўжан, Тилеўимбет, Тилеўли** – Алла бизге перзент берди деп қойылған исмлер.

**Тилеўлес** – адамларға тилеклес болып жүрсин деп қойылған исм.

**Тилеўмурат** — тилегимиз, муратымыз қабыл болды, перзентли болдық деп қойылған исм.

**Тилеўназар, Тилеўнияз** — тилегимиз қабыл болып, Алла бизге ул бала берди деп қойылған исмлер.

**Тилеўхан** — 1) көп ул баладан кейин туўылған, «тилеп алған қыз» деп қойылған исм; 2) усы қыздан кейингиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Тиллабай** – 1) алтындай қәдирли, қымбатлы, әзийз адам болсын деп қойылған исм; 2) ақшаға бай болсын деп қойылған исм.

**Тиллабийби, Тиллабийке** – алтындай қәдирли, қымбатлы, әзийз қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Тиллагүл** – алтындай қәдирли, әзийз, сулыў қыз болсын деп қойылған исм

**Тиллахан** — 1) алтындай қәдирли, қымбатлы, әзийз қыз болсын деп қойылған исм; 2) қызлардың тилласы болып жүрсин деп қойылған исм; 3) ақшасы көп болсын деп қойылған исм.

**Тимур, Тимурбай, Тимурбек** – темирдей беккем, мықлы, шыдамлы жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Тоғайтөре** – 1) дайысының үйинде туўылғаны ушын қойылған исм; 2) тоғайдың төреси, баслығы болсын деп қойылған исм.

**Тойдаш** — үйинде той болған күни туўылған, «тойды ашты» деп қойылған исм.

**Тойдыгүл** – той көп болсын, күнимиз бәрқулла тойдай болсын деп қойылған исм.

**Тойдық, Тойдықхан** — 1) қызлар жетерли болды, қыздан тойдық, ендигиси ул бала болсын деп қойылған исмлер; 2) перзентлер жетерли болды, тойдық, қанаат қылдық деп қойылған исмлер; 3) үйинде той болған күни туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Тойлыбай** – той болған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Тойсулыў** – қызлар жетерли болды, тойдық деп қойылған исм.

**Тойымбет** – той болған күни туўылған балаға қойылған исм.

**Тоқжан** – ырысқы-несийбели ҳәм жандай әзийз бала болсын деп қойылған исм.

**Тоқсанбай** — 1) тоқсан жасқа шықсын деп қойылған исм; 2) атасы тоқсан жасқа шыққанда туўылған балаға қойылған исм.

**Тоқсулыў** – қызлар жетерли, ендигиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Тоқтабай** – 1) алдынғы перзентлери қайтыс бола берген, «усы бала жасасын, өлмесин, тоқтасын» деп қойылған исм; 2) болды енди, тоқтасын, соңғы перзент болсын деп қойылған исм.

**Тоқтабийби, Тоқтабийке** – 1) усы қыз жасасын, өлмесин, тоқтасын деп қойылған исмлер; 2) қызы көп болған, «ендигиси ул бала болсын» деп қойылған исмлер.

**Тоқтагүл** — 1) қызы көп болған, «ендигиси ул бала болсын» деген тилек пенен қойылған исм; 2) алдынғы перзентлери қайтыс бола берген, «усы қыз жасасын, өлмесин, тоқтасын» деген тилекте қойылған исм; 3) қызлардың соңы болсын, усы қыздан кейин тоқтасын деп қойылған исм; 4) перзентлери жеткиликли болғаны ушын, «енди болды, перзентлер тоқтасын» деп қойылған исм.

**Тоқтамурат** – тоқтасын, өлмесин, узақ өмир көрсин деп қойылған исм.

**Тоқтамыс** – тоқтасын, өлмесин, өмири узақ болсын деп қойылған исм.

**Тоқтанияз** – тоқтасын, өлмесин, узақ жасасын деп қойылған исм.

**Тоқтарбай** — 1) алдынғы перзентлери қайтыс бола берген, «енди усы бала жасап кетсин» деген тилек пенен қойылған исм; 2) перзентлер жетерли, тоқтасын деп қойылған исм.

**Тоқтаргүл** – қызлардың соңы болсын, усы қыздан кейин тоқтасын деп қойылған исм.

**Тоқтархан** – 1) усы қыз жасасын, өлмесин деп қойылған исм; 2) усы қыздан кейин ул бала болсын, қызлар жетерли болды, тоқтасын деп қойылған исм.

**Тоқтасын** — 1) алдынғы перзентлери шетней берген, «усы бала жасасын, өлмесин» деген тилек пенен қойылған исм; 2) ул баласы көп болған, «ендигиси қыз болсын» деп қойылған исм; 3) қыз тоқтасын, қызлардың кейини болсын деп қойылған исм; 4) «болды енди, перзентлер тоқтасын» деп қойылған исм.

**Тоқтахан** — 1) алдынғы перзентлери шетнеп қала берген, «усы қыз жасасын, өлмесин» деген тилек пенен қойылған исм; 2) қызы көп болған, «енди ул бала болсын» деп қойылған исм.

**Толғанай** — 1) ай дөңгелек болып толысып турған күни туўылғаны ушын қойылған исм; 2) толған айдай аппақ сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 3) үйимизди толтырып жүрсин деп қойылған исм; 4) айы толмай, 7 айда туўылғаны ушын қойылған исм; 5) өмири, барлық нәрсеси толған айдай пүтин болсын деп қойылған исм.

**Толғангүл** — 1) толған айдай сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) үйимиз перзентке толсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Толқынай** – 1) өмир жолында йошып, толқынланып жүрсин деп қойылған исм; 2) шаңарағымызды толтырып жүрсин деп қойылған исм.

**Толсынай** – айынан бурын жети айда туўылғаны ушын қойылған исм.

**Толыбай** — 1) үйимиз балаға толы болсын, изи толысып, көбейе берсин деген тилек пенен қойылған исм; 2) өмири қуўанышқа, шадлыққа, бахытқа толы болсын деп қойылған исм; 3) бай болсын, қалтасы пулға толып жүрсин деп қойылған исм; 4) бәрқулла кеўили толып, кемшилик көрмей, толып-тасып жүрсин деп қойылған исм; 5) жаңа имаратқа көшип барғанда туўылған, «үйимиз байлыққа толсын» деп қойылған исм; 6) ырысқы-несийбеси толы, дәўлетли жигит болсын деп қойылған исм; 7) елимиздиң зүрәәти толып таса берсин деп қойылған исм; 8) атасының изин бассын, толтырсын деп қойылған исм.

**Толыбек** – 1) «үйимиз балаға толы болсын» деген тилек пенен қойылған исм; 2) атасы қайтыс болған жылы туўылған, «атасының орнын толтырсын» деп қойылған исм.

**Тоңқатар** – қатты суўық болып, жер тоңлап турған пайытта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Тотыбийби, Тотыбийке, Тотыхан** – сөзге шебер, шешен қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Тотыгүл** – 1) тоты қустай ҳаўазы бәлент, жағымлы, сөзге шешен, тили шийрин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) перзентлери қайтыс бола бергени ушын, адамларға басқаша ерси еситилсин, таңлансын деп қойылған исм.

**Тотыя** – 1) сөзге шебер, шешен қыз болсын деп қойылған исм; 2) қәдирли, қымбатлы, ҳасыл қыз болсын деп қойылған исм.

**Төлебай, Төлебек** – 1) қайтыс болған перзентлердиң орнын толтырды, төледи деп қойылған исмлер; 2) төледе туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Төлеген** — 1) қайтыс болған перзентлердиң орнына берди, төледи деп қойылған исм; 2) «және ул бала берди, төледи» деп қойылған исм.

**Төлемис** — қайтыс болған перзентлердиң орнын толтырды, төледи деп қойылған исм.

**Төленияз** – Алла бизге перзент берди, төледи деп қойылған исм.

**Төлепбай, Төлепбек** – қайтыс болған перзентлердиң орнын төледи деп қойылған исмлер.

**Төлепберген** — 1) қайтыс болған перзентлердиң орнына берилген бала деп қойылған исм; 2) әкесиниң орнын бассын деп қойылған исм; 3) анасының орнын бассын деп қойылған исм; 4) Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Өзбекстан Қаҳарманы Төлепберген Қайыпбергеновтай (1929 — 2010) абырайлы адам болсын деп қойылған исм.

**Төлесин** – қайтыс болған перзентлердиң орнын төлесин, толтырсын деп қойылған исм.

**Төребай, Төребек, Төрежан** — 1) төрели, мәртебели адам болсын деп қойылған исмлер; 2) үйиниң үлкен баласы, төреси болғаны ушын қойылған исмлер.

**Төребийби, Төребийке, Төрегүл** – мәртебели, ардақлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Төремжар** – Аллам жарылқап, бизге перзент берди деп қойылған исм.

**Төремурат** — 1) үйиниң үлкен баласы, төреси болғаны ушын қойылған исм; 2) төрелик етип жүрсин, ел басқарсын деп қойылған исм; 3) төре жигит болсын, муратына жетип жүрсин деп қойылған исм.

**Төремырза** – мәртебели, абырайлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Төреназар, Төренияз, Төрехан** – төрели, мәртебели адам болсын деп қойылған исмлер.

**Төрткүлбай** — Төрткүл қаласында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Тумар, Тумаргүл, Тумархан** – көз тиймесин, тилден, көзден сақласын, ата-анасының тумары болып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Тумарис, Тумариса** — 1) массагетлер маликасы Тумаристей мәрт, баҳадыр қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) тумарлы туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Турабай** – турсын, жасасын деп қойылған исм.

**Турғанай** — өмир жасы узақ болсын деп қойылған исм.

**Турғанбай, Турғанбек** — алдынғы перзентлери қайтыс бола берген, «усы бала турсын, өмири узақ болсын» деген тилек пенен қойылған исмлер.

**Турғанбийби, Турғанбийке, Турғанхан** — алдынғы ул-қызлары шетней берген, «усы қыз турсын, жасасын» деген тилек пенен қойылған исмлер.

**Турғангүл** — алдынғы перзентлери қайтыс бола берген, «усы қызым турсын, көп жасасын» деген тилек пенен қойылған исм.

**Турдыбай, Турдыбек** – 1) алдынғы перзентлери көп жасамаған, «усы бала жасасын, турсын, узақ өмир сүрсин» деген тилек пенен қойылған исмлер; 2) шала туўылған, «турсын, жасасын» деп қойылған исмлер; 3) шаңарақтағы ең кишкене бала болған, «усы үйде турақлы жасасын» деп қойылған исмлер.

**Турдыбийби, Турдыбийке** – турсын, көп жасасын деп қойылған исмлер.

**Турдыгүл** — алдынғы перзентлери қайтыс болып қалған, «усы қызым аман болсын, көп жасасын» деген тилек пенен қойылған исм.

**Турдықул, Турдымәмбет** – турсын, жасасын, узақ өмир көрсин деп қойылған исмлер.

**Турдымурат** — 1) алдынғы перзентлери шетней берген, «енди усы балам турсын, өлмесин, өмири узақ болсын» деген тилек пенен қойылған исм; 2) турақлы, бир сөзли адам болсын деп қойылған исм.

**Турдымухаммед** – турсын, жасасын деп қойылған исм.

**Турдынияз** — алдынғы перзентлери қайтыс бола берген, «усы балам турсын, көп жасасын» деген тилек пенен қойылған исм.

**Турдыхан** – турсын, жасасын деп қойылған исм.

**Туржан, Турман, Турмәмбет, Турмухаммед** – мына балам турсын, узақ жасасын деп қойылған исмлер.

**Турсынай** — 1) алдынғы перзентлери көп жасамаған, «мына қызым аман болсын, турсын, көп жасасын» деген тилек пенен қойылған исм;

2) ай сыяқлы мәңги турсын, өмир жолы узақ болсын деп қойылған исм; 3) қызы көп болған, «усы қыздан кейин тоқтасын, турсын, ендигиси ул бала болсын» деген тилек пенен қойылған исм; 4) анасы усы қызды босанып атырғанда айды көргени ушын қойылған исм; 5) саў-аман турсын, айдай сулыў, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 6) шала туўылған, «турсын, жасасын» деп қойылған исм.

**Турсынбай** – 1) көп, узақ жасасын деп қойылған исм; 2) шала туўылған, «турсын, жасап кетсин» деп қойылған исм; 3) исми мәңги сақланып турсын деп қойылған исм.

**Турсынбақый** – өмири узақ болсын, мәңги турсын деп қойылған исм.

**Турсынбек, Турсынбет** — алдынғы ул-қызлары шетней берген, «мына баламыз турсын, жасасын, аман жүрсин» деген тилек пенен қойылған исмлер.

**Турсынбийби, Турсынбийке** – турсын, көп жасасын деп қойылған исмлер.

**Турсынгүл** – 1) алдынғы перзентлери көп турмай қайтыс бола берген, «усы қызым турсын, жасасын, саў болсын» деген тилек пенен қойылған исм; 2) әззи болып туўылған, «турсын, жасап кетсин» деп қойылған исм.

**Турсынмәмбет** – турсын, жасасын деп қойылған исм.

**Турсынмурат** — көп жасасын, турсын, муратына жетисип жүрсин деген тилек пенен қойылған исм.

**Турсынхан** – жаны аман болсын, көп жасасын деп қойылған исм.

**Турхожа** – жасасын, турсын деп қойылған исм.

**Турымбай, Турымбет** – турсын, көп жасасын деп қойылған исмлер.

**Туяқбай** – әкесинен қалған урпақ, мийрас болсын деп қойылған исм.

**Түбирбай** – түби бир болсын деп қойылған исм.

**Түркменбай** — 1) ата-анасы түркменлер менен қоңсы отырғаны ушын қойылған исм; 2) Түркменстанда туўылғаны ушын қойылған исм.

**Түўелбай, Түўелбек, Түўелберген** – 1) перзентлеримиз түўел болсын деген тилек пенен қойылған исмлер; 2) дәўлети, бахыты түўел болсын деп қойылған исмлер.

**Тынышлық** — елимиз тыныш болсын, парахат жасасын деген тилек пенен қойылған исм.

## У

**Уғылай, Уғылбийби, Уғылбийке, Уғылжан, Уғылхан** – усы қыздан кейин ул бала туўылсын деп қойылған исмлер.

**Узақбай** — 1) өмир жасы узақ болсын деген тилек пенен қойылған исм; 2) көп жылдан соң балалы болғаны ушын қойылған исм.

**Узақберген** — 1) «усы баланың өмир жасын узақ етип берсин» деп қойылған исм; 2) көп жылдан соң балалы болғаны ушын қойылған исм.

**Узақбийке, Узақгүл** – өмир жасы узақ болсын деп қойылған исмлер.

**Улбазар** — базар күни туўылғаны ушын ҳәм усы қыздан кейингиси ул бала болсын деген тилек пенен қойылған исм.

**Улбийби** − 1) бул қыздан кейингиси ул бала болсын деп қойылған исм; 2) ул балалардың бийкеси болып жүрсин деп қойылған исм; 3) ул баладай болып өссин деп қойылған исм.

**Улбийке** − бул қыздан кейингиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Улбина, Улбийра** – «усы қыздан кейин ул бала туўылсын» деген тилекте қойылған исмлер.

**Улбоған, Улболған** — 1) усы қыздан кейин ул бала болсын деп қойылған исмлер; 2) ул баладай мәрт, ғайратлы болсын деп қойылған исмлер.

**Улбосын, Улболсын** — 1) бул қыздан кейингиси ул бала болсын деген тилек пенен қойылған исмлер; 2) ул баладай ғайратлы, қарыўлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Улдай, Улдайгүл, Улдайхан** − 1) ендигиси ул бала болсын деп қойылған исмлер; 2) ул баланың орнын басатуғындай қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Улдана, Улданай** — 1) ендигиси ул бала болсын деп қойылған исмлер; 2) уллы ҳәм дана қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Улдәўлет** — 1) бул қыздан кейин ул бала туўылсын деген нийет пенен қойылған исм; 2) бахытлы, дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм.

**Улдийдар** − бул қыздан кейин ул баланы көриў несип етсин деп қойылған исм.

**Улжамал** — 1) бул қыздан кейинги перзент ул бала болсын деген үмитте қойылған исм; 2) шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Улжан, Улжанай** — бул қыздан кейин ул бала туўылсын деп қойылған исмлер.

**Улзада** — 1) ендигиси ул бала болсын деп қойылған исм; 2) мәртебели, уллы инсан болсын деп қойылған исм; 3) үш ул баладан кейин туўылғаны ушын қойылған исм; 4) улдан да зияда қыз болсын деп қойылған исм.

**Улзар** − усы қыздан кейингиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Улзәбийра** — бул қыздан кейин ул бала туўылсын деп қойылған исм.

**Улзийба, Улзийпа, Улзийра** — бул қыздан кейин ул бала туўылсын деп қойылған исмлер.

**Улзыят** − улдан да зыят болсын деп қойылған исм.

**Улқыз** − шаңарағымызда ул ҳәм қыз көп болсын деген нийет пенен қойылған исм.

**Улман** − ендигиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Улмәмбет** − 1) «Алла бизге ул бала берди, инам етти» деп қойылған исм; 2) Өзбекстанға хызмет көрсеткен мәденият хызметкери, Қарақалпақстан халық шайыры Улмәмбет Хожаназаровтай (1938 − 2021) абырайлы инсан болсын деп қойылған исм.

**Улмекен** — 1) анасы «ул болғай» деген нийетте жүргенде туўылған қызға қойылған исм; 2) бул қыздан кейингиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Улмийра** — ендигиси ул бала болғай деген нийетте қойылған исм.

**Улпери** − 1) «бул қыздан кейин ул перзентли болайық» деген тилек

пенен қойылған исм; 2) улдың орнына перийдей қыз берди деп қойылған исм.

**Улсара** — бул қыздан кейингиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Улсәнем** — бул қыздан кейин ул бала туўылсын деп қойылған исм.

**Улсулыў** — ендигиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Ултай** – бул қыздан кейингиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Ултуўған** — бул қыздан кейин ул бала туўылсын деп қойылған исм.

**Улуғбек** — 1) мәмлекетлик ғайраткер, алым, ағартыўшы Улуғбектей (1394 — 1449) атақлы инсан болсын деп қойылған исм; 2) мәртебели, уллы, белгили инсан болсын деп қойылған исм.

**Улхан** – усы қыздан кейингиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Улша, Улшагүл, Улшахан** — бул қыздан кейин ул бала туўылсын деген тилек пенен қойылған исмлер.

**Улшад** – усы қыздан кейингиси ул бала болсын деп қойылған исм.

**Умийда** — 1) ендигиси ул бала болсын деп үмит етип қойылған исм; 2) «биз үмит еткен қыз туўылды» деп қойылған исм.

**Урхия** — сүйкимли, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ушқынбай** – келешек өмири нурлы, жарқын болсын деп қойылған исм.

**Ушыға** – 1) қызлар жетерли болды, қызлардан ушындық деп қойылған исм; 2) сәўкелениң ушындағы гәўҳар тастай (ушығадай) қәдирли қыз болсын деп қойылған исм.

## Ү

**Үдербай** – ата-анасы бир жерден екинши жерге көшип жүргенде туўылған балаға қойылған исм.

**Үзийпа, Үзийпахан, Үзийра, Үзийрахан** – «қызлардың изи үзилсин, ендигиси ул бала болсын» деп қойылған исмлер.

**Үзилдик** — 1) алдынғы перзентлери қайтыс бола берген, «арасы үзилип қалсын» деп қойылған исм; 2) «қызлардың изи үзилсин, ендигиси ул бала болсын» деп қойылған исм; 3) перзентлери көп болған, «енди үзилис етемиз, тоқтадық, үзилдик» деп қойылған исм.

**Үзилхан** – 1) қызлардың кейини үзилсин, енди ул бала туўылсын деп қойылған исм; 2) «шаңарақтағы ең соңғы перзент, даўамы жоқ» деген мәниде қойылған исм.

**Үлпетбай** — 1) ата-анасына, әжаға ҳәм әжапаларына дос болып, қосылып, уласып, ерип жүрсин деп қойылған исм; 2) ҳәммеге дос болып жүрсин деп қойылған исм; 3) Нөкис районындағы *Үлпетшүңгил* деген жерде туўылғаны ушын қойылған исм.

**Үмитай** – 1) ендигиси ул бала болсын деп үмит етип қойылған исм; 2) «биз үмит еткен қыз туўылды» деп қойылған исм.

**Үмитбийке** — 1) бул қыздан кейингиси ул бала болсын деген үмитте қойылған исм; 2) «үмитимиз әмелге асты, қызлы болдық» деп қойылған исм.

**Үмитгүл** — 1) бул қыздан кейин ул бала туўылсын деген үмит пенен қойылған исм; 2) алдынғы перзентлери қайтыс бола берген, «усы қыз турсын, жасасын» деген үмит пенен қойылған исм; 3) «үмитимиз әмелге асты, қызлы болдық» деп қойылған исм.

**Үмитжан** — көп жыл үмит етип жүрип перзентли болғаны ушын қойылған исм.

**Үмитхан** — 1) ендигиси ул бала болсын деген үмит пенен қойылған исм; 2) көп жылдан кейин перзентли болған, «еле Алладан үмитим көп» деп қойылған исм; 3) усы қыздан кейин және қыз туўылсын деп қойылған исм.

**Үргенишбай** — 1) әкеси Үргениш қаласында сапарда жүргенде туўылған балаға қойылған исм; 2) Үргениш қаласында туўылғаны ушын қойылған исм; 3) үргин болып, қар жаўған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Үргинбай** – даўыл, үргин болған күни туўылғаны ушын қойылған исм.

**Үримгүл, Үримхан** — үрим-путағымыздың, әўладларымыздың шырайы, жүзи болғай деп қойылған исмлер.

**Үсен, Үсенбай** – жақсы, сулыў жигит болсын деп қойылған исмлер.

## Ў

**Ўәйисбай, Ўәйисбек, Ўәйисберген, Ўәйисхан** – Султан Ўәйис баба яр болсын, қоллап жүрсин деп қойылған исмлер.

**Ўәлий, Ўәлийбай, Ўәлийбек, Ўәлийберген, Ўәлийжан, Ўәлийхан** – 1) билгир, ақыллы адам болсын деп қойылған исмлер; 2) әўлийелер, пайғамбарлар яр болып, қоллап жүрсин деп қойылған исмлер.

## Х

**Халийпа** – абырайлы, мәртебели қыз болсын деп қойылған исм.

**Халила** – опадар, садық дос, меҳрийбан болсын деп қойылған исм.

**Халықбай** – елимиз абат, халқымыз бай болсын деп қойылған исм.

**Халықназар** — ел-халықтың нәзерине түсип жүрсин, алғысын алсын, халыққа белгили адам болсын деп қойылған исм.

**Ханбийби** – қызлардың сәрдары, сулыў ҳәм мәртебели қыз болып жүрсин деп қойылған исм.

**Ханзада** – хан қызларындай сулыў, ақыллы, мәртебели болсын деп қойылған исм.

**Ханзийба** – қызлардың сәрдары, сулыўы болып жүрсин деп қойылған исм.

**Ханзийра** – хан қызларындай мәртебели болсын деп қойылған исм.

**Ханийпа** – меҳрийбан, ғамхор, ҳүрметке ылайық инсан болсын деп қойылған исм.

**Ханкелди** – ел-халыққа абырайлы, мәртебели инсан болсын, ел басқарсын деп қойылған исм.

**Ханназар** – 1) Алланың нәзери түсип жүрсин деп қойылған исм; 2) Алланың мүриўбети, нәзери себепли туўылған бала деп қойылған исм.

**Ханнияз** – мәртебели жигит болсын деп қойылған исм.

**Хансулыў** — қызлардың сәрдары, гөззалы болып жүрсин, мәртебели қыз болсын деп қойылған исм.

**Хантемир** – 1) жолбасшы, баслық болсын деп қойылған исм; 2) мәртебели ҳәм темирдей беккем жигит болсын деп қойылған исм.

**Ханшабийке, Ханшагүл, Ханшайым** – қызлардың төреси, ханы болып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Ханымбийби, Ханымбийке, Ханымгүл, Ханымжан, Ханымзада, Ханымхан** – дәўлетли, мәртебели, сулыў қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Харуна** – бай ҳәм дәўлетли қыз болсын деп қойылған исм.

**Хатыйра** – 1) адамлардың ядында қалатуғын ҳүрметли, қәдирли инсан болсын деп қойылған исм; 2) 9 - Май – Еслеў ҳәм қәдирлеў күни туўылғаны ушын қойылған исм; 3) анасынан мийрас, естелик болып қалған қыз деп қойылған исм.

**Хатыйша** – Мухаммед пайғамбардың ҳаялындай (Ҳадича) мәртебели қыз болсын деп қойылған исм.

**Хожаахмед** — Ахмед Яссаўийдей (1103 — 1166) мәртебели, уллы инсан болсын деп қойылған исм.

**Хожабай** — 1) хожалардай мәртебели, уллы адам болсын деп қойылған исм; 2) хожа урыўының баласы болғаны ушын қойылған исм; 3) Хожелиде туўылғаны ушын қойылған исм; 4) хожайын болсын, бай болсын деп қойылған исм; 5) хожалығына байлық алып келетуғын дәўлетли жигит болсын деп қойылған исм.

**Хожабек** – хожа ҳәм беклердей ҳүрметке, итибарға ийе мәртебели адам болсын деп қойылған исм.

**Хожаберген, Хожаберди, Хожамберген, Хожамберди** — «Алла бизге перзент берди» деп қойылған исмлер.

**Хожалепес** — «Алланың қүдирети, нәпеси менен туўылған бала» деп қойылған исм.

**Хожамжар** – Алла жарылқап, бизге перзент берди деп қойылған исм.

**Хожамурат** — 1) «Алланың өзи мурат-мақсетимизге жеткерди» деп қойылған исм; 2) хожайын, баслық болсын деп қойылған исм; 3) урыўы хожа дайыларының қойған исми; 4) хожа жигит болсын деп қойылған исм.

**Хожаназар** — 1) «Алланың нәзеринен пайда болған бала» деп қойылған исм; 2) Алланың нәзери, меҳири түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Хожанияз** — «Алла бизге перзент инам етти» деп қойылған исм.

**Хошмурат** – жақсы, мақул бала болсын деп қойылған исм.

## Ҳ

**Ҳажыбай, Ҳажыбек, Ҳажыкелди** — атасы Каабаны зыярат етип келген күнлери туўылған балаға қойылған исмлер.

**Ҳақберген, Ҳақберди** – Ҳақ (Алла) бизге перзент берди, инам етти деп қойылған исмлер.

**Ҳақмурат** – Ҳақтың (Алланың) өзи мурат-мақсетимизге жеткерди деп қойылған исм.

**Ҳақназар** – 1) Ҳақтың (Алланың) нәзери, меҳири түсип, бизге перзент берди деп қойылған исм; 2) Ҳақтың (Алланың) нәзери, меҳири түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Ҳақнияз** – Ҳақ (Алла) бизге перзент инам етти деп қойылған исм.

**Ҳамдам** – әкесине жолдас, ес болып жүрсин деп қойылған исм.

**Ҳамза** – шайыр ҳәм драматург Ҳамза Ҳакимзада Ниязийдиң (1889 – 1929) ҳүрметине қойылған исм.

**Ҳасылбай, Ҳасылбек** — 1) ҳасыл, қәдирли перзент болсын деп қойылған исмлер; 2) жигитлердиң ҳасылы, қәдирли болып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Ҳасылберген, Ҳасылберди** – Аллам бизге перзент берди деп қойылған исмлер.

**Ҳасылбийби, Ҳасылбийке, Ҳасылгүл, Ҳасылжан, Ҳасылзат, Ҳасылхан** – ҳасыл, қәдирли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Ҳафийза** — оқымыслы, билимли, ақыллы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ҳәбипназар** — «Алланың нәзери, меҳири түсип, бизге перзент берди» деп қойылған исм; 2) Алланың нәзери, меҳири түсип жүрсин деп қойылған исм.

**Ҳәбипулла** — «Алла бизге перзент инам етти» деп қойылған исм.

**Ҳәкимбай, Ҳәкимбек, Ҳәкимберген, Ҳәкимжан, Ҳәкимқул, Ҳәкимназар, Ҳәкимнияз** – 1) баслық, жолбасшы, ҳәким болсын деп қойылған исмлер; 2) ақыллы, если, дана адам болсын деп қойылған исм.

**Ҳәмдулла** – әкесине көмекши болып жүрсин деп қойылған исм.

**Ҳәмийда** – мақтаўға ылайық, жақсы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ҳәмийдулла** – Алла бизге перзент берди, инам етти деп қойылған исм.

**Ҳәўесбай, Ҳәўесхан** — көп жыл ул балаға ҳәўес болып жүргенде туўылған балаға қойылған исмлер.

**Ҳәўесбийби, Ҳәўесбийке, Ҳәўесгүл** – көп жыл қызға ҳәўес болып жүргенде туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Ҳинжибийби, Инжибийби, Ҳинжибийке, Инжибийке** — ҳинжи-маржандай қәдирли, әзийз, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Ҳинжигүл, Инжигүл** — 1) ҳинжи-маржандай қәдирли, әзийз, гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) қолында үлкен қызыл қал менен туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Ҳинжихан, Инжихан** — ҳинжи-маржандай қәдирли, ҳасыл, әзийз, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ҳуснатдин, Уснатдин** – сулыў, шырайлы жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Ҳүрайрахан** – ҳүрлердей шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ҳүрбийби, Ҳүрбийке, Ҳүрбийхан** — шырайлы, жақсы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Ҳүржамал** — шырайлы, сымбатлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ҳүрзада** — 1) перилердей (ҳүрлердей) сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) қарақалпақ әдебиятының классиги Әжинияздың (1824 — 1878) қызы Ҳүрзаданың исмине байланыслы қойылған исм.

**Ҳүрзия** — 1) ҳүр, периштелердей гөззал қыз болсын деп қойылған исм; 2) шайыр, жазыўшы ҳәм драматург Мырзағәлий Дәрибаевтың (1909 — 1942) «Мыңлардың бири» повестиндеги Ҳүрзия кемпирге уқсаған ақыллы, парасатлы қыз болсын деп қойылған исм; 3) ақыллы, зыялы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ҳүрзияхан** – қызлардың ҳүри, гөззалы, перийзат қыз болсын деп қойылған исм.

**Ҳүрия** – сәҳибжамал, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Ҳүрлийха** — сулыў жүзли, сәҳибжамал қыз болсын деп қойылған исм.

**Ҳүрлиман** — 1) сулыў, гөззал қыз болсын деп қойылған исм; 2) қарақалпақ әдебиятының классиги Бердақтың (1827 — 1900) қызы Ҳүрлимандай (1861 — 1906) атақлы бақсы болсын деп қойылған исм; 3) периштели қыз болсын деп қойылған исм.

**Ҳүрмет, Ҳүрметбай, Ҳүрметбек, Ҳүрметулла** — ҳүрмет-иззетке ерисип жүрсин, абырайлы, қәдирли инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Ҳүрпатша, Ҳүрпашша** – ҳүрлердей шырайлы ҳәм мәртебели қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Ҳүршийда** – ҳүрлердей, перилердей гөззал қыз болсын деп қойылған исм.

## Ш

**Шадлықбай** – 1) үйимизге шадлық алып келди деп қойылған исм; 2) өмири шадлыққа толы болсын деп қойылған исм.

**Шадлымурат, Шадымурат** – 1) «шадлығымыз, әрманымыз болған бала» деген мәниде қойылған исмлер; 2) қуўанышлы, шадлы, бахытлы өмир кеширсин деп қойылған исмлер.

**Шадлыгүл, Шадлыхан** – өмиринде бәрқулла шадланып, қуўанып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Шадлыбай, Шадлыбек, Шадыбай, Шадыбек** – шадланып, қуўанып жүрсин деп қойылған исмлер.

**Шадыгүл** — өмири қуўанышқа, шадлыққа толы болып жүрсин деп қойылған исм.

**Шадыяр** – 1) үйимизге шадлық алып келди деп қойылған исм; 2) шадлық яр болсын деп қойылған исм.

**Шайдагүл** – 1) ҳәммениң ҳәўеси келип, усы қыздың шырайына, ийбе ҳәм назына шайда болып жүрсин деп қойылған исм; 2) гүллер шайдасы болсын деп қойылған исм; 3) 8-мартта туўылғаны ушын қойылған исм.

**Шайдахан** — 1) адамлардың ҳәўеси келетуғын қыз болсын, ҳәмме оған шайда болып жүрсин деп қойылған исм; 2) «Шайдахан» деген қосыққа байланыслы қойылған исм.

**Шайықислам** – дәўлетли, мәртебели инсан болсын деп қойылған исм.

**Шайықназар** – шайықтың (әўлийе) мүриўбети, нәзери менен туўылған бала деп қойылған исм.

**Шайыра** – шайыр қыз болсын деп қойылған исм.

**Шамсия** – нурлы, меҳрийбан қыз болсын деп қойылған исм.

**Шамшырақ** – бахыты нурға толсын, ата-анасын жақтылыққа жетеклеп жүрсин деп қойылған исм.

**Шарапат, Шарапатдин, Шарапбай** – 1) меҳир-мүриўбетли, шарапатлы, абырайлы, қәдирли инсан болсын деп қойылған исмлер; 2) адамларға пайдасы, шарапаты тийип жүрсин деп қойылған исмлер; 3) ата-анасына шарапатлы бала болсын деп қойылған исмлер.

**Шаргүл** – шарға уқсаған домалақ гүлге арнап қойылған исм.

**Шаржаўбай** – 1) Шаржаў қаласында туўылғаны ушын қойылған исм; 2) Шаржаў – Қоңырат – Бейнеў темир жоллары иске қосылған жылы туўылғаны ушын қойылған исм; 3) әжағасы Шаржаў қаласында армияда хызмет еткени ушын қойылған исм.

**Шарийпа** – жолы шардай жеңил болсын, қыйыншылық көрмесин деп қойылған исм.

**Шаршаған** – шаңарақта қыз көп болғаны ушын, «қыздан шаршадық» деп қойылған исм.

**Шаўдырбай** — түркменстанлы адам қойған исм.

**Шахзада** – 1) абырайлы, мәртебели қыз болсын деп қойылған исм; 2) үш ул баладан кейин туўылғаны ушын қойылған исм; 3) туўылғанда маңлайында шаққа, мүйизге уқсаған жара болғаны ушын қойылған исм; 4) қызлардың сулыўы болсын деп қойылған исм.

**Шахислам** – дәўлетли, мәртебели адам болсын деп қойылған исм.

**Шахло** – 1) көзлери қара, үлкен, сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 2) келешеги жарқын, бахытлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Шахмардан** – дәўлетли, мәртебели, мәрт, ержүрек жигит болсын деп қойылған исм.

**Шахназа, Шахназабану** – қызлардың патшасы, алды болсын деп қойылған исмлер.

**Шахрийзада** – 1) малика, ханым болсын деп қойылған исм; 2) «Мың бир түн» ертегиндеги Шахризадаға уқсаған ақыллы, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Шахсәнем** — 1) сәнемлердиң, сулыўлардың патшасы, сәрдары болсын деп қойылған исм; 2) «Ғәрип-ашық» дәстанындағы Шахсәнемге уқсаған ақыллы, сулыў, мухаббатына садық қыз болсын деп қойылған исм; 3) төрт ул баладан кейин туўылғаны ушын қойылған исм.

**Шахсултан** – шахлардай, султанлардай мәртебели жигит болсын деп қойылған исм.

**Шашлыбийке, Шашлыгүл** – шашлары узын, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Шәменай** – Шоманай районында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Шәменгүл** – 1) жүзи бағдағы гүллердей жадырап, ашылып жүрсин, шырайлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) Шоманай районында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Шәмшетдин** – «динниң қуяшы, нуры, жақтысы» деген мәниде қойылған исм.

**Шәмшийра** – қылыштай өткир, беккем қыз болсын деп қойылған исм.

**Шәрибай** – пердели (шарлы) болып туўылғаны ушын қойылған исм.

**Шәригүл** – жан-жағы гүллерге бөленип жүрсин деп қойылған исм.

**Шәриийпа** – атақлы, ҳүрметли, абырайлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Шәрипбай, Шәрипбек** – абырайлы, ҳүрметли, әзийз адам болсын деп қойылған исмлер.

**Шәрияр** – 1) «Шәрияр» дәстанындағы Шәриярдай батыр, дәўжүрек жигит болсын, исми тиллерде дәстан болып жүрсин деп қойылған исм; 2) ата-анасы Нөкис қаласына көшип келген жылы туўылған, «шәҳәр яр болсын» деп қойылған исм.

**Шәҳәргүл** – Ташкент қаласында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Шебергүл, Шеберхан** – қолы гүл, шебер қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Шекергүл, Шекержан, Шекерхан** – 1) шийрин, жағымлы, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) ата-анасының шийрин, мазалы қызы болып жүрсин деп қойылған исмлер; 3) өмири шекердей мазалы болсын деп қойылған исмлер.

**Шербай, Шербек, Шержан, Шеримбет, Шерназар, Шернияз** – арыслandaй (шердей) айбатлы, күшли, батыр жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Шийрин** – 1) тили шийрин болсын, адамларға жақсы сөз айтып жүрсин деп қойылған исм; 2) әзийз, сүйкимли, жағымлы қыз болсын деп қойылған исм.

**Шийрина, Шийринай** – 1) жағымлы, сүйкимли, қәдирли, әзийз қыз болсын деп қойылған исмлер; 2) сөзге шешен, хош ҳаўаз қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Шийринбийби, Шийринбийке** – 1) шийрин, татлы өмир сүрсин деп қойылған исмлер; 2) шийрин сөзли, жағымлы, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Шийрингүл** – 1) шийрин сөзли, ашық минезли, жағымлы, сүйкимли, әзийз қыз болсын деп қойылған исм; 2) татлы, шийрин өмир сүрсин деп қойылған исм; 3) гүлдей нәзик, жағымлы, сүйкимли, сулыў қыз болсын деп қойылған исм; 4) «ата-анасының шийрин, әзийз қызы» деп қойылған исм.

**Шийринжан** – өмири шийрин, татлы болсын деп қойылған исм.

**Шийринхан** – 1) сөзлери шийрин, жағымлы, сүйкимли, қәдирли қыз

болсын деп қойылған исм; 2) өмири шийрин, татлы болсын деп қойылған исм.

**Шоланбай** – шоланда туўылғаны ушын қойылған исм.

**Шолпан** – 1) таңғы жарық жулдыз Шолпандай жүзи жарқырап жүрсин, өмири нурлы, көркем, жарқын болсын деп қойылған исм; 2) таңда туўылғаны ушын қойылған исм.

**Шолпанай** — Шолпан жулдызындай ҳәм айдай жарқыраған сулыў қыз болсын деп қойылған исм.

**Шолпангүл, Шолпанхан** – Шолпан жулдызындай жүзи жарқырап жүрсин, өмири нурлы, жарқын болсын деп қойылған исмлер.

**Шоманай** – Шоманай районында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Шүкирәлий** – «Қудайға шүкир, перзентли болдық» деп қойылған исм.

**Шүкирбай, Шүкирбек** – 1) көп қыздан кейин туўылған, «шүкирлик еттик» деп қойылған исмлер; 2) «Қудайға шүкир, перзентли болдық» деп қойылған исмлер.

**Шүкиржан** – 1) «Қудайға шүкир, есен-аман туўылды» деп қойылған исм; 2) Аллаға шүкир, перзентли болдық деп қойылған исм.

**Шүкирулла** – Аллаға шүкир, бизге перзент берди деп қойылған исм.

**Шымбай** – Шымбай районында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Шынара, Шынарай, Шынарбийке, Шынаржан** – өмири шынардай узақ болсын деп қойылған исмлер.

**Шынаргүл, Шынархан** — 1) шынардай көп жасасын, беккем болсын деп қойылған исмлер; 2) шынардай узын бойлы, саўлатлы, шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер; 3) шала болып туўылған, «усы қызды шыны менен берсин» деп қойылған исмлер.

**Шынберген, Шынберди** – «Алла таала бизге усы баланы шыны менен, рас етип берген болсын» деп қойылған исмлер.

**Шынназар** – Алланың нәзери түсип, бизге шыны менен перзент берди деп қойылған исм.

**Шынполат** – полаттай беккем, мықлы, шыдамлы жигит болсын деп қойылған исм.

**Шынтемир** – темирдей мықлы, беккем жигит болсын деп қойылған исм.

**Шыныбай** – 1) усы баланы шыны менен берген болсын деп қойылған исм; 2) Шымбай районында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Шыныбек** – ҳақыйқый, шыны менен берген бала болсын деп қойылған исм.

**Шыныбийке, Шынызада** – Аллам усы қызды расы, шыны менен берген болсын деп қойылған исмлер.

**Шыныгүл** – 1) шыны гүлдей сулыў, сүйкимли қыз болсын деп қойылған исм; 2) шала туўылған, «усы қызды шыны менен берген болсын» деп қойылған исм; 3) ҳақгөй, расгөй инсан болсын деп қойылған исм.

**Шынықул** – Алла бизге шыны менен перзент берди деп қойылған исм.

**Шыңғыс, Шыңғысбай** — қырғыз жазыўшысы Шыңғыс Айтматовтай (1928 — 2008) атақлы, мәртебели инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Шыңғысхан** – моңғоллар ханы ҳәм әскербасы Шыңғысхандай (1155 — 1227-жыллар аралығы) атақлы адам болсын деп қойылған исм.

**Шырайбийке, Шырайгүл, Шырайхан** – гүлдей шырайлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

## Ы

**Ығбалбийби, Ығбалбийке, Ығбалгүл, Ығбалжан, Ығбалхан** – бахытлы, ығбалы жетик қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Ықлас, Ықласбай, Ықласбек** — 1) усы баланың туўылыўын ықлас пенен күткени ушын қойылған исмлер; 2) ҳәммениң ықласын тартатуғын, адамлар ҳәўес ететуғын жигит болсын деп қойылған исмлер; 3) ықласлы, әдепли болсын деп қойылған исмлер; 4) ата-анасына ықласлы болсын деп қойылған исмлер.

**Ықласгүл** – 1) усы қыздың туўылыўын ықлас пенен күткени ушын қойылған исм; 2) адамлар ҳәўес ететуғын қыз болсын деп қойылған исм.

**Ықтыяр** – 1) ерки өзинде, еркин, азат адам болсын деп қойылған исм; 2) ата-анасы өз ықтыярлары менен турмыс қурғаны ушын қойылған исм.

**Ырзагүл** – Қудайдың усы қызды бергенине ырзаман деп қойылған исм.

**Ырзамурат** – ата-анасы баласынан ырза болып жүрсин деп қойылған исм.

**Ырысатдин, Ырысбай, Ырысбек** – ырысқы-несийбели, әўметли адам болсын деп қойылған исмлер.

**Ырысбийби, Ырысбийке** — ырысқы-несийбели, дәўлетли, қутлы, бахытлы қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Ырысгүл** — 1) несийбели, дәўлетли, бахытлы қыз болсын деп қойылған исм; 2) биринши перзенти болғаны ушын, «ырыстың басланыўы болсын» деген тилек пенен қойылған исм; 3) шаңарағымызға ырысқы-несийбе алып келсин деп қойылған исм.

**Ырысдәўлет** – ырысқы-несийбели ҳәм дәўлетли адам болсын деп қойылған исм.

**Ырысжан** — несийбеси пүтин, жандай әзийз қыз болсын деп қойылған исм.

**Ырыслыхан, Ырысхан** – ырысқы-несийбеси мол, мәртебели қыз болсын деп қойылған исмлер.

**Ырысназар** — ырысқы-несийбели, дәўлетли, мәртебели жигит болсын деп қойылған исм.

**Ысақ, Ысақбай, Ысақбек, Ысақжан** – 1) Ийса пайғамбардай мәртебели адам болсын деп қойылған исмлер; 2) Ийса пайғамбардың мүриўбети, нәзери түскен жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Ысақберген, Ысақберди** – Ийса пайғамбар бизге перзент берди, инам етти деп қойылған исмлер.

## Э

**Эльбрус** — Эльбрус таўындай мәртебеси бийик, уллы инсан болсын деп қойылған исм.

## Ю

**Юнус, Юнусбай, Юнусбек** – 1) Юнус пайғамбардай мәртебели, үлкен инсан болсын деп қойылған исмлер; 2) Ташкент қаласындағы Юнусабад районында туўылғаны ушын қойылған исмлер.

**Юрий** – биринши космонавт Юрий Гагаринниң (1934–1968) ҳүрметине қойылған исм.

**Юрмала** – әкеси Юрмала қаласында (Латвия Республикасы) командировкада жүргенде туўылған балаға қойылған исм.

**Юсуп, Юсупатдин, Юсупбай, Юсупбек** – 1) Юсуп пайғамбардай мәртебели, үлкен инсан болсын деген тилек пенен қойылған исмлер; 2) Юсуп пайғамбардай сулыў жигит болсын деп қойылған исмлер.

**Юсупберген, Юсупберди** — Юсуп пайғамбар бизге перзент берди, инам етти деп қойылған исмлер.

## Я

**Яқыпбай, Яқыпбек, Яқыпжан** — Яқып пайғамбардай мәртебели инсан болсын деп қойылған исмлер.

**Яқыпберген, Яқыпберди** — Яқып пайғамбар бизге перзент берди, инам етти деп қойылған исмлер.

**Ярмухаммед** – Мухаммед пайғамбар яр болсын, қоллап жүрсин деп қойылған исм.

**Ярослав** – Россияның Ярославль қаласында туўылғаны ушын қойылған исм.

**Ясийна** – Қуранның «Йасин» сүреси атына қойылған исм.

**Яхыя** – Яхыя пайғамбардай мәртебели инсан болсын деп қойылған исм.

**Қуралбай ПАХРАТДИНОВ, Дилфуза ЕРЖАНОВА**

# ҚАРАҚАЛПАҚ АДАМ АТЛАРЫНЫҢ ТҮСИНДИРМЕ СӨЗЛИГИ

Қарақалпақ тилинде
«Qaraqalpaqstan» баспасы
Нөкис — 2022

Редакторы *Г. Пирназарова*
Операторы *А. Жаримбетов*

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 26.12.2022
Қағаз форматы 60x84 1/16. Офсет усылында басылды.
Гарнитурасы — «Times». Көлеми 11,75 б/т., 9,87 шәртли б/т.,
10,08 есап б/т. Жәми 400 нусқада. Баҳасы шәртнама бойынша.
Буйыртпа №44.

**Лицензия Al №114.**

«Qaraqalpaqstan» баспасы: 230100,
Нөкис қаласы, И.Каримов гүзары, 109.

«Qaraqalpaqstan» баспасында басылды.